**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

***Qol jazba huqi’qi’nda***

**AMETOV AXMET**

# Ruwxi’yli’q ha’m siyasat, wolardi’n’ wo’z-ara baylani’slari’

5A111601 – Ruwxi’yli’q tiykarlari’

**Magistr**
**akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n**
**jazi’lg’an dissertaciya**

**Ilimiy basshi’:**
**f.i.k. A.Muratbaeva**

**No’kis – 2015**

**MAZMUNI’**

**Kirisiw……………………………….…………………………….. 3-bet**

**I-bap. Ruwxi’yli’q ja’miyet rawaji’ni’n’ kepili si’pati’nda**

1.1. Ja’miyet ruwxi’yli’g’i’n qa’liplestiriwshi ha’m ani’qlawshi’ faktorlar…………………………………………………………........... 9-bet

1.2. Joqari’ ruwxi’yli’qti’ qa’liplestiriw ma’mleketimiz siyasati’ni’n’ u’stin bag’dari’ ……………………………………………………............ 15-bet

**I bap** boyi’nsha juwmaq…………………….................................... 23-bet

**II-bap. Siyasatti’n’ ruwxi’y-a’dep-ikramli’li’q negizleri**

2.1. Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’q ………………………………… 24-bet

2.2. Liberal-demokratiyani’n’ ruwxi’y negizleri ………………….... 30-bet

2.3. Ku’shli socialli’q siyasat - ja’miyet ruwxi’yli’g’i’ni’n’ ko’rinisi .. 39-bet

**II bap** boyi’nsha juwmaq……………………................................... 48-bet

**III-bap. A’dalat siyasatti’n’ ruwxi’y wo’lshemi si’pati’nda**

3.1 A’dalat – ruwxi’y qa’diriyat …………………………………..... 50-bet

3.2. O’zbekistan – demokratiya ha’m socialli’q a’dalat ja’miyeti …..... 58-bet

**III bap** boyi’nsha juwmaq……………………................................... 68-bet

**Juwmaq……..………………………………………………….. 69-bet**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi…………………………....... 73-bet**

**Qosi’mshalar ……………………………………………………….. 77-bet**

# Kirisiw

**Temani’n’ aktualli’g’i’.** G’a’rezsizlik sebepli ja’miyet turmi’si’ni’n’ a’ste-aqi’ri’n yerkinlesip bari’wi’ na’tiyjesinde a’dalatli’ rejim wornati’li’p, turaqli’ rawajlani’w imkaniyati’ tuwi’ldi’. Bul process siyasattan baslap ruwxi’yli’qqa shekem, miynet mu’na’sibetlerinen baslap ma’mleketti basqari’wg’a shekemgi bolg’an barli’q tarawlarda a’dalatti’ wornati’w ma’selelerin qamti’p aladi’.

Hesh kimge si’r yemes, buri’ng’i’ awqam qurami’nda O’zbekistan wo’z potenciali’ ha’m xalqi’ni’n’ turmi’s da’rejesi boyi’nsha yen’ qalaq respublikalar-di’n’ biri boldi’. Bu’gingi ku’nge kelip, demokratiyali’q jan’alani’w ha’m rawaj-lani’w joli’nan qatan’ tu’rde bati’l qa’demler menen barati’rg’an, ku’sh-qu’direti barg’an sayi’n arti’p, zamanago’y ko’p tarmaqli’ ekonomikag’a iye bolg’an, wo’z xalqi’ni’n’ pa’rawanli’g’i’n artti’ri’wg’a qa’biletli ma’mleketke aylandi’.

Yelimiz turmi’si’nda ju’z berip ati’rg’an ekonomikali’q, siyasiy, huqi’qi’y, socialli’q wo’zgerisler, a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalardan go’zlengen maqset adamlarg’a mu’na’sip turmi’s sha’rayatlari’n jarati’w boli’p tabi’ladi’. Rawajlani’w joli’mi’z da, socialli’q tarawlarda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ko’plegen isler de, qabi’l yetilip ati’rg’an ni’zamlar, qararlar, ko’rsetpelerdin’ aqi’rg’i’ na’tiyjesi de insan ma’plerine qarati’lg’anli’g’i’ ja’miyetimizdin’ insanpa’rwar xarakteri menen baylani’sli’. Ma’mleketimizdin’ socialli’q bag’dardag’i’ reformalar joli’nan qatan’ barati’rg’anli’g’i’ tikkeley tu’rde adamlar ma’plerin go’zlewinin’ jarqi’n da’lili. Bul izshil siyasat boli’p tabi’ladi’.

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti Islam Karimovti’n’ «A’sirler dawa-mi’nda xalqi’mi’zdi’n’ joqari’ ma’nawiyat, a’dalatpa’rwarli’q, ma’ripatsu’ygishlik kibi iygi pazi’yletleri Shi’g’i’s filosofiyasi’ ha’m islam dini ta’liymati’ menen u’zliksiz ra’wishte rawajlandi’. Bizin’ keleshegi ulli’ ma’mleketimiz usi’ filosofiyag’a uyg’i’n halda qa’liplespekte. Jan’adan quri’li’p ati’rg’an ja’miyeti-mizdin’ socialli’q-ma’nawiy tiykarlari’n belgilewde joqari’dag’i’ ideyalarg’a su’yensek qa’te bolmaydi’» degen pikirlerinde O’zbekistanni’n’ keleshegi ushi’n ma’nawiy tiykarlar man’i’zli’ wori’n iyeleytug’i’nli’g’i’ ani’q ko’rsetilgen.

Ha’r qanday ja’miyettin’ progresi ma’mleketlik ha’kimiyat tarepinen ali’p bari’li’p ati’rg’an siyasatti’n’ ma’nawiyat penen uyg’i’nli’g’i’ da’rejesinen tikkeley g’a’rezli bolatug’i’nli’g’i’ bu’gingi ku’nde ta’n ali’ng’an haqi’yqat. Usi’g’an qaramastan, yelimiz social-gumanitar ilimleri tarawi’nda siyasatti’n’ ma’nawiyat penen uyg’i’nli’g’i’ni’n’ ilimiy-teoriyali’q tiykarlari’, insanpa’rwar siyasat ko’rinisi si’pati’nda ku’shli socialli’q siyasatti’n’ ma’nis-mazmuni’ arnawli’ izertlew ob’ekti bolg’ani’ joq. Bul bizin’ jumi’si’mi’z temasi’ni’n’ aktualli’g’i’n belgilep beredi.

**Izertlew ob’ekti.** Siyasat ha’m ma’nawiyatti’n’, a’dep-ikramli’li’qti’n’ wo’z-ara organikali’q baylani’si’, ma’mleketimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ku’shli socialli’q siyasat izertlewimizdin’ tiykarg’i’ ob’ektin quraydi’.

**Izertlew predmeti.** Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’qti’n’ uli’wmali’q ha’m pari’qli’ ta’repleri, wo’z-ara ta’sirleri, zamanago’y liberal-demokratiyani’n’ ruwxi’y, huqi’qi’y negizleri, ma’mleketimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ku’shli socialli’q siyasatti’n’ a’dalatpa’rwar mazmuni’, bag’darlari’ ha’m a’hmiyeti izertlewimizdin’ tiykarg’i’ predmetin quraydi’ .

**Izertlewdin’ maqseti.** Ma’mleketlik ha’kimiyat ta’repinen a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an siyasatti’n’ ruwxi’yli’q ha’m a’dep-ikramli’li’q penen uyg’i’nli’g’i’ni’n’ ilimiy-teoriyali’q, a’meliy aspektlerin, bul uyg’i’nli’qti’n’ a’dalat principlerine tiykarlang’an socialli’q siyasattag’i’ ko’rinislerin insanni’n’, ja’miyettin’ pa’rawanli’g’i’n ta’miyinlewdegi, sonday-aq azat ha’m abat Watan, yerkin ha’m pa’rawan turmi’s quri’w joli’nda adamlari’mi’zdi’n’ imkaniyatlari’ ha’m potenciali’n birlestiriwde, adamlardi’n’ socialli’q belsendiligin artti’ri’wda tutqan worni’ ha’m rolin izertlew dissertaciya jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqsetin quraydi’.

**Izertlewdin’ wazi’ypalari’.** Izertlew maqsetinen kelip shi’qqan halda jumi’si’mi’zda to’mendegi wazi’ypalardi’ ilgeri su’rdik:

- O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti shi’g’armalari’n, normativ-huqi’qi’y hu’jjetlerdi u’yreniw negizinde socialli’q progress negizi bolg’an ja’miyet ruwxi’yli’g’i’n qa’liplestiriwshi ha’m ani’qlawshi’ faktorlardi’ ashi’p beriw;

- joqari’ ruwxi’yli’qti’ qa’liplestiriw ma’mleketimiz siyasati’ni’n’ u’stin bag’dari’ boli’wi’ni’n’ sebeplerin analizlew;
- siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’qti’n’ wo’z-ara baylani’slari’ndag’i’ uli’wmali’q ha’m pari’qli’ aspektlerge jantasi’wlardi’ u’yreniw;
- liberal-demokratiyani’n’ ruwxi’y negizleri yerkinlik ha’m juwapkershilik yekenligin tiykarlaw;
- ku’shli socialli’q siyasat ja’miyet ruwxi’yli’g’i’ni’n’ ko’rinisi si’pati’ndag’i’ ma’nis-mazmuni’n, funkciyalari’n, a’melge asi’ri’li’w formalari’n ko’rsetip beriw;
- a’dalatti’n’ ruwxi’y qa’diriyat si’pati’nda ja’miyettin’ ma’nawiy kelbetin ani’qlap beriwshi faktor ekenligin u’yreniw ha’m si’patlap beriw;
- O’zbekistanda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar, ali’p bari’li’p ati’rg’an ku’shli socialli’q siyasat woni’ demokratiya ha’m socialli’q a’dalat ja’miyeti si’pati’nda xarakterleytug’i’nli’g’i’n korsetip beriw.

**Izertlewdin’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m gipotezalari’.**

- O’zbekistan Respublikasi’nda ma’nawiyat ma’selelerine ma’mleket siyasati’ni’n’ u’stinlikke iye bag’darlari’ni’n’ biri si’pati’nda jantasi’w g’a’rezsizlik da’wirinde xalqi’mi’zdi’n’ milliy-ma’nawiy woyani’wi’, wo’zligin an’lawi’ tiykari’nda keleshegi ulli’ ma’mleket, azat ha’m abat Watan, yerkin ha’m pa’rawan turmi’s quri’w maqseti puqaralardi’n’ watanpa’rwarli’g’i’n, socialli’q belsendiligin artti’ri’w, wolardi’ birlestiriw za’ru’rliginen tuwi’ldi’.

- Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’q ma’seleleri haqqi’nda so’z etkende soni’ ayti’w mu’mkin, ko’pshilik jag’dayda a’dep-ikramli’li’qti’n’ siyasatti’n’ ma’ple-rine beyimlestiriliwi, a’sirese avtokratiyali’q ha’m totalitarli’q ma’mleketlerde, a’melge asi’ri’lmaqta. A’dep-ikramli’li’q ha’m siyasatti’n’ haqi’yqi’y birligi tek huqi’q tiykari’nda a’melge asi’ri’li’wi’ mu’mkin, buni’n’ kepili boli’p ja’miyetlik turmi’sti’n’ demokratiyalasti’ri’wi’ ha’m liberalasti’ri’li’wi’ xi’zmet etedi.

- Liberal demokratiya ruwxi’ adamlarda socialli’q a’dalatli’li’q ha’m wo’z qa’dir-qi’mbati’ sezimin woyatadi’. Demokratiyani’n’ ken’eyiwi shaxsti’n’ wo’z insani’y ma’nis-mazmuni’n aqi’lg’a muwapi’q yerkin ko’rsetiwi, ruwxi’y qanaatlani’wi’, yerkinlikti seziniwi ha’m puqaralardi’n’ wo’z qa’dir-qi’mbati’n seziniwi menen qatar ju’redi, bul wolardi’n’ ma’mlekettin’ uli’wmali’q islerinde qatnasi’wi’nan kelip shi’g’adi’.

- Socialli’q siyasat ja’miyet strukturasi’ni’n’ barli’q elementlerin, sonday-aq jeke shaxslardi’ ja’miyettin’ rawajlani’wi’ni’n’ belgili bir basqi’shlari’nda wori’n ali’wi’ mu’mkin bolg’an destruktiv processlerden  qorg’awg’a bag’darlang’an. Ku’shli socialli’q siyasat ma’mleket ta’repinen ja’miyette insan ma’pleri haqqi’ndag’i’ g’amxorli’qti’n’ a’melge asi’ri’li’wi’ni’n’, ja’miyet ag’zalari’ arasi’nda socialli’q ten’lik, a’dalat ha’m qorg’awdi’n’ wornati’lg’anli’g’i’ni’n’ ko’rinisi boli’p tabi’ladi’.

- A’dalat sali’sti’rmali’ tu’sinik boli’p, ha’mme ushi’n bir qi’yli’ wori’n almasa da, demokratiyali’q ja’miyette woni’ a’melge asi’ri’wdi’n’ qatan’ qag’i’ydalari’, wo’lshemleri ta’miynlenedi. Ma’mleketimizde rawajlani’w evolyuciyali’q ha’m basqi’shpa-basqi’sh ta’rizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’anli’g’i’ jurtlaslari’mi’zdi’n’ ma’plerin wo’z-ara uyg’i’nlasti’ri’wg’a,  puqarali’q ja’miyeti tiykarlari’n bekkemlewge xi’zmet yetpekte. Bunday sha’rayatta a’dalatli’li’q principinin’ wo’zi ja’miyet turmi’si’ ushi’n man’i’zli’ ruwxi’y-huqi’qi’y wo’lshemge aylanadi’.

- Ku’shli socialli’q siyasat O’zbekistanni’n’ wo’z g’a’rezsizlik ha’m rawajlani’w joli’ni’n’ jetekshi principlerinin’ biri yesaplanadi’. Sol sebepli yelimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar tek reformalar ushi’n yemes, insan ushi’n, woni’n’ parawan turmi’si’ ushi’n xi’zmet yetpekte

**Tema boyi’nsha qi’sqasha a’debiyatlar analizi.** Ma’nawiyat ha’m ma’ripat ma’seleleri X.SHayxova, Q.Nazarov, M.Imamnazarov, M.Quranov, A.Erkaev, J.Bazarbaev, T.Mahmudov, I.Karimov, N.Komilov, U.Mahkamov, A.Begmatov,

X.Aliqulov kibi O’zbekistan ali’mlari’ni’n’ do’retiwshiliginde ken’ u’yrenilgen[1]. Bul miynetlerde ma’nawiyat ha’m ma’ripatti’n’ ja’miyet turmi’si’ndag’i’, insan kamalati’ndag’i’ worni’, a’xmiyeti, joqari’ ma’nawiyatti’ qa’liplestiriw faktorlari’ wo’z izertleniwin tapqan. Wolarda ilgeri su’rilgen pikirler ha’m gipotezalar belgili da’rejede izertlewimizdin’ teoriyali’q tiykarlari’ boli’p xi’zmet yetti.

**Izertlewde qollani’lg’an metodlardi’n’ qi’sqasha si’patlamasi’.** Dissertaciya jumi’si’ni’n’ metodologiyali’q tiykari’n Prezident I.A.Karimovti’n’ «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» shi’g’armasi’, sonday-aq ma’nawiy qa’diriyatlar, wo’zlikti an’law, ata-babalari’mi’zg’a hu’rmet, ba’rkamal a’wlad ta’rbiyasi’ babi’nda bildirilgen pikirleri, shi’g’i’p so’ylewleri quraydi’. Izertlewdin’ ilimiy-teoriyali’q tiykari’ si’pati’nda Shi’g’i’s ha’m Bati’sti’n’ ulli’ woyshi’llari’, O’zbekistanli’ ha’m shet yelli filosof ali’mlardi’n’ shi’g’armalari’nda siyasat ha’m ruwxi’yli’qti’n’, a’dep-ikramli’li’qti’n’ uyg’i’nli’g’i’, wo’z-ara ta’siri, socialli’q siyasatti’n’ ja’miyet turaqli’li’g’i’ ha’m rawajlani’wi’ndag’i’ a’hmiyeti, ja’miyettin’ ma’nawiy-moralli’q jan’alani’wi’, ba’rkamal a’wlad ta’rbiyasi’ haqqi’nda bildirilgen pikirleri xi’zmet yetedi. Izertlewde analiz ha’m sintez, indukciya ha’m dedukciya, tariyxi’y-qi’yasi’y analiz metodlari’nan paydalani’ldi’.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Izertlew na’tiyjeleri siyasat ha’m ruwxi’yli’qti’n’ wo’z-ara baylani’si’n, ta’sirlerin ja’miyettin’ socialli’q-ekonomikali’q, siyasiy jan’alani’wi’ kontekstinde u’yreniwde teoriyali’q a’hmiyetke iye. Soni’n’ menen birge izertlewdin a’meliy a’hmiyeti ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q, islerdi sho’lkemlestiriwdi jetilistiriwge ko’meklesiwi ha’m usi’ arqali’ insanni’n’ ma’nawiy du’n’yasi’n kamalatqa jeteklewi menen belgilenedi. Izertlew na’tiyjeleri «Ma’nawiyattani’w», Siyasattani’w», «O’zbekistanda demokratiyali’q ja’miyet quri’w teoriyasi’ ha’m a’meliyati’», «Geosiyasat tiykarlari’» pa’nlerin woqi’ti’wda ha’m talabalardi’n’

---

[1] Qaran’i’z:Shayxova X. Ma’naviyat va sog’lom avlod kamoloti. – T.: «Akademiya», 2006; Nazarov Q. Qadriyatlar falsafasi (aksiologiya). – T.: 2004; Imomnazarov M.Milliy ma’naviyatimiz asoslari. –T.: «O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti», 2006; Quronov M. Milliy tarbiya. – T.: «Ma’naviyat». 2007; Erkaev A. Tafakkur erkinligi. – T.: «Ma’naviyat», 2007; Bazarbaev J. Ruwxi’yati’mi’z marjanlari’ yamasa u’lgili yel u’lkenin, ko’regenli yel wo’tkenin qasterleydi. - No’kis, «Bilim», 2008; Mahmudov T. Mustaqillik va ma’naviyat. –T.: «Sharq», 2001; Karimov I. Ma’naviyat, falsafa va hayot. –T.: «Fan», 2001; Komilov N. Tafakkur karvonlari. –T.: «Ma’naviyat», 1998; Mahkamov U. Axloq-odob saboqlari. –T.: «Fan», 1994; Begmatov A. Ma’naviyat falsafasi. – T.: «Sharq», 2000; Aliqulov X. Gumanistik meros va shaxs ma’naviy kamoloti. –T.: «Falsafa va huquq», 2006

siyasiy-ma’nawiy, a’dep-ikramli’li’q jaqtan jetilisiwine bag’darlang’an islerdi ali’p bari’wda da belgili da’rejede a’hmiyetke iye.

**Izertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’.** Dissertaciya jumi’si’nda siyasat ha’m ruwxi’yli’qti’n’ wo’z-ara baylani’si’n, woni’n’ O’zbekistan Respublikasi’ turmi’si’nda a’melge asi’ri’li’wi’ izertlew ob’ektin quraydi’. Usi’ ma’selenin’ ma’nawiyattani’w ilimi ko’z-qarasi’nan izertleniwi na’tiyjesinde to’mendegi ilimiy jan’ali’qlardi’ qolg’a kirgiziwge yeristik:

- ha’r qanday ja’miyettin’, ma’mlekettin’ bir du’zimnen yekinshi du’zimge wo’tiw da’wirinde ken’ xali’q qatlamlari’ arasi’nda insan ha’m ja’miyet ruwxi’yli’g’i’ faktori’ni’n’ aktualli’g’i’ keskin artadi’;
- ma’mleketimiz siyasati’ni’n’ u’stinlikke iye bag’darlari’ni’n’ biri bolg’an ruwxi’yli’q-ag’arti’wshi’li’q isler milliy qa’diriyatlari’mi’z, u’rp-a’det, da’stu’rlerimiz, shi’g’i’s ha’m islam filosofiyasi’na tayanadi’, wolardi’ zaman talabi’na say jetilistiredi, rawajlandi’radi’;
- O’zbekistan Respublikasi’ ta’repinen ali’p bari’li’p ati’rg’an ku’shli socialli’q siyasat ma’mleketimiz ta’repinen a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an siyasatti’n’ ruwxi’yli’q penen uyg’i’nlasi’wi’ni’n’ ma’nisin sa’wlelendiredi ha’m ja’miyettin’ turaqli’li’g’i’na, qa’wipsizliktin’ bekkemleniwine, insanlardi’n’ materialli’q pa’rawanli’g’i’ni’n’ atri’wi’na, insan qa’diri, huqi’q ha’m yerkinliklerinin’ bekkemleniwine xi’zmet yetedi.

**Dissertaciya qurami’ni’n’ qi’sqasha si’patlamasi’.** Dissertaciya kirisiw, u’sh bap, jeti paragraf, juwmaqlaw, paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ha’m qosi’mshalardan ibarat.

# I-bap. Ruwxi'yli'q ja'miyet rawaji'ni'n' kepili si'pati'nda

## 1.1. Ja'miyet ruwxi'yli'g'i'n qa'liplestiriwshi ha'm ani'qlawshi' faktorlar

Ma'mleketimiz wo'z g'a'rezsizligine yeriskennen keyin yerkin pikirley alatug'i'n, wo'zin an'lag'an, ja'miyettin' maqsetin, ma'plerin tu'sinip jetetug'i'n, ha'r ta'repleme jetik insandi' ta'rbiyalaw wazi'ypasi' ma'mleket siyasati'ni'n' basli' bag'dari' yetip belgilendi. Soni'n' ushi'n da ken' ko'lemli reformalar da'wirinde milliy ideyani'n' tiykari' si'pati'nda ruwxi'y ha'm ma'deniy ta'rbiyag'a ayri'qsha itibar qarati'lmaqta.

Hasli'nda ruwxi'yli'q adamdi' basqa barli'q janli'-ja'niwardan aji'rati'p turatug'i'n yen' ku'shli faktor Wol insanni'n' psixologiyali'q ha'm aqi'li'y a'leminin' ji'yi'nti'g'i' si'yaqli' quramali' qubi'li's boli'p tabi'ladi'. Wol ko'birek insanni'n' ishki a'lemi, qa'lbi menen baylani'sli'.

Prezident I.A.Karimov «Joqari' ruwxi'yli'q- jen'ilmes ku'sh» atli' miynetinde ruwxi'yli'qti'n' insandi' insan qi'latug'i'n, woni'n' sanasi' ha'm psixologiyasi' menen ti'g'i'z baylani'sli' tu'sinik yekenligin ha'm woni'n' ha'r qanday adam, ja'miyet, millet ha'm xali'q turmi'si'nda hesh bir na'rse menen wo'lshep bolmaytug'i'n ayri'qsha wori'n iyeleytug'i'ni'n atap ko'rsetedi ha'm bul tu'sinikke to'mendegishe ta'riyp beredi: «ruwxi'yli'q - insandi' ruwxi'y pa'kleniw, qa'lbinin' wo'siwine shaqi'ratug'i'n, adamni'n' ishki du'n'yasi', yerkin ku'shli, iyman-isenimin pu'tin yetetug'i'n, hu'jdani'n woyatatug'i'n ten'siz ku'sh, woni'n' barli'q ko'z-qaraslari'ni'n' wo'lshemi»[2].

Demek ruwxi'yli'q - bul insandi' basqa barli'q tiri janzatlardan aji'rati'p turi'wshi' faktor boli'p, adamni'n' ishki du'n'yasi'ni'n' ken'ligin, teren'ligin, wo'zin-wo'zi an'lawi'n, aqi'l-woyi'ni'n' jarati'wshi' qu'diretin, wo'z aldi'na maqset ha'm ideyalar qoya bilip, wog'an yerisiw ushi'n ha'reket yete ali'wi'n, qa'diriyatlarg'a iye bola ali'wi'n ko'rsetedi.

A'lbette, ha'r bir insan ruwxi'yli'qqa iye boli'wg'a qa'biletli, lekin wol insan qa'lbinde shan'araq, wortali'q, ja'miyettegi ta'rbiya arqali' ata-babalari'mi'zdan

[2] Karimov I.A. Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch. -T.: Ma'naviyat, 2008. 19-bet

kiyati’rg’an qa’diriyatlari’mi’z negizinde, ja’miyette wornag’an birdemlik, ma’mlekettin’ a’dalatpa’rwar ha’m insanpa’rwar siyasati’ tiykari’nda qa’liplesedi.

Prezident I.A.Karimovti’n’ «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» shi’g’armasi’na tayana woti’ri’p, insan ha’m ja’miyet ruwxi’yli’g’i’n qa’liplestiriwshi faktorlardi’ shartli tu’rde bir neshe toparga bo’liw mu’mkin:

1) millet, xali’q, ma’mleketshilik, ma’deniyat, arxitekturali’q yestelikler ha’m basqa da usi’ kibilerdi qamti’p ali’wshi’ tariyxti’, mi’n’ ji’llar dawami’nda rawajlani’p kiyati’rg’an awi’l ha’m suw xojali’g’i’ menen baylani’sli’ agrar ma’deniy da’stu’rlerdi, geografiyali’q sha’rt-sha’rayatqa baylani’sli’ tariyxi’y mu’na’sibetti an’lati’wshi’ materialli’q miyras;

2) xalqi’mi’zg’a ta’n bir neshe mi’n’ ji’lli’q diniy isenim, ta’lim-ta’rbiya, sonday-aq barli’q ilim-bilim tarawlari’ ha’m wolardi’n’ rawajlani’wi’nda a’hmiyetli wori’n iyelegen woyshi’llar ha’m wolardi’n’ shi’g’armalari’, xali’q do’retiwshiligin qamti’p ali’wshi’ ma’deniy miyras;

3) xalqi’mi’zg’a ta’n da’stu’rler, u’rp-a’detler, ma’resimler, bayramlar, turmi’s ta’rizi menen baylani’sli’ basqa da da ma’deniy faktorlar;

4) xali’q qa’diriyatlari’, woylaw ta’rizi, ideologiyasi’, xali’qqa ta’n ma’nawiy wo’zgeshelikler, ideyalar, psixologiya ha’m wo’z-ara socialli’q mu’na’sibetler;

5) ha’zirgi ja’miyetimizde tikkeley a’meliy iskerlik ju’rgizip ati’rg’an, insan ta’rbiyasi’nda u’lken ta’sirge iye, uli’wma, ma’nawiy du’n’yaqarasti’n’ qa’liplesiwinde basli’ rol’ woynaytug’i’n ta’lim-ta’rbiya wori’nlari’, G’XQ, kitapxana, teatr, iskusstvo saraylari’ ha’m basqa da ma’nawiy ta’lim qurallari’n wo’z ishine aladi’.

Ruwxi’yli’qti’ joqari’lati’w ma’selesi ha’r bir da’wir ha’m ja’miyetke ta’n boli’p, bunda ma’mleket ha’m ja’miyet aldi’nda ruwxi’yli’qti’ qa’liplestiretug’i’n ha’m wog’an ta’sir wo’tkizetug’i’n barli’q faktor ha’m wo’lshemlerdi teren’ analiz qi’li’p, wolardi’n’ bul bag’darda qanday wori’n tutatug’i’nli’g’i’n jaqsi’ an’lap ali’w maqseti de jatadi’. Ha’r qanday xali’q yaki milletti woni’n’ tariyxi’, wo’zine ta’n u’rp-a’detleri ha’m da’stu’rleri, turmi’sli’q qa’diriyatlari’nan ayri’ halda ko’z aldi’na keltirip bolmaydi’. Bunda ma’nawiy miyras, ma’deniy bayli’qlar, a’yyemgi

tariyxi'y yestelikler yen' a'hmiyetli faktorlar si'pati'nda xi'zmet yetedi. Mi'sali', usi' jerden jetilisip shi'qqan ulli' adamlar, ali'mlar, ulamalar, siyasatshi'lar ha'm sarkardalar, uli'wmaadamzatli'q civilizaciya ha'm ma'deniyatti'n' aji'ralmas bo'legine aynali'p ketken du'n'yali'q ham diniy ilimlerdin', a'sirese, islam dini menen baylani'sli' bilimlerdin' tariyxta yen' joqarg'i' basqi'shqa ko'teriliwinde ana jurti'mi'zda tuwi'li'p kamalg'a kelgen ulli' ulamalardi'n' xi'zmetleri u'lken. Bul a'yyemgi topi'raqta erami'zg'a shekemgi da'wirde ha'm wonnan keyin quri'lg'an quramali' suw quri'lmalari', yele ku'nge shekem wo'zinin' ko'rki menen sawlati'n saqlap kiyati'rg'an yesteliklerimiz a'yyem-a'yyemnen u'lkemizde diyxanshi'li'q ha'm wo'nermentshilik ma'deniyati', arxitektura ha'm qala quri'li'si' iskusstvosi' joqari' da'rejede rawajlang'ani'nan da'rek beredi ha'm ma'mleketimiz aymag'i'nda wori'n alg'an to'rt mi'n'nan aslam materialli'q-ma'nawiy yestelikler uli'wmaja'ha'n miyrasi'ni'n' siyrek u'lgisi si'pati'nda YuNESKO dizimine kirgizilgeni de bul pikirdi tasti'yi'qlaydi'. Bunday wo'lmes yestelikler bul a'yyemgi u'lkede, bu'gin biz jasap turg'an topi'raqta yerte da'wirden-aq ulli' ma'deniyat bar bolg'ani'nan gu'wali'q beredi ha'm ta'biyiy tu'rde insanni'n' ruwxi'y du'n'yasi'n qa'liplestiriwde qanday ku'shli ta'sirge iye bolg'ani'na di'qqati'mi'zdi' tartadi'.

Milliy ruwxi'yli'g'i'mi'zda xali'q awi'zeki do'retiwshiligi a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Wol milletimizdin' wo'zligin ko'rsetetug'i'n, woni' a'wladtan a'wladqa jetkizip, turmi's si'naqlari'nan aman saqlap kiyati'rg'an yel-jurti'mi'zdi'n' bawri'ken'lik, shi'damli'li'q, joqari' adamgershilik, wapadarli'q, sadi'qli'q si'yaqli' pazi'yletlerin wo'zinde an'latadi'.

Shaxs ha'm ja'miyet ruwxi'yli'g'i'n qa'liplestiriwde muqaddes islam dinimizdin' worni' ten'siz. Din a'zelden insan ruwxi'yli'g'i'ni'n' quram bo'legi si'pati'nda adamzatti'n' joqari' ideallari', haq ha'm haqi'yqat, insap ha'm a'dalat haqqi'ndag'i' arzi'w-a'rmanlari'n wo'zinde ja'mlegen, wolardi' turaqli' qag'i'ydalar si'pati'nda bekkemlep kiyati'rg'an ideya ha'm ko'z-qaraslardi'n' bir pu'tin sistemasi' boli'p tabi'ladi'.

Ha’r bir jan’ali’q, jarati’lg’an ashi’li’w – bul jan’asha pikir ha’m du’n’yag’a ko’z-qarasqa tu’rtki beredi, ruwxi’yli’q wo’lshemlerinin’ qaliplesiwine wo’zine ta’n ta’sir jasaydi’. Usi’ ko’z-qarastan qarag’anda, jurti’mi’zda jasap wo’tken ulli’ ali’mlari’mi’z, woyshi’l babalari’mi’zdi’n’ ibratli’ wo’miri ha’m iskerligi, ten’siz ilimiy-do’retiwshilik ashi’li’wlari’ bu’gingi ku’nde de du’n’ya xalqi’n tan’ qaldi’ri’p ati’rg’anli’g’i’n maqtani’sh penen atap wo’tiw kerek. Ja’miyet bolsa wo’z jurti’ni’n’ woyshallari’, dini ha’m ashi’li’wlari’, ag’arti’wshi’li’q, ilim-bilimi, ma’deniyat tarawlari’nan bulardi’n’ barli’g’i’n wo’zinde uyg’i’nlasti’rg’an xalqi’mi’zdi’n’ manawiy a’lemi qanshelli bay ha’m ra’n’-ba’ren’ yekenligin da’lillep beriwde, woni’ u’lgi yetip ko’rsetiwde paydalanadi’. Bunday biyta’kirar ha’m biybaha bayli’qti’ ha’r ta’repleme teren’ u’yreniw, woni’n ma’nis-mazmuni’n a’wladlarg’a jetkiziw ma’selesi, birinshi gezekte, zi’yali’lar, pu’tkil ja’miyetshilik ushi’n ha’m qari’z, ha’m pari’z boli’p tabi’ladi’.

Ha’r bir millettin’ wo’zine tan ruwxi’yli’g’i’n qa’liplestiriw ha’m joqari’lati’wda, shubhasi’z, shan’araqti’n’ worni’ ha’m ta’siri ten’siz. Wo’ytkeni insanni’n’ yen’ taza ha’m pa’kize tuyg’i’lari’, alg’ashqi’ turmi’sli’q tu’sinikleri birinshi na’wbette shan’araq bawi’ri’nda qa’liplesedi. Balani’n’ xarakteri, ta’biyati’ ha’m du’n’yag’a ko’z-qarasi’n belgileytug’i’n ruwxi’y wo’lshem ha’m ko’z-qaraslar – jaqsi’li’q ha’m jamanli’q, adamgershilik ha’m mehir-aqi’bet, ar-nami’s ha’m uyat kibi muqaddes tu’siniklerdin’ fundamenti shan’araq sha’rayati’nda wornawi’ ta’biyiy boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ ushi’n da a’yne shan’araq wortali’g’i’nda payda bolatug’i’n ata-anag’a hu’rmet, wolardi’n’ aldi’ndag’i’ wo’mirinshe qari’zdarli’q pari’zi’n teren’ an’law ha’r qanday insang’a ta’n bolg’an adami’yli’q pazi’yletleri ha’m shan’araqli’q mu’na’sibetlerdin’ ruwxi’y a’lemin quraydi’.

Shaxs ha’m ja’miyettin’ ruwxi’yli’g’i’n qa’liplestiriwshi wo’lshemler haqqi’nda soz yetilgende ma’ha’llenin’ ta’siri haqqi’nda ayri’qsha toqtali’w lazi’m. Wo’zbek ma’ha’lleleri a’zel-a’zelden milliy qa’diriyatlar ma’skani’ boli’p kelgen. Wo’z-ara mehir-aqi’bet, tati’wli’q ha’m awi’zbirshilik, ja’rdemge mu’ta’jler hali’nan xabar ali’w, jetim-jesirlerdin’ basi’n si’ypaw, toy-tamasha, ko’mek,

merekelerdi ko'pshilik penen ma'sla'ha'tli wo'tkiziw, jaqsi' ku'nde de, jaman ku'nde de birge boli'w si'yaqli' xalqi'mi'zg'a ta'n u'rp-a'det ha'm da'stu'rler, yen' da'slep, ma'ha'lle wortali'g'i'nda qaliplesken ha'm rawajlang'an. Xalqi'mi'zg'a ta'n wo'zin-wo'zi basqari'w sistemasi'ni'n' bunday biyta'kirar usi'li' a'yyem-a'yyemnen adamlardi'n' tek g'ana tilinde yemes, al dilinde, pu'tkil wo'mirinde teren' wori'n iyelep kelmekte. «Ma'ha'lle - ha'm ata, ha'm ana» degen danali'q so'z de mine usi' turmi'sli'q haqi'yqatti'n' an'latpasi' si'pati'nda qabi'l yetiledi. Ha'r bir shan'araq, pu'tkil yel-jurttag'i' ruwxi'y i'qli'mdi' an'lamaqshi' bolg'an insan, bul tuwrali' haqi'yqi'y ko'rinistin' jarqi'n sa'wleleniwin yen' da'slep ma'ha'lle wo'mirinde misli aynadag'i'day ayqi'n ko'riw imkaniyati'na iye boladi'.

Ruwxi'yli'qti' qa'liplestiriwshi wo'lshemlerdin' biri ilim-bilim, ta'lim-ta'rbiya boli'p, wolarg'a insan kamalati' ha'm millettin' gu'lleniwinin' yen' tiykarg'i' sha'rti ha'm kepili si'pati'nda qaralg'an. Keleshektin' fundamenti bilim da'rgaylari'nda jarati'ladi', basqasha aytqanda, xali'qti'n' yerten'gi ku'ninin' qanday boli'wi' perzentlerdin' bu'gingi ku'nde qanday ta'lim-ta'rbiya ali'wi'na baylani'sli' boli'p tabi'ladi'. Buni'n' ushi'n ha'r bir ata-ana, ustaz ha'm ta'rbiyashi' ha'r bir bala ti'msali'nda, yen' birinshi gezekte, shaxsti' ko'riwi kerek. A'ne usi' a'piwayi' talaptan kelip shi'g'i'p, perzentlerdi g'a'rezsiz ha'm ken' pikirlew qa'biletine iye bolg'an, sanali' jasaytugi'n ka'mil insanlar yetip yer jetkiziw isi ta'lim ha'm ta'rbiya tarawi'ni'n' tiykarg'i' maqseti ha'm wazi'ypasi' boli'p qaladi'.

Ta'limdi ta'rbiyadan, ta'rbiyani' ta'limnen aji'rati'p bolmaydi'. Soni'n' ushi'n da g'a'rezsizlik ji'llari'nda pu'tkil ma'mleket ko'leminde talim ham ta'rbiya, ilim-bilim, ka'sip-wo'ner u'yretiw sistemasi'n tu'pkilikli reformalawg'a ayri'qsha itibar qarati'ldi'. Kadrlar tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi' islep shi'g'i'ldi'. Woni' a'melge asi'ri'w procesinde mektep ta'limi, a'sirese uli'wma bilim beriw mekteplerinin' materialli'q-texnikali'q bazasi'n bekkemlewge itibardi' ku'sheytiw ku'n ta'rtibindegi yen' man'i'zli' ha'm yen' a'hmiyetli ma'selege aylang'an yedi.

Ha’zirgi ku’nde g’a’rezsizlik da’wirinde quri’lg’an akademiyali’q licey ha’m ka’sip-wo’ner kolledjlari, joqari’ woqi’w wori’nlari’nda ta’lim ali’p ati’rg’an, zamanago’y ka’sip-wo’ner a’m ilim-ag’arti’wshi’li’q si’rlari’n u’yrenip ati’rg’an, yeki-u’sh tilde biyma’lel so’ylese alatug’i’n mi’n’-mi’n’lap woqi’wshi’lar, u’lken wo’mirge kirip kiyati’rg’an, wo’z talanti’ ha’m potenciali’n jarqi’n ko’rsete alatug’i’n jas kadrlar mi’sali’nda ruwxi’yli’qti’n’ joqari’lawi’n baqlaw mu’mkin.

«Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» shi’g’armasi’nda joqari’da atap wo’tilgen wo’lshemlerden ti’sqari’ ruwxi’yli’qti’n’ tariyxi’yli’g’i’ ha’m zamanago’yligi, materialli’q ha’m ma’nawiy miyras, milliy ruwxi’y yestelikler, ma’mleketimzden jetisip shi’qqan dani’shpanlar, woyshi’llar, xali’q qaharmanlari’, ilimiy-do’retiwshilik ashi’li’wlar, ma’mleket ham ja’miyet g’ayratkerleri, ruwxi’y ta’rbiyani’n’ tariyxi’y ha’m zamanago’y woshaqlari’, wolardi’n’ ma’nawiyatqa ta’siri menen baylani’sli’ teren’ pikirler, ko’z-karaslar ilgeri su’rilgen[3].

---

[3] Qaran’: Karimov I.A. Yuksak ma’naviyat – yengilmas kuch. – T.: Ma’naviyat, 2008. 31-55 betler

## 1.2. Joqari’ ruwxi’yli’qti’ qa’liplestiriw ma’mleketimiz siyasati’ni’n’ u’stin bag’dari’

Ruwxi’yli’q ja’miyet, shaxs ha’m millet turmi’si’nda a’hmiyetli wori’n iyeleytug’i’ni’ so’zsiz. Biraq woni’n’ real turmi’sqa qanshelli yengiziliwi ma’mlekettin’ ali’p bari’p ati’rg’an siyasati’ menen baylani’sli’.

Bu’gingi ku’nge kelip ja’miyet progresindegi a’hmiyetine baylani’sli’ ruwxi’yli’qqa mu’na’sibet barg’an sayi’n kusheyip barmaqta.

O’zbekistanda tariyxi’y qi’sqa waqi’t ishinde Prezident Islam Karimovti’n’ tikkeley baslamasi’ tiykari’nda ruwxi’yli’qti’ ko’teriw ma’mleket siyasati’nda u’stinlikke iye tarawg’a ko’terildi ha’m wo’zinin’ unamli’ na’tiyjelerin ko’rsete basladi’. Prezidentimiz Islam Karimovti’n’ yekinshi shaqi’ri’q Oliy Majlistin’ birinshi sessiyasi’nda qi’li’ng’an bayanati’nda da ruwxi’yli’q ma’selesi XXI a’sir bosag’asi’nda yekinshi u’stinlikke iye bag’dar dep qaraldi’. Ha’zirgi da’wirde yerkin puqara ma’deniyati’n, azat shaxsti’ qa’liplestiriw ma’selesi aldi’mi’zda turg’an yen’ aktual wazi’ypa yekenligi atap ko’rsetildi. Bul pikirlerdi Prezident wo’zinin’ «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» shi’g’armasi’nda da atap ko’rsetedi: «Turmi’si’mi’zdi’n’ barli’q tarawlari’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ken’ ko’lemli reformalari’mi’zdi’n’ na’tiyjeliligi yen’ da’slep xali’q ma’nawiyati’ni’n’ tikleniwi, bay tariyxi’y miyrasi’mi’zdi’n’ teren’ u’yreniliwi, da’stu’r ha’m u’rp-a’detlerimizdin’ saqlani’wi’, ma’deniyat ha’m iskusstvo, ilim ha’m bilimlendiriwdin’ rawajlani’wi’, yen’ a’hmiyetlisi, ja’miyet woylawi’ni’n’ wo’zgeriwi ha’m joqari’lawi’ menen aji’ralmas baylani’sta boli’p tabi’ladi’. Sol sebepli de wo’z haq-huqi’qi’n tani’ytug’i’n, wo’z ku’shi ha’m imkaniyatlari’na tayanatug’i’n, a’tirapi’nda ju’z berip ati’rg’an waqi’ya-qubi’li’slarg’a g’a’rezsiz jantasa alatug’i’n, a’yne payi’tta shaxsi’y ma’plerin ma’mleket ha’m xali’q ma’pleri menen uyg’i’n halda ko’retug’i’n, ha’r ta’repleme ba’rkamal insanlardi’ ta’rbiyalaw wazi’ypasi’ g’a’rezsizlik ji’llari’nda biz ushi’n sheshiwshi ma’selege aynaldi’»[4].

[4] Karimov I.A. Yuksak ma’naviyat – yengilmas kuch. – T.: Ma’naviyat, 2008. 76-77 betler

Ha’zirgi da’wirde ruwxi’yli’qti’n’ u’stinlikke iye taraw da’rejesine ko’teriliwinin’ bir qatar sebepleri bar. Wolar:

**Birinshiden**, ja’miyette a’melge asi’ri’latug’i’n barli’q wazi’ypalardi’n’ ta’g’diri, wonda jasaytug’i’n adamlardi’n’ woylawi’, sanasi’ qanday da’rejede wo’siwi menen baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’. Wolardi’n’ sanasi’ ha’m woylawi’n a’melge asi’rmaqshi’ bolg’an wazi’ypalardi’n’ ma’ni-mazmuni’ ha’m ma’pleri bag’dari’nda wo’zgertpey turi’p, go’zlengen maqsetke yerisip bolmaydi’.

A’ne usi’ ma’niste ruwxi’yli’q ja’miyet turmi’si’n wo’zgertiwdin’ man’i’zli’ mexanizmi yesaplanadi’ ha’m ha’r qanday ma’mleket wo’z maqsetleri ha’m ma’plerinen kelip shi’qqan halda woni’ rawajlandi’ri’wg’a u’stinlik penen qaraydi’.

**Yekinshiden**, g’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nda Sovet ideologiyasi’nan waz keshiliwi bayrag’i’ asti’nda uli’wma ha’r qanday ideologiyag’a qarsi’ gu’res baslandi’. Bul bolsa wo’z gezeginde adamlardi’n’ ruwxi’yli’g’i’na, qa’liplesken qa’diriyatlari’na da wo’zinin’ unamsi’z ta’sirin wo’tkize basladi’. A’sirese, baspaso’zde geypara ali’mlar, birinshi na’wbette ekonomikali’q woylawdi’ qaliplestiriw za’ru’r, ruwxi’yli’q bolsa a’ne usi’ ekonomikali’q woylaw negizinde ju’zege keledi degen pikirlerdi ilgeri su’re basladi’. Aqi’betinde adamlar psixologiyasi’nda ja’ne bir ta’repleme ketiw turmi’s ta’rizinde jetekshi wori’ndi’ iyeley basladi’. Bul wo’z gezeginde, milliy ma’pler yaki watanpa’rwarli’q haqqi’nda qanshelli aytpayi’q, wol wozinin’ biz ku’tip ati’rg’an na’tiyjelerin bermesten, ba’lkim adamlarda shaxsi’y ma’plerge u’stinlik beriwge xi’zmet yete basladi’. Bunday unamsi’z processtin’ ju’zege keliwi jan’a ja’miyet ushi’n qa’wipli.

**U’shinshiden**, g’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nda ju’zege kelgen ekonomikali’q mashqalalar aldi’nda adamlardi’n’ basi’m ko’pshiligi albi’rap qaldi’, ko’pshilik jag’daylarda jaslardi’n’ ta’lim ali’w, ka’sip u’yreniw, iskusstvo ha’m ko’rkem shi’g’armalarg’a qi’zi’g’i’wi’nan ko’re bazarg’a shi’g’i’w, pul tabi’wg’a umti’li’w qa’wpin ju’zege keltirdi. Duri’s, pul tabi’w, wo’z turmi’si’ni’n’ ekonomikali’q imkaniyatilari’n bekkemlew ha’r bir insan ushi’n turmi’sli’q talap

ha’m za’ru’rlik yesaplanadi’. Biraq bul talap shaxs ha’m milleti kamalati’ maplerine qayshi’ bolmawi’, wolardi’n’ ma’nawiy jarli’lani’p ketiwine xi’zmet yetpewi lazi’m. A’ne usi’ ju’zege kelgen qa’wipli processtin’ aldi’n ali’w za’ru’r.

**To’rtinshiden**, buri’ng’i’ awqam sha’rayati’nda ilim, texnika, ag’arti’wshi’li’q, joqari’ bilimlendiriw, bir qatar sanaat ka’rxanalari’n payda yetiw ha’m rawajlandi’ri’wda ko’p g’ana tabi’slar qolg’a kirgizilgen yedi. Biraq wolar woray ha’m qala berse «u’lken ag’a» ma’plerine xi’zmet yetken. A’ne usi’ potencial buri’ng’a awqamlas Respublikalarga tu’rli ba’ha’neler menen rus milleti wa’killerin jiberiw, wolardi’ jergilikli xali’qti’ basqari’w, wolarg’a rus turmi’s ta’rizi, tili, u’rp-a’detlerin, xarakterin sin’diriw yesabi’nan ma’mlekette rus milleti ruwxi’yli’g’i’ni’n’ u’stinligine tayani’wshi’ birden bir til, ruwxi’yli’q ha’m turmi’s ta’rizin qa’liplestiriwge xi’zmet yetip kelgen yedi. Bunday ma’kkar ha’m zorawanli’q siyasati’ aqi’betinde milletlerdin’ wo’zligin an’lawg’a bolg’an umti’li’si’na u’lken soqqi’ berildi. Bul buri’ng’a awqamda uli’wmamilliy krizisti ju’zege keltirdi.

Bul krizis millettin’ «joq» boli’p ketiwi qa’wpin ju’zege keltirdi.Bunday unamsi’z processtin’ aldi’n almay turi’p, millettin’ rawajlani’wi’na yerisip bolmaydi’. Woni’ saplasti’ri’w tek milliy ruwxi’yli’qti’ tiklew ha’m rawajlandi’ri’w arqali’ a’melge asi’ri’li’wi’ mu’mkin.

**Besinshiden**, ruwxi’yli’qti’n’ ma’mleket siyasati’nda u’stin boli’wi’na tag’i’ bir sebep, millet sani’ jag’i’nan u’lken yaki kishi boli’wi’na qaramastan, woni’n real sub’ekt, belgili bir materialli’q ha’m ruwxi’y bayli’qlardi’n’ jarati’wshi’si’, tuti’ni’wshi’si’, basqalarda ushi’rpaspaytug’i’n, wo’zine ta’n wo’zgesheliginin’ bar boli’wi’ ha’m wo’zinin’ g’a’rezsiz worni’na iye boli’wi’ kibi faktorlardi’, yag’ni’y haqi’yqi’y millet si’pati’ndag’i’ statusi’n qayta tiklew turmi’sli’q talap da’rejesine ko’terilgen yedi. Woni’ sheshiw millet ha’m ma’mlekettin’ keleshegi ushi’n a’meliy a’hmiyetke iye boli’p tabi’ladi’.

**Alti’nshi’dan**, wo’zbekler dun’ya civilizaciyasi’na u’lken u’les qosqan xali’q boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ ruwxi’yli’q, ilim, ma’deniyat tarawi’ndag’i’ yerisken tabi’slari’ du’n’ya xali’qlari’na a’sirler asa xi’zmet yetip kelmekte. Biraq shoralar

du’zimi da’wirinde ata-babalari’ ta’repinen jarati’lg’an a’ne usi’ tabi’slardi’ wo’zbek xalqi’ni’n’ sanasi’ ha’m qa’lbinen «shi’g’ari’w» bari’si’nda da u’lken isler a’melge asi’ri’lg’an yedi. G’a’rezsizlik sha’rayati’nda bolsa woni’ qayta tiklew, du’n’ya civilizaciyasi’ndag’i’ mu’na’sip ha’m a’dalatli’ worni’n tiklew za’ru’r yedi. Bug’an bolsa tek ruwxi’yli’qti’ rawajlandi’ri’w arqali’ yerisiw mu’mkin.

**Jetinshiden**, ruwxi’yli’q milletti ha’m pu’tkil ma’mleket xalqi’n belgili bir maqsetlerge qaray ma’mleket a’tirapi’nda uyi’mlasti’ri’ushi’, wolardi’ belsendilestiriwshi, jarqi’n keleshekke isendiriwshi, insan zati’n uli’g’lawshi’, woni’n’ qa’dirin an’lati’wshi’ u’lken «mexanizm» de boli’p tabi’ladi’. A’ne usi’ a’hmiyetli mexanizmnen g’a’rezsizlikti bekkemlew, reformalardi’ a’melge asi’ri’w, milletimizdin’ qa’ddin ko’teriwde paydalani’wg’a bolg’an talap ma’mleketimiz, Prezidentimiz Islam Karimov ta’repinen wo’z waqti’nda an’lap ali’ndi’.

A’ne usi’ sebepler ha’m talaplar g’a’rezsizligimizdi qolg’a kirgizgenimizden son’ ruwxi’yli’qti’ rawajlandi’ri’wdi’n’ ha’m milliy miyrasti’ qayta tiklewdin’ u’stinlikke iye ma’mleket siyasati’ da’rejesine ko’teriliwine ali’p keldi. Usi’ siyasatti’n’ ko’rinisi si’pati’nda yelimizde to’mendegi isler a’melge asi’ri’ldi’:

1989-ji’li’ 21-oktyabr’de wo’zbek tiline ma’mleketlik til biyligi berildi. Ulli’ woyshi’l dani’shpan shayi’r A’liysher Nawayi’ni’n’ 550 ji’lli’g’i’ hu’rmetine 1991-ji’li’ sentyabr’de Tashkent qalasi’nda shayi’rdi’n’ yesteligi ashi’ldi’ ha’m milliy bag’ jarati’ldi’.

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 1991-ji’li’ 12-fevral’da «Respublika «Nawri’z» uli’wma xali’qli’q bayrami’na tayarli’q ko’riw ha’m woni’ wo’tkeriw haqqi’nda»g’i’ Pa’rmani’ tiykari’nan milliy wo’zligimizdin’ qutli’ qa’demleri boldi’. Bayram mu’na’sibeti menen awqam da’wirinde jazi’qsi’z jazalang’an, ni’zamsi’z qamaqqa ali’ng’an Watanlaslari’mi’z Prezident Pa’rmani’na muwapi’q azat yetilip wo’z shan’araqlari’na, tuwg’an yel-xalqi’ qatari’na qosi’ldi’. O’zbekistanda 1991-ji’l 16-aprel’ «Ramazan hayt» ku’nine tuwra keliwi mu’na’sibeti menen ma’mleketimizde dem ali’s ku’ni dep ja’riyalaw tuwrali’ Prezident Pa’rmani’ shi’qti’. Sol ku’nnen baslap ma’mleketimizde ha’r ji’li’ «Ramazan» ha’m «Qurban» haytlari’ bayram si’pati’nda belgilenbekte. Wog’ada

ken’ ko’lemdegi qutli’ ha’m inabatli’ isler wo’z-wo’zinen wo’zlikti an’lawdag’i’ jan’a qa’demler boli’p ruwxi’y-ma’deniy wo’mirdegi za’ru’rli ha’m ni’zamli’ basqi’sh boli’p xi’zmet atqardi’.

Usi’ jerde 1989-ji’li’ ma’deniyat ministrligi tarawi’nda respublika milletler arali’q ma’deniy orayi’ni’n’ sho’lkemlestirilgenin ayri’qsha atap wo’tiw wori’nli’. Yegerde 1990-ji’llardi’n’ baslari’nda O’zbekistanda 12 milliy-ma’deniy woray xi’zmet ko’rsetken bolsa, ha’zirgi ku’nde wolardi’n’ sani’ 100 ge jaqi’n. Tek Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ wo’zinde rus, qazaq, tu’rkmen, koreec milliy-ma’deniy woraylari’ islep turi’pti’. 1992-ji’li’ yanvar’ ayi’nda hu’kimetlik qarar menen Respublika Internacionalli’q ma’deniy worayi’ sho’lkemlestirildi.

1994-ji’l 23-aprel’de O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ Pa’rmani’ menen Respublika «Ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’q» ja’miyetshilik worayi’ sho’lkemlestirildi.

Bunnan son’ wori’nlarda ruwxi’yli’q-ag’arti’wshi’li’q jumi’slari’ ja’ne de janlandi’. Mi’n’lap ushi’rasi’wlar, sa’wbetlesiwler, do’n’gelek stollar uyi’mlasti’ri’ldi’, ju’zlep maqalalar, ilimiy kitaplar basi’p shi’g’ari’ldi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ ja’miyettegi salamat ku’shler – joqari’ talant ha’m aqi’l-woy iyelerinin’ aqi’li’y potenciali’n Watanni’n’ keleshegine qaray bag’darlaw, milletlerara tati’wli’q ha’m dosli’qti’ bekkemlew, wolardi’n’ ma’nawiy kamalati’n joqari’-lati’w, ata-babalari’mi’z ta’repinen jarati’lg’an biybaha ma’deniy miyrasi’mi’z, milliy qa’diriyatlari’mi’zdi’ tiklewge, yen’ basli’si’, wo’zligimizdi an’lawg’a qatti’ ta’sir ko’rsetti, xalqi’mi’zdi’n’ ulli’ jarati’wshi’li’q ko’regenligin ju’zege shi’g’ari’wg’a xi’zmet yetti. Yen’ a’hmiyetlisi, ja’miyet progresinin’ tiykarg’i’ faktorlari’ni’n’ biri – salamat ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q wortali’q jarati’ldi’.

Bul bag’dardag’i’ iskerlikti ja’ne de rawajlandi’ri’w maqsetinde 1996-ji’l 9-sentyabr’de O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ «Ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q» ja’miyetshilik worayi’ni’n’ iskerligin ja’ne de jetilistiriw ha’m na’tiyjeligin asi’ri’w haqqi’nda»g’i’ Pa’rmani’ shi’qti’. Woni’n’ tiykari’nda 1997-ji’ldan baslap 1-oktyabr’ «Woqi’ti’wshi’lar ha’m ustazlar ku’ni» dep dag’azalandi’, «Ma’naviyat»

baspasi’ sho’lkemlestirildi, «Ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’q» ja’miyetlik worayi’ qasi’nan «Alti’n miyras» xali’qarali’q fondi’ du’zildi.

Ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’q tarawi’ndag’i’ jumi’slardi’ ja’ne de ta’rtipke keltiriw, woni’n’ iskerliginin’ na’tiyjeligin artti’ri’w maqsetinde O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I. Karimov 1999-ji’l 3-sentyabr’de «Respublikali’q ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’q Ken’esin qollap-quwatlaw haqqi’nda»g’i’ Pa’rmani’na qol qoydi’.

Pa’rmang’a muwapi’q, ma’mleket turmi’si’ni’n’ gu’lla’n qatlamlari’n ha’m barli’q tarawlari’n yerkinlestiriw, xali’qti’n’ socialli’q-siyasiy bilimin, huqi’qi’y tu’sinigin, belsendiligin asi’ri’p bari’wda joqari’ ma’nawiyatli’, milliy ha’m uli’wmainsani’y pazi’yletlerdi wo’zinde ja’mlestirilgen, demokratiyali’q princpler, puqarali’q ja’miyeti tiykarlari’n ha’r ta’repleme wo’zlestirgen yerkin ha’m ha’r ta’repleme ba’rkamal jas a’wladti’ ta’rbiyalaw Ken’estin’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ si’pati’nda belgilendi. Bul haqqi’nda I. Karimov: «Biz huquqi’y demokratiyali’q ma’mleket, yerkin puqarali’q ja’miyet quri’p ati’rg’an yekenbiz, ruwxi’yli’q tarawi’ndag’i’ XXI a’sirge mo’lsherlengen ha’reket bag’darlamami’z a’ne usi’nnan kelip shi’g’i’wi’ kerek. Yag’ni’y yerkin puqara sanali’ jasaytug’i’n, biyg’a’rez pikirge iye bolg’an shaxs ruwxi’yli’g’i’n qa’liplestiriw bizin’ bas milliy ideyami’z boli’wi’ za’ru’r»[5] dep ko’rsetken yedi.

G’a’rezsizlik ji’llari’nda ma’nawiy miyrasi’mi’zdi’n’ bay g’a’ziynelerine u’les qosqan ulli’ ali’mlardi’n’ atlari’ qayta tiklendi, wolardi’n’ tuwi’lg’an ku’nleri ni’shanlanbaqta, miynetleri jari’q ko’rmekte. Bahawiddin Naqshbandiydin’ 675 ji’lli’g’i’, Najmiddin Qubrani’n’ 850 ji’lli’g’i’ ken’ ni’shanlandi’. 1998-ji’lda Imam a’l-Buxariy ha’ziretlerinin’ 1225 ji’lli’g’i’, Axmed a’l-Ferg’aniydin’ 1200 ji’lli’g’i’ni’n’ belgileniwi Prezidentimizdin’ tikkeley basshi’li’g’i’nda a’melge asi’ri’ldi’.

G’a’rezsizlik ji’llari’ Qurani’ Ka’rim o’zbek tiline awdarma qi’li’ndi’. Imam a’l-Buxariydin’ 4 tomli’q ha’dislerin baspadan shi’g’ari’w tamamlandi’. Xoja Axmed Yassawiydin’ «Hikmetler» toplami’ baspadan shi’g’ari’ldi’.

---

[5] Karimov I.A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: «Ma’naviyat», 2008, 18-bet.

1998-ji’li’ O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 22-maydag’i’ qarari’ menen qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ tiykari’n sali’wshi’lardi’n’ biri Berdaq (Berdimurat) G’arg’abay uli’ni’n’ 170-ji’lli’q merekesi pu’tkil O’zbekistan ko’leminde belgilendi ha’m paytaxti’mi’z No’kis qalasi’nda Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq universiteti qasi’nan Berdaq muzeyi sali’ndi’.

1999-ji’ldi’n’ 19-avgusti’nda O’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ «A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ tuwi’lg’an ku’ninin’ 175-ji’lli’g’i’n belgilew haqqi’nda» № 389-sanli’ qarari’ ja’riyalandi’. Usi’g’an sa’ykes 1999-ji’ldi’n’ 18-dekabrinde A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ 175-ji’lli’g’i’ saltanatli’ belgilendi.

«Alpami’s» da’stani’ni’n’ 1000-ji’lli’g’i’n wo’tkeriw boyi’nsha Qarqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ta’repinen O’zbekstan Ministrler Kabinetinin’ qarari’na tiykarlani’p, 1998-ji’li’ 17-fevral’da 43/2 sanli’[6] qarari’ qabi’l etildi.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda Shi’g’i’s xali’qlari’ni’n’ epikali’q do’retiwshilik u’lgileri arasi’nda a’hmiyetli wori’n tutatug’i’n «Alpami’s» da’stani’ni’n’ 1000 ji’lli’g’i’ wo’tkeriliwi, «Tu’rkstan uli’wma u’yimiz» urani’ni’n’ ni’shani’ boli’p tabi’ladi’.

G’a’rezsizligimiz sharapati’ menen babami’z A’mir Temur, Mi’rza Uli’g’bek, Babur mi’rzalardi’n’ atlari’ qayta tiklendi. Wolardi’n’ atlari’na parkler, ko’sheler, qi’yabanlar qoyi’li’p tuwi’lg’an sa’neleri uli’wma xali’qli’q bayram si’pati’nda ni’shanlandi’. Abdulla Qadiriy, Sholpan, Fitrat, Usman Nasi’r, Bexbudiy ha’m basqalardi’n’ atlari’ tiklendi. Qatag’anli’q ji’llari’nda milletimiz g’a’rezsizligin ta’miyinlew joli’nda qurban bolg’an xalqi’mi’zdi’n’ su’yikli ullari’ni’n’ mu’ba’rek atlari’n ma’n’gilestiriw maqsetinde Watani’mi’z paytaxti’ Tashkent qalasi’nda shahidler qi’yabani’ jarati’ldi’. Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ pa’rmani’ menen 9-may ku’ni yeske tu’siriw ha’m qa’dirlew ku’ni dep belgilenip, Watan ushi’n, wo’zbek xalqi’ni’n’ azatli’g’i’ ushi’n jan bergen sheyitlerdi yeslew ha’m qa’sterlewge bag’i’shlang’an yesteliklerdin’ No’kis qalasi’nda da ha’m

[6] «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 25-may, 1999-ji’l, №62 (17-190)

respublikani’n’ barli’q aymaqlari’nda wornati’li’wi’ xali’qta u’lken ruwxlani’wshi’li’q tuwdi’rdi’ ha’m keleshegine u’lken isenim payda yetti.

Sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ aymag’i’nda buri’n awi’zg’a ali’wg’a qorqatug’i’n yerkinlik ha’m g’a’rezsizlik ushi’n gu’resken Yerejep biy, A’bdija’liy maqsi’m, Wo’tesh bati’r h.t.b. yel perzentlerinin’ ati’ tiklenip xali’qti’n’ kewlin tolti’rdi’.

Uzaq tariyxi’mi’z, bay ma’deniyati’mi’zdan guwali’q beriwshi Xiywa ha’m Buxara qalalari’ni’n’ 2500 ji’lli’q toylari’ 1997-ji’li’ u’lken itibar menen ni’shanlandi’. Xalqi’mi’zdi’n’ ulli’ qaharmanlari’ni’n’ biri esaplang’an Jalalatdin Manguberdinin’ 800-ji’lli’g’i’, 2001-ji’li’ u’lken miyrasi’mi’z esaplang’an Avestoni’n’ 2700-ji’lli’g’i’, 2002-ji’lda Termiz qalasi’ni’n’ 2500-ji’lli’g’i’ ni’shanlandi’.

G’a’rezsizlik ji’llari’ ruwxi’yati’mi’zdi’n’ a’hmiyetli buwi’ni’ yesaplang’an ta’lim ha’m ta’rbiya sistemasi’na milliy ruwx bag’i’shlawda bir qatar isler a’melge asi’ri’ldi’. A’sirese «Bilimlendiriw haqqi’nda Ni’zam», «Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’» ha’m «Salamat a’wlad» bag’darlamasi’ni’n’ qabi’llani’wi’ milliy ruwxi’yati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’nda, ma’mleketimizdin’ keleshekte rawajlang’an ma’mleketler qatari’nan mu’na’sip wori’n iyelewinde, milletimiz abi’royi’ni’n’ asi’p bari’wi’nda wog’ada a’hmiyetli qa’dem boldi’. Islengen jumi’slar ma’nawiy miyrasi’mi’zdi’ wo’zlestiriw, milliy wo’zligimizdi an’law ha’m basqa da ko’plep ma’nawiy turmi’si’mi’zda a’melge asi’ri’lg’an wo’zgerisler g’a’rezsizligimizdin’ jemisi esaplanadi’.

## I bap boyi’nsha juwmaq

Bu’gingi ku’nde ja’miyetimizde insanni’n’ wo’miri ha’m iskerliginin’ materialli’q tarawi’ menen bir qatarda ma’nawiy, a’dep-ikramli’li’q, ma’deniy tarawlari’ni’n’ da man’i’zli’ a’hmiyetke iye yekenligi ta’n ali’ng’an haqi’yqatli’q boli’p qalmaqta. Socialli’q, ekonomikali’q ha’m basqa da wo’zgerisler tabi’sli’ rawajlana almaydi’, yeger wolarg’a sa’ykes tu’rde du’n’yag’a ko’z-qaras, a’dep-ikramli’li’q, ma’deniyat, ma’nawiyat tarawlari’nda wo’zgerisler, jan’alani’wlar wori’n almasa. Bul a’sirese bu’gingi, ja’miyetimiz tez pa’tler menen wo’zgerip, jan’alani’p, rawajlani’p barati’rg’an bir da’wirde wog’ada aktual boli’p tabi’ladi’.

Yelimiz wo’z g’a’rezsizligine yeriskennen keyin socialli’q-siyasiy, ekonomikali’q tarawdag’i’ reformalar menen bir qatarda ma’nawiy-ma’ripiy tarawda da bir qatar reformalar a’melge asi’ri’ldi’. Bul reformalarg’a za’ru’rlik ob’ektiv xarakterge iye boli’p, wol xalqi’mi’zdi’n’ azat ha’m abat Watan, yerkin ha’m pa’rawan turmi’s quri’w si’yaqli’ ulli’ maqseti joli’nda jat ha’m biygana ideyalarg’a qarsi’ gu’rese alatug’i’n ba’rkamal insanlardi’ kamalga keltiriw, ideyali’q bosli’qti’n’ boli’wi’na jol qoymaw ha’m ma’mlekettin’ joqari’ rawajlani’wi’n ta’miyinlew faktorlari’ menen belgilendi.

## II-bap. Siyasatti’n’ ruwxi’y-a’dep-ikramli’li’q negizleri

### 2.1. Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’q

Zamanago’y ja’miyette siyasat ha’kimiyat ha’m ja’miyetti basqari’w ju’zesinen adamlar wortasi’ndag’a qari’m-qatnasi’qlardi’n’, iskerliktin’, bag’darlar ha’m kommunikaciyali’q baylani’slardi’n’ ra’n’-ba’ren’ du’n’yasi’ boli’p tabi’ladi’. Siyasatti’n’ tiykarg’i’ faktorlari’na, birinshi gezekte, iri socialli’q topar-lar (klasslar, milletler, xali’qlar, civilizaciyalar), wolardi’n’ ma’plerin an’lati’wshi’ siyasiy sho’lkemler, institutlar ha’reketler ha’m wolardi’n’ liderleri kiredi.

Zamanago’y ilimde siyasat ilim ha’m iskusstvo si’pati’nda ani’qlanadi’. Ilim dep insaniyatqa ja’miyetlik rawajlani’w ni’zamli’qlari’ belgili bolg’annan baslap atala basladi’. Bul ni’zamli’qlardi’ biliw siyasiy turmi’sqa sanali’ ta’sir ko’rsetiw imikaniyati’n jaratti’. Soni’n’ menen bir waqi’tta siyasat iskusstvo da boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni siyasiy processlerdin’ sub’ektiv ta’repleri menen de is ko’redi ha’m ta’jiriybe, intuiciya, do’retiwshilik bati’lli’q ha’m fantaziyani’ da talap yetedi.

Siyasat adamlar arqali’ ju’zege shi’g’i’p, wolardi’n’ qa’siyetlerin, qa’diriyatlari’n adekvat tu’rde sa’wlelendiredi. Siyasatti’n’ mazmuni’ woni’n’ maqsetlerinde, sheship ati’rg’an mashqalalari’nda, siyasiy sheshimler qabi’llaw motivlerinde, qag’i’ydalari’nda ha’m mexanizmlerinde wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Siyasat adamlar birlesiginin’ jasawi’ni’n’ mazmuni’n ani’qlaydi’, siyasatti’n’ barli’q sub’ektlerinin’ uli’wmali’q ma’plerin belgileydi, wolar ushi’n maqul bolg’an minez-quli’q qag’i’ydalari’n islep shi’g’adi’, wo’lar wortasi’nda funkciyalardi’ ha’m rollerdi bo’listiredi, barli’q sub’ektler ushi’n tu’sinikli bolg’an, wolar wortasi’nda na’tiyjeli wo’z-ara ta’sir ha’m wo’z-ara tu’siniwdi ta’miyinleytug’i’nday til jaratadi’. XIV a’sirdegi rus siyasiy g’ayratkeri ha’m ali’mi’ Yu.Krijanich bi’lay dep jazadi’: «Wo’zgerislerdi qa’lemeytug’i’nday yetip basqar. Buni’n’ ushi’n qayi’rli’li’q, a’dalat, ti’ni’shli’qti’, pa’rawanli’qti’, dindi, sudti’, paraxatshi’li’qti’ ha’m arzanshi’li’qti’ ta’miyinlew kerek!»[7]. Siyasat – bul so’zdin’ joqari’ ma’nisinde – kar’era, dan’qparazli’q, ha’melparazli’q yemes, al

[7] Крижанич Ю. Политика. – М.: 1997

xali’qti’n’ ma’plerine haqi’yqi’y xi’zmet yetiw: belgili bir klassqa yaki toparg’a yemes, al pu’tkil xali’qqa. Siyasat tek g’ana basqari’wshi’li’rdi’n’ yemes, al soni’n’ menen bir qatarda pu’tkil xali’qti’n’ baxti’na ha’m abadanli’g’i’na xi’zmet yetiwi lazi’m.

Yeger siyasat pa’s niyetler ha’m maqsetlerge xi’zmet yetse, jalg’ang’a, ma’kkarli’qqa ha’m ji’yanatqa quri’lsa, wonda wol a’lbette «iplas is»ke aylanadi’. Bunday siyasatqa tek g’ana joqari’ ma’nawiyatqa ha’m basqa da a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlari’na su’yengen siyasat qarsi’ tura aladi’.

Siyasiy du’n’ya, woni’n’ institutlari’, qari’m-qatnasi’qlari’, siyasiy du’n’yag’a ko’z-qaraslari’ ha’m anaw yaki mi’naw ja’miyetler ag’zalari’ni’n’ minez-qulqi’na qati’nasli’ a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlar ha’m normalar ji’yi’nti’g’i’ siyasiy etikani’ quraydi’. Wolar uli’wma siyasiy bag’dardi’ ha’m jeke adamlardi’n’ siyasiy iskerligin bahalawda qollani’ladi’. A’dep-ikramli’li’q adamdi’ minez-quli’qti’n’ keskin, unamsi’z formalari’nan irkedi, individ ha’m pu’tkil ja’miyet wortasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlardi’ saplasti’ri’wg’a ja’rdem beredi. A’yyemgi da’wirlerde da’slepki adamzat ja’ma’a’tleri adamlardi’n’ wo’z-ara ta’sirlerin ko’binese u’rp-a’detler, da’stu’rler, tabu ha’m wolar tiykari’nda qa’liplesetug’i’n a’dep-ikramli’li’q, sonday-aq socialli’q qadag’alaw institutlari’ bolg’an shan’araq ha’m obshina  ja’rdeminde ta’rtipke sali’p kelgen. Quramali’ birlesiklerdin payda boli’wi’ ha’m da’stu’riy socialli’q qadag’alaw formalari’ni’n’ ha’lsirewi menen ja’miyettin’ rawajlani’wi’nda tiykarg’i’ ha’kimiyatli’q-ta’rtipke sali’w funkciyasi’n  atqari’wshi’ siyasiy institutlardi’n’ da, ja’miyetti ta’rbiyalawda a’dep-ikramli’li’qti’n’ da  roli arti’p bardi’.  A’dep-ikramli’li’q siyasiy is-ha’reketti anaw yaki mi’naw da’rejede si’patlap beredi, biraq wo’zi wonnan ti’sqari’da turadi’, tek woni’n’ menen belgili bir qari’m-qatnasi’qqa kiriwi mu’mkin. A’dep-ikramli’li’q siyasatti’, qadag’alawsi’z siyasiy iskerliktin’ yerkinligin sheklewi mu’mkin. Sonli’qtan siyasat ko’binese wonnan azat boli’wg’a umti’ladi’. A’yne a’dep-ikramli’li’q ha’m qayi’rli’li’q talaplari’ haqi’yqi’y siyasat negizi boli’p xi’zmet yetedi.

A’dep-ikramli’li’q ta, siyasat ta ja’miyettin’ sho’lkemlestiriwshi, ta’rtipke sali’wshi’, qadag’alawshi’ tarawlari’ boli’p tabi’ladi’, biraq wolardi’n’ jasawi’, ha’reket yetiwi bir-birinen bir qansha pari’qlanadi’.

Basqa sho’lkemlestiriwshi-qadagalawshi’ tarawlardan pari’qli’ tu’rde a’dep-ikramli’li’q zatli’q formag’a iye yemes, basqari’w apparatlari’nda, ha’kimiyat institutlari’nda materiallaspaydi’, basqari’w woraylari’ ha’m baylani’s qurallari’ wori’n almag’an ha’m tek g’ana tilde ham so’ylewde belgilenedi, biraq birinshi gezekte – basqa ja’miyetlik qubi’li’slardi’n’ sa’wleleniwinde, qa’siyetlerinde ha’m wo’zgesheliklerinde. Soni’n menen birge wol siyasatti’n’ barli’q fenomenlerin qamti’p aladi’. Konfuciydin’ aytqani’nday, «Haqi’yqi’y a’dep-ikramli’li’q nede yekeni ani’q bolg’ani’nda, basqa barli’q na’rseler de ani’qlasadi’»[8].

Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’q wortasi’ndag’i’ uli’wmali’q sonnan ibarat, siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’q ja’miyetlik turmi’sti’n’ yen’ yertedegi regulyatori’na jatadi’, socialli’q tan’law tarawi’na tiyisli. Sonli’qtan wolar ha’reketshen’ ha’m wo’zgeriwshen’, sonday-aq adamlardi’n’ ha’m birlesiklerdin’ minez-qulqi’ni’n’ negizi boli’p tabi’ladi’.

Bunnan ti’sqari’ siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’q wortasi’nda pari’qlar da wori’n alg’an.

Birinshiden, siyasatti’n’ yen’ basli’ ayri’qsha wo’zgesheligi woni’n’ ku’shke tayani’wi’, talaplar wori’nlanbag’ani’nda ma’jbu’rlew sankciyalari’n qollani’wi’. A’dep-ikramli’li’q bolsa, principinde, ku’sh isletiwdi qaralaydi’ ha’m tiykari’nan hu’jdan tu’sinigine su’yenedi.

Yekinshiden, a’dep-ikramli’li’q ha’r dayi’m individual, woni’n’ sub’ekti - wo’z tan’lawi’n a’melge asi’ratug’i’n jeke adam. Siyasat bolsa a’dette toparli’q, ja’ma’a’tlik xarakterge iye.

U’shinshiden, a’dep-ikramli’li’qti’n’ ko’pshilik imperativleri ideallar xarakterine iye, adamlar wolar menen wo’z is-ha’reketlerin sa’ykeslestirip woti’ri’wlari’ kerek, biraq real wo’mirde derlik hesh kim bul ideallarg’a yerise almaydi’. A’dep-ikramli’li’q is-ha’reketlerdin’ ishki, sub’ektiv keshirmelerin

[8] Qaran’i’z: Энциклопедия мысли. – Симферополь, 1999

bahalaydi’. Siyasat bolsa maqsetke muwapi’qlasti’ri’lg’an, yag’ni’y belgili bir maqsetlerge, na’tiyjelerge yerisiwge bag’darlang’an. Siyasiy g’ayratkerler a’dette muhabbat yaki jek ko’riwshilikti basshi’li’qqa almaydi’, wolardi’ sezimler yemes, al ma’pler bag’darlap woti’radi’.

To’rtinshiden, siyasat pu’tkil ja’miyetke qati’nasli’ bolg’an ha’m ha’kimiyat-ti’ qollani’wdi’ talap yetetug’i’n toparli’q socialli’q konfliktlerdi ta’rtipke sali’w-g’a bag’darlang’an iskerlik boli’p tabi’ladi’. A’dep-ikramli’li’q bolsa adamlar wortasi’ndag’i’ ku’ndelikli individual mu’na’sibetlerdi si’patlaydi’, wolardi’n’ jeke ha’diysesi konflikt boli’p, a’dette wol siyasiy keskinlikke wo’sip jetpeydi.

Besinshiden, siyasatti’n’ tiykari’n adamlardi’n ekonomikali’q ha’m basqa da basli’ ma’pleri ha’m za’ru’rlikleri quraydi’. A’dep-ikramli’li’qti’n’ deregi uli’wmainsani’y, socialli’q-ma’deniy ha’m basqa da ja’ma’a’tlik qa’diriyatlar boli’p tabi’ladi’, wolarg’a a’mel yetiw individke shaxsiy payda ali’p kelmeydi.

A’dep-ikramli’li’q ha’m siyasat wortasi’ndag’i’ wo’z-ara ta’sirlerdin’ u’sh varianti’n ko’rsetiw mu’mkin:

1) A’dep-ikramli’li’q ha’m din ta’repinen siyasatti’n’ toli’q bag’i’ndi’ri’li’wi’ (mi’sali’, Worta a’sirlerde);

2) A’dep-ikramli’li’q ha’m siyasat wortasi’nda salmaqli’ u’ziliwlerdin’, aji’rali’p qali’wlardi’n’ wori’n ali’wi’ (aytayi’q, diktatura sha’rayatlari’nde tek diktatorg’a xi’zmet yetetug’i’n na’rseler g’ana a’dep-ikramli’ boli’wi’ mu’mkin);

3) Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’qti’n’ aqi’lg’a muwapi’q wo’z-ara ta’sirlerinin’ saqlani’wi’ (demokratiyali’q, huqi’qi’y ja’miyette).

Siyasat ha’m a’dep-ikramli’li’qti’n’ wo’z-ara qatnasi’qlari’na jantasi’wdi’n’ to’mendegi tu’rlerin aji’rati’w mu’mkin:

**Moralizatorli’q jantasi’w**, wog’an muwapi’q siyasat tek g’ana joqari’ a’dep-ikramli’li’qli’ maqsetlerge (mi’sali’, uli’wmali’q ma’p, a’dalat) iye boli’p qalmastan, al soni’n’ menen birge ha’r qanday jag’dayda da a’dep-ikramli’li’q principlerdi (haqqani’yli’q, adamlarg’a qayi’rli’li’q, shi’nshi’lli’q) buzbastan tek a’dep-ikramli’li’q jaqtan maqul bolg’an qurallardi’ paydalani’wi’ kerek.

**Qa’diriyatli’q-neytral jantasi’w** siyasatti’n’ a’dep-ikramli’li’q qa’diriyatlari’n inabatqa almawi’na tiykarlanadi’. Bunday jantasi’w woni’ a’dep-ikramsi’z qi’ladi’. «Artxashastrada», N.Makiavellidin’ «Gosudar’» (Hu’kimdar) shi’g’armasi’nda «maqset qurallardi’ aqlaydi’» principinde qatan’ ma’mleketlik ha’kimiyatti’ qa’liplestiriw usi’llari’ su’wretlengen.

**Kompromissli jantasi’w** ko’pshilik ali’mlar ha’m siyasatshi’lar arasi’nda ken’ tarqalg’an. Wol siyasatta aqi’betlerdin’ wo’zine ta’nligin yesapqa alg’an halda etikali’q normalardi’ saqlaw za’ru’rligin ta’n ali’wdan kelip shi’g’adi’. Mine sonli’qtan da «jaqsi’ siyasat» «jaqsi’ a’dep-ikramli’li’qtan» pari’q qi’lmaydi’.

Zamanago’y du’n’yada siyasatqa qoyi’latug’i’n a’dep-ikramli’li’q talaplari’n institucionallasti’ri’wdi’n’ tyikarg’i’ bag’darlari’ insan huqi’qlari’n saqlaw, siyasatti’n’ socialli’q bag’darlang’anli’g’i’, turmi’sta demokratiyali’q principlerdin’ tasti’yi’qlani’wi’, ja’miyettin’ huqi’qi’y negizlerin bekkemlew boli’p tabi’ladi’. Siyasatti’n’ haqi’yqi’y iskusstvosi’ – bul ha’r bir adamg’a qayi’rli’ boli’wdi’n’ paydali’ boli’wi’na yerisiw  iskusstvosi’.

Siyasat moralli’q ha’m amoralli’q boli’wi’ mu’mkin, lekin pu’tkilliy a’dep-ikramli’li’qtan pu’tkilley ji’raq boli’wi’ mu’mkin yemes.Wo’ytkeni siyasat udayi’na adamlardi’n’ konkret ma’plerin an’latadi’, belgili bir bahalawshi’ na’tiyjelerge iye boladi’, sa’ykes tu’rdegi metodlar ha’m qurallardan paydalanadi’, ha’r qi’yli’ da’rejedegi professionalizm menen a’melge asi’ri’ladi’. Wo’zinin’ ha’reket yetiwinin’ ha’m woni’n’ aqi’betlerinin’ a’hmiyetliligi sebepli siyasat udayi’na a’dep-ikramli’li’qti’n’ man’i’zli’ tarawlari’ni’n’ ha’m socialli’q a’depsizliktin’, ma’nawiyatsi’zli’qti’n’ yen’ qa’wipli tu’rlerinin’ biri  bolg’an, boli’p kelmekte ha’m boli’p qaladi’ da.

Zamanago’y sha’rayatlarda siyasatti’n’ a’dep-ikramli’li’q wo’lshemlerinin’ roli wo’sip barmaqta, sebebi ko’pshilik siyasiy sheshimlerdin’ «bahasi’» yeselep artpaqta, ja’miyetlik pikirdin’ siyasatqa ha’m siyasatshi’larg’a ta’sirinin’ a’hmiyeti artpaqta.

Ja’miyette a’dep-ikramli’li’qti’n’ roli, adamni’n jamanli’qtan, jawi’zli’qtan bas tarti’w sebepleri haqqi’nda A.Shopergauerdin’ pikirleri itibardi’ tartadi’.

Woni'n' ko'z-qarasi'nda, «jamanli'q islemeytug'i'n, biraq woni' islewge qa'biletli adam, wog'an to'mendegi motivler sebepli iytermelenedi: 1) jazalani'w yaki wo'sh qorqi'ni'shi', 2) wol du'n'yada qayti'mi' bar yekenliginen qorqi'w, 3) ra'him-sha'pa'a't, 4) ar-nami'si'n woylap, yag'ni'y uyatqa qali'wdan qorqi'p ha'm 5) halalli'q, yag'ni'y ob'ektiv sadi'qli'q ha'm wapadarli'q, soni'n' menen birge adamzatti'n birge jasawi'ni'n' usi' muqaddes tiykarlari'n bulji'tpay saqlaw sheshimi arqali'. Bul sezim u'lken a'hmiyetke iye. Wol hadal adamdi' haram, biraq da'meli isten jiyirkenish penen «Men hadal adamman!» dep ju'z buri'wg'a u'ndeydi»[9].

A'dep-ikramli'li'qti'n' siyasatqa ta'siri bir qatar bag'darlarda a'melge asi'ri'li'wi' mu'mkin ha'm kerek. Bul - a'dep-ikramli' maqsetlerdi qoyi'w ha'm wolarg'a, sonday-aq real jag'daylarg'a adekvat metodlar ha'm qurallardi' tan'law, iskerlik procesinde a'dep-ikramli'li'q principlerin yesapqa ali'w. siyasatti'n' na'tiyjeliligin ta'miyinlew. Bul talaplardi'n' barli'g'i'ni'n' wori'nlani'wi' wolarg'a yerisiw procesinde qollani'latug'i'n metodlar ham qurallardan g'a'rezli. Siyasat – bul tek g'ana shaxsi'y ha'kimiyat yemes, al jetekshi tarepinen qoyi'lg'an siyasiy maqsetlerdin' a'melge asi'ri'li'wi', mi'sali' demokratiya saltanati', milliy konfliktlerdin' aldi'n ali'w, ekonomikali'q wo'siwdi, ma'mleket xalqi'ni'n' pa'rawanli'g'i'n ha'm gu'lleniwin ta'miyinlew, ma'mlekettin' haqi'yqi'y ulli'li'g'i'. Demokratiyali'q siyasatshi', politikannan pari'qli' tu'rde, ha'kimiyatqa wonnan la'zzetleniw ushi'n umti'li'maydi', al woni'n' ja'rdeminde ja'miyetlik a'hmiyetli ma'selelerdi sheshiw ushi'n gu'resedi. Sonli'qtan siyasatshi'ni'n' haqi'yqi'y tabi'si' – bul birinshi gezekte woni'n' iskerlik bag'darlamasi'ni'n' tabi'si', woni'n' jumi'si'ni'n' ja'miyet ha'm tariyx ta'repinen joqari' bahalani'wi'.

---

[9] Qaran'i'z: Шопенгауэр А. Мир как воля и представление. Афоризмы и максимы. Новые афоризмы. – М.: 1998

## 2.2. Liberal-demokratiyani'n' ruwxi'y negizleri

«Demokratiya» so'zi grekshe demos — xali'q ha'm kratos — ha'kimiyat so'zlerinen ali'ng'an, yag'ni'y xali'q ha'kimiyati'n ko'zde tutadi'. Bul ha'kimiyat yerkin saylawlarda an'latpasi'n tawadi', wonda xali'q anaw yaki mi'naw pretendent ushi'n dawi's beredi, mi'sali' ma'mleket basshi'si' posti'na, xali'qti'n' ma'mleketlik a'hmiyetke iye ma'slelerdi sheshiw boyi'nsha referendumlarg'a qatnasi'wi'nda ko'rinis tabadi'. «Yerkinlik da'r'yasi'ni'n'» tag'i' bir ji'lg'asi' liberalizm boli'p tabi'ladi'. Liberalizm ( lat. liberalis — yerkin) — bul so'zdin' ken' ma'nisindegi yerkinlik: pikirler plyuralizmi, isbilermenlik yerkinligi, hu'jdan yerkinligi, wo'z yerkinligi, aytayi'q, g'alaba xabar qurallari'ni'n', baspaso'zdin', anaw yaki mi'naw ni'zam buzi'wshi'li'q formalari'n jurnalistlik izertlewlerdin'. «Liberal demokratiya» so'z dizbegi usi' yeki ma'nisti de wo'z ishine aladi'. Liberal-demokratiya – bul yerkinlik. Biraq qay jerde yerkinlik bolsa, sol jerde woni' taplap, wo'z basi'mshali'qqa aylandi'ri'w ha'reketi de wori'n aladi'. Sonli'qtan da U.Cherchill' demokratiyani'n' ma'mleket basqari'wi'ni'n' yen' jaman tu'ri yekeniin, biraq adamzatti'n' bu'gingi ku'nge shekem wonnan abzali'n taba almag'anli'g'i'n atap ko'rsetken.

Demokratiya principleri ha'r qashan da ulli' adamlardi' ilhamlandi'ri'p kelgen: A'yyemgi Afinadag'i' Periklden baslap bul principlrdi G'a'rezsizlik deklaraciyasi'nda sa'wlelendirgen AQSHtag'i' T. Djeffersong'a shekem (1776)[10] .

So'zliklerde «demokratiya» ha'kimiyatti'n' xali'qli'q formasi' si'pati'nda atap ko'rsetiledi, bunda xali'q yen' joqarg'i' ha'kimiyatqa iye boli'p, woni' yaki wo'zi tikkeley tu'rde, yaki saylang'an wa'killeri arqali' a'melge asi'radi'. A. Linkol'nnin' so'zlerinshe, demokratiya — bul «xali'q ta'repinen xali'q ushi'n a'melge asi'ri'latug'i'n xali'qti'n' basqari'wi'».

Demokratiya ko'binese a'piwayi' yerkinlik si'pati'nda da tu'siniledi. Haqi'yqati'nda da, demokratiya wo'zinde yerkinlik ideyalari' ha'm principleri sistemasi'n sa'wlelendiredi. Degen menen wol wo'z ishine wolardi' a'melge

[10] Qaran'i'z: Монтескье Ш. Избранные произведения. - М., 1955. 300-301 betler

asi’ri’wdi’n’ uzaq ha’m qi’yi’nshi’li’qqa toli’ tariyx dawami’nda qa’liplesken a’meliy normalari’n ha’m usi’llari’nda aladi’. To’mendegishe de ayti’w mu’mkin: demokratiya — bul yerkinlik ideyalari’n ni’zamli’ status ha’m woni’ ja’miyet turmi’si’nda a’melge asi’ri’wdi’n’ belgili bir a’meliy usi’llari’ menen tolti’ri’w boli’p tabi’ladi’. Demokratiyali’q ja’miyetlerdin’ siyasiy sistemalari’ni’n’ basli’ xarakteristikalari’ konstituciyali’q basqari’wdi’n’ tiykarg’i’ principleri, insan huqi’qlari’ ha’m ha’mmenin’ ni’zam aldi’nda ten’ligi boli’p tabi’ladi’. «Absolyutistlik ma’mleketlerde korol’ ni’zam bolg’ani’ si’yaqli’ yerkin ma’mleketlerde de ni’zam korol’ boli’wi’ kerek ha’m basqasi’ bolmawi’ kerek»[11]. Solay yeken, jetilisken ma’mleket nademokratiyali’q bolmawi’ kerek: ja’miyettin’ normal puqarali’q turmi’si’ huqi’q normalari’na boysi’ng’an siyasiy yerkinlikti ko’zde tutadi’. Siyasiy yerkinlik wo’zin’nin’ socialli’q a’hmiyetli is-ha’reketlerin’de yen’ da’slep ni’zamlardan g’a’rezli boli’wdan ibarat.

Hu’jdan yerkinligi bar jerde ha’r bir jeke adam wog’an wo’zinin’ jeke ma’pleri ha’m isenimlerine itaat yetiwge imkaniyat beriwin talap yete aladi’, a’lbette, usi’ ja’miyette ha’reket yetiwshi huqi’qi’y normalar shen’berinde. Bul jerde SH. Montesk’yo so’zlerin keltiriw wori’nli’: «Yerkinlikten paydalani’w ushi’n ha’r kim woni’n’ wo’zi woylag’an zatti’ isley ali’wi’ kerek; yerkinlikti saqlap qali’w ushi’n da ha’r kim woni’n’ wo’zi woylag’an zati’n isley ali’wi’ kerek; sonli’qtan bunday ma’mleket puqarasi’ tikkeley ni’zam ko’rsetpeleri arqali’ ayti’w ha’m jazi’w qadag’an yetilgen na’rselerden basqa barli’q na’rselerdi ayta ha’m jaza aladi’»[12].

Gegel’ wo’z da’wirinde-aq ma’mleketlik ha’kimiyat ushi’n so’z yerkinligi puqaralardi’n’ u’nsizligine qarag’anda kemirek qa’wipli degen yedi, wo’ytkeni son’g’i’si’ kewillerinde usi’ iske qarsi’ aytajaqlari’n saqlawlari’ menen qa’wiplirek, wo’ytkeni bir bag’darda woylaw na’tiyje beredi, soni’n’ aqi’betinde barli’q isler buri’ng’i’ jol menen ketiwi mu’mkin[13]. Bunda qorqi’ni’sh sebepli g’ana boysi’ni’wshi’ adam, qorqi’ni’sh wo’tip ketkennen keyin qasqi’rg’a

[11] Пейн Т. Избранные сочинения. - М.: 1959. 33-bet
[12] Монтескье Ш. Избранные произведения. - М.: 1955. 426-bet
[13] Гегель Г.В.Ф. Сочинения. -М.: 1934. Т. VII. 338-bet.

aylanadi’. Juwapkershiligi ha’m ar-nami’si’ joq adam ya jeke, ya ja’miyetlik wo’zin-wo’zi basqari’wg’a qa’biletsiz, sonli’qtan yerkinlikke de, demokratiyag’a da qa’biletsiz boladi’. Yeger xali’qta salamat huqi’qi’y sana bolmasa, wonda yerkin demokratiyali’q du’zim principsiz, jalatay adamlar ushi’n paydaku’nemlik ha’m ji’nayatlar deregine aylanadi’. Haqi’yqi’y liberal-demokratiyali’q sistema xali’qti’n’ u’lken ta’jiriybe ha’m gu’reslerde toplag’an tariyxi’y ko’nlikpesin ko’zde tutadi’; wol xali’qta huqi’qi’y sana, ni’zamg’a boysi’ni’wshi’li’q ha’m yerkinlik ma’deniyati’n ko’zde tutadi’; wol adamlardan pikirlewinin’ siyasiy ku’shin ha’m tek jeke yemes, al socialli’q juwapkershilikti de janli’ seziniwdi talap yetedi.

Liberal-demokratiyali’q ja’miyette ha’kimiyat kim saylawlarda yerkin jari’sta woni’ qolg’a ala alg’an bolsa, sog’an tiyisli boli’wi’ kerek: haqi’yqi’y demokratiya ha’m haqi’yqi’y liberalizm ku’shli ha’kimiyatti’ na’zerde tutadi’. Sokratti’n’ aytqani’nday, ma’mlekette massalar yemes, al qayi’rli’ (jaqsi’) ha’m xabardar adamlar basqari’wi’ kerek. Keri jag’dayda, Aristotel’din’ a’dilana tasti’yi’q-lag’ani’nday, demokratiya ni’zamlardi’ itibarg’a almaytug’i’n oxlokratiyag’a (alamanni’n’ ha’kimiyati’na) aylani’p, ha’r qanday tu’rdegi demagoglar ha’m jag’i’mpazlar xali’qti’n’ ati’nan basqari’wi’ mu’mkin. Biraq demokratiyani’n’ yeki qi’yli’ tu’siniliwi – xali’q ha’kimiyati’ si’pati’nda ha’m ko’pshilik ha’kimiyati’ si’pati’nda – sa’ykes kelmeydi. Ko’pshilik aljasi’wi’ ha’m emociyalar, moment ta’siri asti’nda, wo’z ma’pleri ushi’n yamasa wolarg’a qarsi’ ha’m ma’mlekettin’ keleshegine zi’yanli’ tu’rde is tuti’wi’ mu’mkin. Bunday xali’qti’n’ aljasi’wi’na mi’saldi’ Afina demokratiyasi’ bergen – talantli’ won strategtin’ yamasa Sokratti’n’ wo’ltiriliwi. Demokratiyani’n’ ma’nis-mazmuni’ xali’qti’n’ wo’z basi’mshali’g’i’nda yemes, al wo’zi tan’lag’an adamlar arqali’ aqi’lg’a muwapi’q ni’zamlar shi’g’ari’p, wog’an xali’qti’n’ wo’zinin’ de boysi’ni’wi’nda.

Demokratiyani’ a’melge asi’ri’w mexanizmine qarap woni’n’ tikkeley xa’m wa’killik formalari’ aji’rati’ladi’. Tikkeley demokratiya barli’q puqaralardi’n’ saylang’an yamasa tayi’nlang’an wa’killerinsiz wo’zleri tikkeley tu’rde ja’miyetlik sheshimlerdi qabi’llawda qatnasi’wi’ menen si’patlanadi’. A’yyemgi Afina

du’n’yada birinshi ret tikkeley demokratiya principlerin a’melge asi’rg’an. Platonni’n’ ayti’wi’nsha, Afinada u’stemlik su’rgen ta’biyiy ten’lik basqari’w formasi’nda da ni’zamg’a sa’ykes ten’likti qollani’wg’a, soni’n’ menen bir waqi’tta yen’ qa’biletlirek ha’m danaraq adamg’a bag’i’ni’wdi’ qabi’l yetiwdi talap qi’ldi’. Bes-alti’ mi’n’lap adamlar toplang’an xali’q ji’ynali’slari’nda turmi’sli’q a’hmiyetke iye ma’seleler talqi’lang’an ha’m dawi’s beriwler wo’tkizilgen. Zamanago’y ma’mleketlerde, wolardi’n’ quramali’li’g’i’n ha’m puqaralardi’n’ ko’p sanli’li’g’i’n itibarg’a ali’p, bunday tu’rdegi demokratiyani’ a’melge asi’ri’w mu’mkinshiligi joq. Bu’gingi ku’nde puqaralar sheshimler qabi’llaw, ni’zamlar islep shi’g’i’w ha’m bag’darlamalardi’ turmi’sqa asi’ri’w ushi’n ra’smiy adamlardi’ saylaytug’i’n wa’killik demokratiya real boli’p tabi’ladi’. Bul ra’smiy adamlar xali’q ati’nan is tuti’p, quramali’ socialli’q ha’m xojali’q mashqalalari’nda aqi’l ha’m ta’rtipke muwapi’q sheshimler qabi’llawlari’ kerek. Bunday adamlardi’ saylaw proceduralari’ ha’r qi’yli’ boi’wi’ mu’mkin. Biraq wolar ma’mlekettin’ tiykarg’i’ ni’zami’na juwap beriwi kerek. Konkret saylaw proceduralari’ni’n’ ha’r qi’yli’li’g’i’ jag’dayi’nda wa’killik demokratiyada ra’smiy adamlar xali’q ati’nan is tuti’p, wo’zlerinin’ barli’q iskerliginde xali’q aldi’nda juwapker boli’p tabi’ladi’.

Ko’pshiliktin’ huqi’qlari’ ha’m azshi’li’qti’n’ huqi’qlari’ qanday? Barli’q demokratiyalar wo’zinde puqaralar yerkin tu’rde siyasiy sheshimlerdi ko’pshilik dawi’s principi tiykari’nda qabi’l yetetug’i’n sistemani’ sa’wlelendiredi. Biraq azshi’li’qti’n’ ko’pshilikke boysi’ni’wi’ udayi’ da demokratiyali’q bola bermeydi. Mi’sali’, xali’qti’n’ 51%inin’ qalg’an 49%in ko’pshilik ati’ menen yeziwine imkaniyat beretug’i’n sistemani’ hadal ha’m a’dalatli’ dep bolmaydi’. Demokratiyali’q ja’miyetlerde ko’pshiliktin’ huqi’qi’ shaxs huqi’qlari’ kepillikleri menen uyg’i’nlasadi’, az diniy yamasa siyasiy, mi’sali’ dawli’ ni’zamlardi’ talqi’lag’an debatlarda jen’iliske ushi’rag’anlardi’. Azshi’li’qti’n’ huqi’qlari’ ko’pshiliktin’ iygilikli yerkinen g’a’rezsiz boli’p tabi’ladi’ ha’m ko’pshilik dawi’s penen biykarlani’wi’ mu’mkin yemes. Azshi’li’q huqi’qlari’ qorg’alg’an, wo’ytkeni demokratiyali’q ni’zamlar ha’m institutlar barli’q puqaralardi’n’

huqi’qlari’n qorg’aydi’. Wa’killik demokratiya ma’mleketlik ha’kimiyatti’ shekleytug’i’n ha’m barli’q puqaralarg’a tiykarg’i’ huqi’qlardi’ kepilleytug’i’n konstituciyag’a sa’ykes is tutsa, wonda basqari’wdi’n’ bunday formasi’ konstituciyali’q demokratiya dep ataladi’. Demokratiyali’q sistema sonday-aq ja’miyetlik pikirdin’ g’alaba xabar qurallari’ arqali’ an’lati’latug’i’n rawajlang’an ha’m ta’sirshen’ instituti’ menen si’patlanadi’. Al pikirler ha’m isenimler plyuralizmi, ko’ppartiyali’q, a’dette, i’layi’qli’ adamlardi’n’ payda boli’wi’na ha’m wolardi’n’ ha’kimiyat to’besine shi’g’i’wi’na imkaniyat jaratadi’. Bunday ja’miyette ko’pshilik basqaradi’ ha’m azshi’li’qti’n’ huqi’qlari’ ni’zam ha’m ni’zamdi’ a’melge asi’ri’wshi’ institutlar menen qorg’aladi’. «Bir so’z benen, yerkin ma’mleket, yag’ni’y udayi’na partiyalar gu’resi menen tolqi’nlani’p turatug’i’n ma’mleket, tek wo’zinin’ qa’telerin wo’z ni’zamlari’ arqali’ du’zetip woti’ra alatug’i’n bolg’anda g’ana wo’zin saqlap qala aladi’»[14].

Bul principler xali’qlardi’n’ tariyxi’y, ekonomikali’q ha’m ma’deniy pari’qlari’nan g’a’rezsiz tu’rde barli’q zamanago’y demokratiyalardi’n’ fundamental elementlerin ani’qlaydi’. Solay yetip, liberalli’q demokratiya – bul socialli’q qa’diriyatlardi’ yerkin jarati’wdi’n’ ta’rtiplestirilgen sistemasi’ boli’p tabi’ladi’.

I.A.Il’in, do’retiwshilik demokratiyani’n’ (formal demokratiyadan pari’qli’ tu’rde) alg’i’ sha’rtleri tuwrali’ pikir ju’rgize woti’ri’p, to’mendegini atap ko’rsetedi. Alg’i’ sha’rtlerdin’ birinshisi xali’qti’n’ yerkinliktin’ ma’nis-mazmuni’n an’lap biliwi, wog’an za’ru’rlikti seziniwi, woni’ qa’dirlewi, wonnan paydalana ali’wi’ ha’m aqi’lli’ tu’rde woni’n’ ushi’n gu’rese ali’wi’ boli’p tabi’ladi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ birgelikte yerkinlik iskusstvosi’ si’pati’nda an’lati’li’wi’ mu’mkin, yeger buni’n’ barli’g’i’ joq bolsa, wonda demokratiya jen’iliske mu’ptala boladi’.

Biraq, Sp.Montesk’yo pikirinshe, «yerkinlik» so’zi si’yaqli’ wog’ada ha’r qi’yli’ ma’nislerge iye bolg’an ha’m aqi’llarg’a wog’ada ha’r qi’yli’ ta’sir jasag’an so’z joq. Birewler yerkinlik dep wo’zleri tiraniyali’q ha’kimiyatti’ bergen adamdi’ an’sat g’ana tu’sire ali’w imkaniyati’n aytadi’; yekinshiler - wo’zleri boysi’ni’wi’

---

[14] Монтескье Ш. Избранные произведения. – М.: 1955. 85-bet

kerek bolg’an adamdi’ saylaw huqi’qi’n; u’shinshiler – qural-jaraq ali’p ju’riw ha’m zorawanli’q jasaw huqi’qi’n; to’rtinshiler bolsa woni’ wo’z milletinen bolg’an adamni’n’ basqari’wi’nda boli’w privilegiyasi’nda yamasa wo’zinin’ ni’zamlari’na boysi’ni’wda ko’redi. Qaysi’dur xali’q, dep dawam yetedi Montesk’yo, uzaq waqi’tlar dawami’nda yerkinlik dep uzi’n saqal qoyi’w da’sturin qabi’l yetken. Birewler bul atamani’ belgili bir basqari’w formasi’ menen baylani’sti’radi’, basqa formalardi’ bolsa biykarlaydi’. Respublikali’q basqari’wdi’n’ iygiliklerinen bahramand bolg’an  adamlar yerkinlik tu’sinigin usi’ basqari’w menen baylani’sti’radi’, al monarxiyali’q basqari’w iygiliklerinen bahramand bolg’anlar – monarxiya menen. Ha’m ha’r kim yerkinlik dep woni’n’ u’rp-a’detleri ha’m qa’biletlerine ko’birek juwap bergen basqari’wdi’ aytqan. Respublikada adamlar shikayat qi’latug’i’n basqari’w illetleri ko’zge uri’p ha’m jang’a tiyip ko’rinbeytug’i’n bolg’anli’qtan, wol jerde haqi’yqattan da ni’zam woni’ wori’nlawshi’larg’a qarag’anda ko’birek ha’reket yetetug’i’n si’yaqli’ boli’p ko’rinedi, sonli’qtan yerkinlikti respublika menen a’yne birdeylikte ko’redidag’i’, monarxiyalarda woni’ biykarlaydi’. Aqi’rg’i’si’, demokratiyalarda xali’qti’n’, shamasi’, barli’q qa’legen na’rsesin isley alatug’i’nli’g’i’ sebepli, yerkinlikti usi’ du’zim menen baylani’sti’radi’, solay yetip xali’q ha’kimiyati’n xali’q yerkinligi menen aralasti’radi’[15].

Ga’p sonda, yerkinlik degeni puqaralardi’n’ ju’wensiz minez-qulqi’, maydanlardag’i’ tawsi’lmaytug’i’n baqi’ri’s-shaqi’ri’slar yemes; ju’wensizlik – bul haqi’yqi’y ma’nistegi yerkinlik yemes, al wo’z basi’mshali’q. Al bul bolsa jaqsi’li’q, iygilik yemes; jamanli’q. Haqi’yqi’y yerkinlik joqari’dan keletug’i’n «si’rtqi’ baylani’sqanli’qti’» ishki «wo’zin-wo’zi baylani’sti’ri’w», yag’ni’y wo’zin-wo’zi ta’rtipke sali’w, basqasha aytqanda, ishki ta’rtip penen almasti’ri’wda.

I.A.Il’innin’ pikirinshe, yerkin xali’q wo’z huqi’qlari’n wo’zi biledi, wo’zin wo’zi abi’roy, ni’zam ha’m ta’rtip-intizam shen’berinde uslaydi’. Wol wog’an yerkinliktin’ ne ushi’n berilgenin biledi, woni’n’ bahasi’n bilgen halda, woni’

[15] Монтескье Ш. Избранные произведения. – М.: 1955. 288-bet

qa’dirleydi, wonnan paydalani’wg’a juwapkershilikli qaraydi’ ha’m woni’ wo’zin wo’zi basqari’wda, xojali’q islerinde, kommerciyali’q mu’na’sibette, ilimde, iskusstvoda, a’piwayi’ turmi’sli’q qari’m-qatnasi’qta, dinde aqi’lg’a muwapi’q do’retiwshilik baslamalar menen toli’qti’ri’p baradi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ a’dep-ikramli’li’q sanani’n’ joqari’ da’rejesinin’, sezimtal hu’jdanni’n’ boli’wi’n ko’zde tutadi’, al wol wo’z gezeginde belgili da’rejede adamni’n’ woni’ ha’r qi’yli’ «ha’mmesi ruxsat yetilgenlik» penen arbaytug’i’n jalataylar arti’nan barmaytug’i’nli’g’i’na kepillik beredi. Kerisinshe, wol wolardi’ u’nlerin wo’shiriwge ma’jbu’r yetedi; wol ha’r qi’yli’ ekstremistler ha’m avantyuristlerge wo’zinin’ yerkinligin ali’p qoyi’wg’a ha’m qulli’qqa tu’siriwine, wog’an totalitarizm shi’nji’rlari’n kiygiziwine jol qoymaydi’: wol wo’z yerkinligin i’layi’qli’ tu’rde qorg’ay aladi’. «Yerkinlik iskusstvosi’nan aji’rap qalg’an xali’q yeki klassikali’q qa’wipke dus keledi: anarxiya ha’m despotiya»[16].

Solay yetip, ma’mleket mu’mkin bolg’ani’nsha adami’n’ ishki a’dep-ikramli’li’q ha’m uli’wma ruwxi’y du’n’yasi’n kemirek qi’si’mg’a ali’wi’ kerek, adamdi’ yerkin ruwxi’y jetilisiwine qoyi’p beriwi, soni’n’ menen birge mu’mkin bolg’ani’nsha ken’irek ha’m teren’irek woni’n’ i’layi’qli’ jasawi’ ushi’n sha’rayatlardi’ ta’miynlewi, a’sirese xali’qti’n’ kem ta’miynlengen qatlamlari’, puqaralardi’n’ den sawli’g’i’ tuwrali’ g’amxorli’q qi’li’wi’ kerek. Wo’zinin’ ha’lsizligi sebepli xali’qti’n’ sawatsi’z qali’wi’na, ji’nayatshi’li’qti’n’ wo’siwine, adamlardi’n’ awi’ri’wlar ha’m asharshi’li’qtan wo’liwine jol qoyg’an ma’mleket wo’zinin’ jasaw sebeplerinen ayi’ri’ladi’.

Liberalli’q demokratiya insan huqi’qlari’ ha’m shaxsti’n’ qa’dir-qi’mbati’n ayri’qsha qa’dirleydi. Belgili bolg’ani’nday, totalitarizmde shaxslardi’n’ nivelirovkasi’ ju’z beredi. Stalinizm digershegi ha’m repressiyalar basi’mi’ asti’nda adamni’n’ Meni bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ sanasi’nda yen’ aqi’rg’i’ wori’ng’a shi’g’i’p qaldi’. Liberal-demokratiyali’q ja’miyette insan huqi’qi’ (puqara si’pati’ndag’i’) ha’r bir adam ushi’n wog’ada qa’dirli. Insan huqi’qlari’ sha’rtsizlikke, huqi’q sub’ektinin’ aji’ralmas belgilerine, yag’ni’y ishki za’ru’rlik

[16] Ильин И.А. Наши задачи. Париж: М.: 1992. Т. 2. 5-bet

si’pati’nda haqi’yqi’y a’dalatti’n’ barli’q talaplari’n keltirip shi’g’aratug’i’n na’rseni ko’rsetedi. Puqara jasaw, miynet yetiw, wo’zinin’ shaxsi’ni’n’ qorg’ali’wi’, baspanag’a iye boli’w, pikir ha’m so’z yerkinligi ha’m basqa da huqi’qlarg’a iye.

«Ma’mlekette xali’q ruwxi’ – u’rp-a’detler, ni’zamlar – hu’kimranli’q yetiwshi baslama boli’p tabi’ladi’. Bul jerde adamdi’ ta’n aladi’ ha’m woni’n’ menen aqi’lli’ janzat, yerkin adam, shaxs si’pati’nda qari’m-qati’nas jasaydi’; ha’m ha’r bir jeke adam wo’z ta’repinen usi’ ta’n ali’wlarg’a i’layi’q boli’wg’a ha’reket yetedi … wo’zgelerge mu’na’sibette basqalar wo’zin qalay tuti’w kerek bolsa, sonday yetip tutadi’, - wolardi’ da wo’zi ne na’rse ushi’n ta’n ali’ng’i’si’ kelse, sol na’rse ushi’n ta’n aladi’, yag’ni’y yerkin adam, shaxs si’pati’nda. Ma’mlekette adam wo’zine i’layi’q hu’rmetke wo’zi tayi’nlang’an lawazi’mi’, shug’i’llani’p ati’rg’an ka’sibi ha’m basqa da miynet iskerligi arqali’ sazawar boladi’. Woni’n’ abi’royi’ usi’ni’n’ na’tiyjesinde … ob’ektiv, bos sub’ektivlikten yendilikte g’a’rezsiz bolg’an mazmung’a iye boladi’»[17].

Xali’qti’n’ ta’g’dirin jeke adamni’n’ ta’g’dirinen, ma’mlekettin’ rawajlani’-wi’n – ma’mleketti u’stinde quratug’i’n, woni’ tirep turatug’i’n ha’r bir adamni’n’ jetilisiwinen aji’rati’p bolmaydi’, wo’ytkeni ma’mlekettin’ abi’royi’ aqi’rg’i’ yesapta woni’ qurawshi’ shaxslardi’n’ abi’royi’nan g’a’rezli boli’p tabi’ladi’.

Adamni’n’ yen’ joqari’ qa’dir-qi’mbati’ (abi’royi’) yerkin boli’wdan ibarat. Bul, Gegel’din’ pikirinshe, jerdegi yeziwshiler menen qudaylardi’n’ baslari’n qorshap turg’an oreoldi’n’ joq boli’p ketiwinin’ kepili boli’p tabi’ladi’. Filosoflar bul qa’dir-qi’mbatti’ da’lillemekte, xali’qlar woni’ seziniwdi u’yrenedi ha’m sonda wo’zlerinin’ jerge taplap taslang’an qa’dir-qi’mbati’n talap yetip woti’rmaydi’, al a’piwayi’ tu’rde woni’ qaytadan ali’p qoyadi’, woni’ wo’zlestiredi. Liberal demokratiya ruwxi’ adamlarda socialli’q a’dalatli’li’q ha’m wo’z qadir-qi’mbati’ sezimin woyatadi’. Demokratiyani’n’ ken’eyiwi shaxsti’n’ wo’z insani’y ma’nis-mazmuni’n aqi’lg’a muwapi’q yerkin ko’rsetiwi, ruwxi’y qanaatlani’wi’, yerkinlikti seziniwi ha’m puqaralardi’n’ wo’z qa’dir-qi’mbati’n seziniwi menen

---

[17] Гегель Г.В.Ф. Сочинения. М.: 1936. Т. III. 222—223 betler

qatar ju’redi, bul wolardi’n’ ma’mlekettin’ uli’wmali’q islerinde qatnasi’wi’nan kelip shi’g’adi’. Shaxs, K.Yasperstin’ pikirinshe, to’mendegi talaplarg’a iye: zorawanli’qtan qorg’ali’w ha’m wo’z isenimlerinin’ ha’m yerkinin’ man’i’zli’ yekeninin’ ta’n ali’ni’wi’. Qorg’andi’ wog’an huqi’qi’y ma’mleket beredi, al woni’n’ ko’z-qaraslari’ni’n’ ha’m yerkinin’ man’i’zli’li’g’i’n - demokratiya. Insanni’n’ shaxs si’pati’ndag’i’ huqi’qlari’ni’n’ buzi’lmasli’g’i’na woni’n’ ja’miyet turmi’si’nda qatnasi’w huqi’qi’ da qosi’ladi’. Sonli’qtan yerkinlikke tek demokratiya, yag’ni’y ha’mme ushi’n mu’mkin bolg’an wo’z yerkin bildiriw sha’rayati’nda yerisiw mu’mkin. Ha’r bir adam woni’n’ siyasiy jetikligi ha’m woni’n’ ko’z-qaraslari’ni’n’ isenimliligi da’rejesine qarap ta’n ali’nadi’. Biraq soni’n’ menen birge siyasiy yerkinlik puqaralarda belgili da’rejede jeke qayi’rli’li’qti’n’ da boli’wi’n ko’zde tutadi’ dep tasti’yi’qlag’an N.Makiavelli de haq yedi.

## 2.3. Ku’shli socialli’q siyasat - ja’miyet ruwxi’yli’g’i’ni’n’ ko’rinisi

Socialli’q siyasat – bul socialli’q rawajlani’w ha’m socialli’q ta’miyinlew tarawi’ndag’i’ siyasat; xojali’q ju’rgiziwshi sub’ekt (a’dette ma’mleket) ta’repinen belgili bir socialli’q toparlardi’n’ turmi’s sapasi’n ha’m da’rejesin jaqsi’lawg’a bag’darlang’an ilajlar ji’yi’nti’g’i’, sonday-aq bunday siyasatqa baylani’sli’ ma’selelerdin’ barli’q, tariyxi’y, ekonomikali’q, siyasiy, sociohuqi’qi’y ha’m sociologiyali’q, aspektlerin, sonday-aq socialli’q ma’seleler tarawi’nda sebep-aqi’betlik baylani’slar ekpertizasi’. Soni’n’ menen bir qatarda «socialli’q siyasat» degen tu’siniktin’ ma’nisi haqqi’nda turaqli’ pikirdin’ joq yekenin de atap wotiw kerek. Geyde bul termin ma’mleket ta’repine ta’miyinlenetug’i’n institucional-lasti’ri’lg’an (yag’ni’y huqi’qi’y ha’m sho’lkemlestiriwshilik ta’repten bekkemlen-gen) xi’zmetlerge baylani’sli’ socialli’q ha’kimshilik si’pati’nda da tu’siniledi.

Ko’binese socialli’q siyasat degende a’melde xali’qti’n’ jasawi’n, turmi’si’n ta’miyinlewge bag’darlang’an konkret shara, ilajlar ji’yi’nti’g’i’ tusiniledi. Bul ilejlar kim ta’repinen kelip shi’g’i’p ati’rg’ani’na, wolardi’n’ baslamashi’si’ (sub’ekti) kim yekenligine qarap socialli’q siyasatti’n’ ma’mleketlik (federalli’q), regionalli’q, municipalli’q. korporativlik ha’m t.b. tu’rlerin aji’ratadi’. Ken’ ma’nisinde ha’m ilimiy poziciyadan qarag’anda. socialli’q siyasat – bul shara-ilajlar ji’yi’nti’g’i’ yemes, al ko’birek ja’miyettegi socialli’q toparlar ha’m socialli’q qatlamlar wortasi’ndag’i’ wo’z-ara qari’m-qatnasi’q ha’m wo’z-ara ta’sirler sistemasi’ boli’p, woni’n’ worayi’nda basli’ ha’m aqi’rg’i’ maqset si’pa-ti’nda insan, woni’n’ pa’rawanli’g’i’, xali’qti’ socialli’q qorg’aw ha’m socialli’q rawajlani’w, jasawi’ni’n’ ta’miyinleniwi ha’m socialli’q qa’uipsizligi turadi’.

Socialli’q siyasatti’n’ da’stu’riy tarawlari’ bilimlendiriw, den sawli’qti’ saqlaw, turaq jay ha’m socialli’q qamsi’zlandi’ri’w (wo’z ishine pensiya ta’miynati’n ha’m socialli’q qorg’awdi’ alg’an halda) boli’p tabi’ladi’.

A’dette «socialli’q siyasat» degende ma’mleket tarepinen a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an socialli’q siyasat («ma’mleketlik socialli’q siyasat») tu’siniledi. Biraq socialli’q siyasatti’ a’melge asi’ri’w sub’ektleri boli’p ma’mleketten ti’sqari’

birlesikler de, ayi’ri’m administrativlik du’zilmeler de, sonday-aq jeke ka’rxanalar da, soni’n’ qatari’nda transmilliy ka’rxanalar da ha’reket yetiwi mu’mkin.

Wo’zinin’ socialli’q siyasati’n ma’mleket jergilikli ha’m regionalli’q ha’kimiyat organlari’ arqali’ a’melge asi’radi’. Ma’mleketlik socialli’q siyasat ma’mleketlik byudjetten g’a’rejetlendiriledi. Ma’mleketlik socialli’q siyasatti’n’ ob’ektleri a’dette usi’ payi’ttag’i’ ma’mlekettin’ ideologiyali’q bag’darlari’na yamasa ja’miyettin’ uzaq perspektivalardi’ go’zlegen qa’diriyat-li’q bag’darlari’na sa’ykes keliwshi iri socialli’q toparlar boli’p tabi’ladi’.

Ma’mlekettin’ socialli’q siyasati’ni’n’ maqseti millettin’ salamatli’g’i’n jaqsi’law, jetkilikli da’ramatlar menen ta’miyinlew ha’m belgili bir unamsi’z turmi’sli’q jag’daylarda socialli’q qollap-quwatlaw ham uli’wma alg’anda xali’q ushi’n ja’miyette jag’i’mli’ socialli’q atmosferani’ jarati’w boli’p tabi’ladi’.

Socialli’q siyasat ma’mlekettin’ uli’wmali’q strategiyasi’ni’n’ socialli’q tarawg’a qati’nasli’ quram bo’legi boli’p tabi’ladi’: adam ha’m woni’n’ ja’miyettegi worni’na tikkeley qati’nasli’ bolg’an sheshimlerdi islep shi’g’i’w ha’m a’melge asi’ri’w boyi’nsha maqsetke bag’darlang’an iskerlik; wog’an socialli’q kepilliklerdi beriw boyi’nsha hu’kimet, ha’kimiyatti’n’ barli’q tarmaqlari’ ha’m organlari’ ta’repinen ma’mleket xalqi’ni’n’ ha’r qi’yli’ toparlari’ni’n’ wo’zgesheliklerin yesapqa alg’an halda ken’ ja’miyetshilikke tayani’lg’an tu’rde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an socialli’q siyasat yeldegi awhaldi’, ja’miyettegi jag’daydi’, socialli’q rawajlani’wdi’n’ za’ru’rlikleri ha’m maqsetlerin sa’wlelendiriwi kerek.

Socialli’q siyasatti’n’ formalari’ wog’ada ha’r qi’yli’: socialli’q xi’zmetler ko’rsetiw, socialli’q xi’zmetler, socialli’q reabilitaciya, socialli’q qorg’aw, socialli’q ja’rdem ha’m wo’zine-wo’zi ja’rdem ko’rsetiw.

Socialli’q xi’zmet ko’rsetiw – awi’r turmi’s jag’dayi’na (insan ta’repinen shaxsan wo’zi ushi’n qi’yi’n sha’rayat si’pati’nda qabi’l yetiletug’i’n yaki woni’n’ normal wo’mir iskerligin ob’ektiv ta’rizde buzatug’i’n: mayi’pli’q, wo’zine xi’zmet ko’rsetiwge qa’biletsizlik, jetimlik, qarawsi’zli’q, kem ta’miyinlengenlik, konfliktler ha’m shan’araqtag’i’ miyrimsiz mu’na’sibet,jalg’i’zli’q ham basqalar)

tu’sip qalg’an puqaralar ha’m shan’araqlardi’ socialli’q-ekonomikali’q qollap-quwatlaw, socialli’q-turmi’sli’q, medicinali’q-socialli’q, psixologiyali’q, huqi’qi’y xi’zmetler ko’rsetiw, socialli’q beyimlestiriw ha’m reabilitaciyalawg’a bag’darlang’an iskerlik. Socialli’q xi’zmet ko’rsetiw tiyisli socialli’q xi’zmetler (ma’mleketlik, municipal, jeke ha’m basqalar) arqali’ klienttin’, woni’n’ qa’wenderinin’ yaki basqa wa’kilinin’ mu’rajaati’ arqali’ pulli’ yaki biypul a’melge asi’ri’ladi’.

Socialli’q xi’zmet tu’rleri:

- materialli’q ja’rdem: pul g’a’rejetleri, azi’q-awqat wo’nimleri, da’ri-da’rmanlar,sanitariya ha’m gigiena qurallari’, balalarg’a qaraw predmetleri, kiyim-kenshek, ayaq kiyim, ku’ndelikli za’ru’r predmetler; mayi’pli’qti’n’ aldi’n ali’w, mayi’plar ha’m si’rttan qarawg’a mu’ta’j shaxslardi’ reabilitaciya qi’li’w ushi’n za’ru’r bolg’an na’rseler ha’m texnika kurallari’;

- turaqli’ nastacionar xi’zmet ko’rsetiwge mu’ta’j bolg’an puqaralar ha’m shan’araqlarg’a socialli’q qa’wenderlik: socialli’q-turmi’sli’q xi’zmetler ko’rinisindegi ja’rdem, medicinali’q yaki basqa ko’mek ali’wg’a ja’rdemlesiw, balalarg’a qaraw boyi’nsha xi’zmet ko’rsetiw;

- wo’zine-wo’zi xi’zmet ko’rsetiw qa’biletin jarti’lay yamasa toli’q jog’altqan ha’m udayi’ wo’zgelerdin’ qarawi’na mu’ta’j adamlarg’a stacionarli’q xi’zmet: wo’mir iskerligi ushi’n za’ru’r sha’rayatlardi’ jarati’w, medicinali’q, psixologiyali’q, socialli’q xarakterdegi ilajlar wo’tkeriw, azi’q-awqat, qaraw menen ta’miyinlew, imkaniyati’ da’rejesinde miynet iskerligi,dem ali’w, sharshawdi’ shi’g’ari’wdi’ sho’lkemlestiriw;

- turaq jayi’ ha’m ani’q shi’ni’g’i’wi’ (jumi’si’) bolmag’an puqaralarg’a, sonday-aq ja’rdemge mu’ta’j bolg’an qarawsi’z balalar ha’m wo’spirimlerge waqti’nsha baspana beriw;

- wo’zine-wo’zi xi’zmet ko’rsetiw ha’m belsendi ha’reketleniw qa’biletin saqlap qalg’an puqaralardi’n’; awi’r turmi’s sha’rayatlari’na tu’sip qalg’anlardi’n’ ku’ndizgi stacionarlarda boli’wi’n sho’lkemlestiriw;

- puqaralar ha’m shan’araqlarg’a wo’mir iskerliklerin socialli’q-ekono-mikali’q ha’m medicinali’q-socialli’q aspektten ta’miyinlewde, psixologiyali’q-pedagogikali’q ja’rdem, huqi’qi’y qorg’awda ma’sla’ha’tler menen ja’rdem beriw;

- reabilitaciya xi’zmetleri: mayi’p puqaralardi’n’ ka’siplik, socialli’q, psixologiyali’q reabilitaciyasi’na ko’meklesiw; yer jetpegenler ha’m minez-qulqi’ ja’miyet ushi’n qa’wipli bolg’an puqaralar menen reabilitaciya jumi’slari’n ali’p bari’w.

Socialli’q xi’zmetler – socialli’q xi’zmet klientlerine socialli’q xi’zmet ko’rsetiw tu’rlerine ta’n ra’wishte ja’rdem korsetiw boyi’nsha is-ha’reketler. Xi’zmetler pulli’ yaki pulsi’z boli’wi’ mu’mkin. Biypul xi’zmetler to’mendegilerge ko’rsetiledi:

- jasi’, keselligi, mayi’pli’g’i’ sebepli wo’zine-wo’zi xi’zmet ko’rsetiw qa’bileti bolmag’an puqaralarg’a ha’m da’ramatlari’ to’rt minimal is haki’dan kem bolg’an shaxslarg’a;

- jumi’ssi’zli’q, ta’biyiy apatlar, katastrofalar, avariyalar, ma’jbu’riy migraciyalar sebepli ayri’qsha turmi’s jag’dayi’na tu’sip qalg’an puqaralarg’a;

- yer jetpegen jetim ha’m qarawsi’z balalarg’a;

- ha’r bir ag’zasi’na ali’natug’i’n wortasha daramat to’rt minimal is haqi’dan to’men bolg’an shan’araqlarg’a.

Socialli’q reabilitaciya – socialli’q rollerdi wori’nlawg’a moralli’q-psixologiyali’q beyimlestiriwdi optimallasti’ri’wg’a, fizikali’q kemshiliklerge iye bolg’an (mayi’p) adamlardi’ jumi’sqa wornalasti’ri’wg’a; fizikali’q, psixologiya-li’q ha’m socialli’q funkciyalardi’, adamni’n’ shaxsi’y ha’m socialli’q-miynet statusi’n tiklew, korrekciya yaki kompensaciya qi’li’wg’a bag’darlang’an ilajlar (sho’lkemlestiriwshi miynet, woqi’w, medicinali’q-psixologiyali’q, socialli’q-pedagogikali’ ha’m basqalar) sistemasi’ boli’p tabi’ladi’.

Socialli’q siyasatti’n’ tiykarg’i’ prioritetleri si’pati’nda to’mendegilerdi atap korsetiw mu’mkin:

- adamg’a tuwi’lg’ani’nan qartayg’ani’nsha jasaw ha’m rawajlani’w ushi’n normal sha’rayatlardi’ ta’miyinlew;

- shan’araqti’n’ ja’miyettin’ birlemshi yacheykasi’ si’pati’nda hareket yetiwi ushi’n sha’rayatlar jarati’w, analarg’a ayri’qsha di’qqat awdari’w;

- ekonomikali’q qa’wipsizlikti ta’miyinlew, puqaralardi’n’ konstituciyali’q huqi’q ha’m yerkinliklerin isenimli qorg’aw;

- xali’qti’n’ na’tiyjeli qorg’alg’anli’g’i’n ta’miyinlew: xali’qti’ socialli’q qorg’awdi’n’ sapasi’n jaqsi’law, den sawli’qti’, ma’deniyatti’ qorg’aw, turaq jaylar menen ta’miyinlew, demografiyali’q awhaldi’ jaqsi’law.

Socialli’q siyasatti’n’ tiykarg’i’ principleri socialli’q a’dalat, socialli’q juwapkershilik, socialli’q sheriklik, socialli’q kepillik, miyrasxorli’q boli’p tabi’ladi’.

Socialli’q siyasatti’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’ to’mendegilerden ibarat:

- ekonomikali’q wo’siwdi xoshametlew ha’m wo’ndiristi tuti’ni’w ma’plerine bag’i’ndi’ri’w;

- miynet motivaciyasi’n ha’m isbilermenlikti artti’ri’w;

- xali’qti’n’ i’layi’qli’ turmi’s da’rejesin ha’m socialli’q qorg’ali’wi’n ta’miyinlew;

- ma’deniy ha’m ta’biyiy miyrasti’, milliy wo’zlik ha’m biyta’kirarli’qti’ saqlaw.

Du’n’yani’n’ ko’plegen ma’mleketlerinin’ ta’jiriybesi soni’ ko’rsetedi, socialli’q mashqalalardi’ sheshiw yeldin’ ekonomikali’q ha’m siyasiy awhali’nan ob’ektiv tu’rde g’a’rezli bolsa da, socialli’q siyasat belgili da’rejede g’a’rezsizlikke iye boli’p, wo’z qurallari’ arqali’ xali’qti’n’ turmi’s da’rejesinin’, pa’rawanli’g’i’ni’n’ arti’wi’na ja’rdemlesiwi, puqaralardi’n’ socialli’q progresske bolg’an umti’li’wshi’li’g’i’n xoshametlewshi ta’sir ko’rsetiwi mu’mkin. Zamanago’y sha’rayatlarda socialli’q siyasat ha’r qanday ma’mlekettin’ ha’kimshilik strukturasi’ ushi’n prioritet xarakterge iye boli’wi’ sha’rt.

Socialli’q siyasat ja’miyet strukturasi’ni’n’ barli’q elementlerin, sonday-aq jeke shaxslardi’ ja’miyettin’ rawajlani’wi’ni’n’ belgili bir basqi’shlari’nda wori’n ali’wi’ mu’mkin bolg’an destruktiv processlerden qorg’awg’a bag’darlang’an.

Socialli’q siyasatti’n’ qa’liplesiwi statistikali’q mag’li’wmatlardi’ toplaw ha’m sociologiyali’q izertlewlerdi wo’tkeriw bari’si’nda ali’natug’i’n informaciya tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’. Ali’ng’an informaciyalardi’ qayta an’law ha’m analizlew socialli’q a’hmiyetli maqsetlerdi a’melge asi’ri’w boyi’nsha socialli’q strategiyani’ islep shi’g’i’wg’a ha’m ja’miyettin’ socialli’q wazi’ypalari’n sheshiwge imkaniyat beredi.

Ma’mlekettin’ da’ramatlar tarawi’ndag’i’ siyasati’ socialli’q siyasatti’n’ aji’ralmas bir bo’legi boli’p tabi’ladi’.

Xali’qti’n’ jan basi’na shaqqandag’i’ yamasa ha’r bir ba’nt adamg’a yesaplag’andag’i’ da’ramatlar da’rejesindegi pari’qlar da’ramatlardi’ differenciaciyalaw dep ataladi’. Wol bazar qatnasi’qlari’ni’n’ aji’ralmas qa’siyeti boli’p tabi’ladi’. Bu’gingi ku’nde yelimiz ekonomikasi’na da’ramatlar differenciaciyasi’ ko’rsetkishlerinin’ wo’siwi tan boli’p tabi’ladi’.

Ma’mlekettin’ socialli’q siyasati’ da’ramatlardi’ bo’listiriwdegi ten’sizlikti jumsarti’wg’a qarati’lg’an boli’p, woni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ ma’mleket ta’re-pinen ma’nzilli socialli’q qollap-quwatlawdi’ a’melge asi’ri’w boli’p tabi’ladi’. Bul wazi’ypani’ sheshiw xali’qti’n’ belsendi (bant) bo’legi ha’m miynetke jaramsi’z puqaralar da’ramatlari’ wortasi’ndag’i’ optimal qatnasti’ sali’qlar ha’m socialli’q transfertler mexanizmi arqali’ qollap-quwatlaw boli’p tabi’ladi’.

Da’ramatlardi’n’ differenciaciyalani’wi’n kemeytiw salasi’ndag’i’ ma’mleket-tin’ socialli’q siyasati’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ da’ramatlardi’ qayta bo’listiriw, ta’rtipke sali’w; xali’qti’n’ jarli’ qatlamlari’n qollap-quwatlaw boli’p tabi’ladi’.

Da’ramatlardi’ qayta bo’listiriw ma’mleketlik byudjet arqali’ da’ramat ali’wshi’ ha’r qi’yli’ toparlardi’ differenciaciyalang’an sali’qqa tarti’w joli’ menen a’melge asi’ri’ladi’. Xali’qti’n’ wortasha ha’m joqari’ da’ramatqa iye qatlami’nan da’ramatlari’ni’n’ bir bo’legin sali’q si’pati’nda ali’p qoyi’wdi’, sonday-aq mu’ta’jlikti seziniwshilerge napaqalar, jumi’ssi’zli’q boyi’nsha napaqalar to’lewdi ko’zde tutadi’.

Da’ramatlardi’ ta’rtipke sali’wda ma’mleket aqsha da’ramatlari’n birlemshi bo’listiriliwine tikkeley qatnasi’p, kepillengen minimal is haqi’ni’ yamasa nominal

is haqi’ni’ ko’beytiwdin’ yen’ joqari’ shkalasi’n belgileydi. Aqsha da’ramatlari’n inflyaciyaldan qorg’aw da ayri’qsha a’hmiyetke iye. Usi’ maqsette indeksaciya , yag’ni’y bahalardi’n’ wo’siwinen g’a’rezli tu’rde nominal da’ramatlardi’ ko’beytiw a’melge asi’ri’ladi’.

Socialli’q siyasatta a’hmiyetli bag’darlardi’n’ biri xali’qti’n’ yen’ jarli’ qatlami’n aqshalay yamasa natural napaqa sistemasi’ arqali’ qollap-quwatlaw boli’p tabi’ladi’.

Socialli’q kepillikler – bul xali’qqa ja’miyet ta’repinen ta’n ali’ng’an tuti’ni’w da’rejesin kepillewshi, yag’ni’y ekonomika imkaniyatlari’nan kelip shi’g’i’p, turmi’s da’rejesinin’ minimal standarti’n ta’miyinlewshi socialli’q-ekonomikali’q normativler boli’p tabi’ladi’. Socialli’q kepillikler sistemasi’ to’mendegi talaplardi’ qanaatlandi’ri’wi’ kerek:

- za’ru’riy ha’m jetkilikli ko’lem;
- finans ha’m materialli’q resurslar menen ta’miyinlengenlik;
- ma’nzillilik;
- aymaqli’q wo’zgesheliklerdi yesapqa ali’w;
- ali’wshi’g’a jetkerip beriw mexanizmleri.

Socialli’q kepillikler uli’wmamilliy, aymaqli’q,tarauli’q, al wolardi’n’ g’a’rejetlendiriw derekleri ma’mleketlik, jergilik byudjet, sonday-aq byudjetten ti’sqari’ fondlar boli’wi’ mu’mkin. Socialli’q kepillikler ma’mleket puqaralari’na Konstituciyag’a sa’ykes tu’rde beriledi.

Xali’qti’n’ miynetke jaramli’ qatlami’na baylani’sli’ socialli’q kepillikler miynet ha’m isshen’lik belsendilik sha’rayatlari’n, jallanba jumi’sshi’ni’n’, jumi’s beriwshinin’ huqi’qlari’n ha’m yerkinliklerin qorg’awdi’ ta’miyinlewi kerek. Xali’qti’n’ ko’pshilik bo’legi ushi’n jallanba miynet jasaw ushi’n g’a’rejet tabi’wdi’n’ tiykarg’i’ deregi boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan miynetke jaramli’ xali’qti’ socialli’q qorg’aw sistemasi’ ba’ntlik ha’m miynetke haqi’ to’lew tarawi’nda kepilliklerdi ta’miyinlewi kerek. Buni’n’ ushi’n ma’mleket ta’repinen miynetke to’lenetugi’n minimum is haqi’ belgilenedi. Ko’plegen yellerde minimal saatpay is haqi’ belgilenedi.

Xali’qti’n’ miynetke jaramsi’z qatlami’na socialli’q kepillikler ha’r bir topardi’n’ wo’zgesheliginen kelip shi’g’i’p, woni’n’ tuti’ni’wi’ ushi’n sha’rayatlar jarati’wi’ kerek. Socialli’q qorg’aw sistemasi’nan kelip tu’setug’i’n g’a’rejetlerdi u’sh toparg’a bo’ledi:

1) aqshalay to’lemler (pensiyalar, napaqalar);
2) sali’qlardi’ pa’seytiwge huqi’q si’pati’nda ko’rinis tabatug’i’n imtiyazlar, natural formada transfertlar ali’w;
3) biypul, yamasa ekonomikali’q a’hmiyetke iye bolmag’an bahalarda socialli’q xi’zmetlerdi tuti’ni’w.

Socialli’q kepillikler ha’r qi’yli’ funkciyalardi’ atqaradi’:

- alimentar-kompensaciyali’q, wol belgili bir da’rejede tuti’ni’wdi’ qollap-quwatlaydi’;

- qorg’awshi’, wol miynet yetiw ha’m jasaw sha’rayatlari’ni’n’ saqlani’wi’n ta’miyinleydi;

- xoshametlewshi, wol ali’wshi’ni’ni’n’ miynet ha’m isshen’lik belsendiligin xoshametleydi.

Napaqalar ha’m imtiyazlar to’mendegishe klassifikaciyalanadi’:

- turaq jay ha’m kommunal xi’zmetlerdi to’lew ushi’n imtiyazlar ha’m dotaciyalar;

- qala ishindegi ja’miyetlik ha’m qalalararali’q transporta jol haqi’ boyi’nsha imtiyazlar;

- da’ri-darmaqlardi’ sati’p ali’wda imtiyazlar;

- transport qurallari’ menen biypul ta’miyinlew, benzin ha’m texnikali’q xi’zmet ko’rsetiwler ushi’n dotaciyalar;

- jarli’li’q boyi’nsha napaqalar to’lew;

- pensionerler, veteranlar ha’m kekse jastag’i’ shaxslarg’a to’lemler;

- invalidlerge to’lemler;

- sali’qqa tarti’w boyi’nsha imtiyazlar;

- qashaqlar ha’m ma’jbu’riy ko’shiwshilerge kompensaciyalar ha’m to’lemler;

- balalar ha’m analarg’a to’lemler, napaqalar;

- sanatoriya-kurortta yemleniwge putyovkalardi’ imtiyazli’ ha’m biypul beriw;

- turaq jay subsidiyalari’.

Soni’ ayti’p wo’tiw kerek, bazar qatnasi’qlari’ adamlar aqsha islep, da’ramat tabi’wi’, al buni’ belgili bir sebeplerge ko’re isley almaytug’i’nlar ma’mleket qorg’awi’ predmeti boli’wi’ kerekligin ko’zde tutadi’.

Solay yetip, ku’shli socialli’q siyasat ma’mleket ta’repinen ja’miyette insan ma’pleri haqqi’ndag’i’ g’amxorli’qti’n’ a’melge asi’ri’li’wi’ni’n’, ja’miyet ag’zalari’ arasi’nda socialli’q ten’lik, a’dalat ha’m qorg’awdi’n’ wornati’lg’anli’g’i’ni’n’ ko’rinisi boli’p tabi’ladi’.

## II bap boyi'nsha juwmaq

Ruwxi'yli'q, woni'n' jarqi'n ko'rinisi bolg'an a'dep-ikramli'li'qti' jetilisken shaxsti'n' joqari' rawajlani'w ha'm wo'zin-wo'zi ta'rtipke sali'w da'rejesi si'pati'nda ani'qlaw mu'mkin. Bunday shaxs wo'z wo'mirinde ha'm iskerliginde ma'n'gilik insani'y qa'diriyatlardi' basli' orientirler yetip belgileydi, a'tirapi'ndag'i' adamlardi'n' iygiligi ushi'n ha'reket yetedi, a'dep-ikramli'li'q absolyutlerge qarap umti'ladi'.

Siyasat – yadrosi' ma'mleketlik ha'kimiyatqa iyelik yetiw, uslap turi'w ha'm paydalani'w boli'p tabi'latug'i'n klasslar, milletler ha'm basqa socialli'q toparlar wortasi'ndag'i' qari'm-qatnasi'qlar menen baylani'sli' iskerlik tarawi'.

Tek g'ana insani'y qari'm-qatnasi'qlardi'n' bekkem ma'nawiy-moralli'q fundamentlerinde perspektivali' ha'm progressiv siyasatti' quri'w mu'mkin. Yeger ja'miyet wo'z ag'zalari'na a'dep-ikramsi'z qurallardi' isletiwge ruxsat berse, wonda siyasat ta a'dep-ikramsi'zli'q, ma'nawiyatsi'zli'q penen toli'p bara beredi ha'm ja'miyet turmi'si'n uwlaydi', wog'an ko'plegen qosi'msha mashqalalar keltirip shi'g'aradi'.

Bu'gingi ku'nde ko'pshilik ma'mleketler liberal demokratiyali'q rawajlani'w joli'nan barmaqta. Haqi'yqi'y demokratiya principleri za'ru'r sha'rt si'pati'nda insan aqi'li'ni'n' basli' yekenligi, du'n'yani' aqi'lg'a urg'as tu'siniw ha'm insanni'n' prometeylik, yag'ni'y do'retiwshilik wazi'ypasi' haqqi'ndag'i' ideyani' ko'zde tutadi'. Demokratiyali'q ma'mleketlik du'zim adamdi' g'a'rezsiz, joqari' qa'diriyat si'pati'nda ta'n ala woti'ri'p, woni'n' qa'dir-qi'mbati'na (abi'royi'na) qa'sterlep qatnas jasawdi', woni'n' baslamag'a bolg'an huqi'qi'n ta'n ali'wdi', yerkin adamni'n' yerkin tan'law jasawi'na isenimdi ko'zde tutadi'. Adamni'n' aqi'li'na ha'm woni'n' yerkinligine isenim demokratiyani'n' yen' a'hmiyetli principi boli'p tabi'ladi'.

Siyasat ha'm ruwxi'yli'qti'n' uyg'i'nli'g'i' ha'r bir ma'mlekettin' ali'p bari'p ati'rg'an socialli'q siyasati'nda wo'z sa'wleleniwin tabadi'. O'zbekistanda ali'p bari'li'p ati'rg'an barli'q reformalardi'n' worayi'nda socialli'q siyasat ma'selesi turadi'. Bul siyasatti'n' za'ru'rligi ma'mlekette a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an ken'

ko'lemli reformalar na'tyijesinde xali'qti'n' basi'na tu'siwi so'zsiz bolg'an mu'shkilliklerdi jen'illestiriw menen baylani'sli'. Bunnan ti'sqari', ha'r qanday ja'miyette udayi'na sonday shaxslar taypasi' bar, wolar ob'ektiv sebeplerge ko're (jasi', salamatli'g'i'ni'n' jamanli'g'i', ma'mlekettegi jumi'ssi'zli'q ha'm t.b.) wo'ndiriste qatnasa almaydi'. Soni'n' ushi'n wolar haqqi'nda qayg'i'ri'wdi', g'amxorli'q yetiwdi ma'mleket wo'z moyni'na ali'wi' za'ru'r, yag'ni'y jarati'lg'an milliy da'ramatti'n' bir bo'legi wolardi'n' paydasi'na qayta bo'listiriliwi lazi'm. Socialli'q siyasatti'n' ku'shliligi ja'miyettin', ma'mlekettin' joqari' ma'nawiyatli'li'g'i'nan da'rek beredi.

## III-bap. A'dalat siyasatti'n' ruwxi'y wo'lshemi si'pati'nda

### 3.1 A'dalat – ruwxi'y qa'diriyat

A'dalat (arab. a'dillik, tuwri'li'q, ha'mme ushi'n birdey bolg'an haqi'yqatti'n' talap ha'm principlerine a'mel qi'li'ni'wi') – insaniyatti'n' a'zeliy a'rzi'wi', iygilikli ideyasi', ruwxi'yli'q, a'dep-ikramli'li'q ha'm huqi'qti'n' normativ qag'i'ydalari'ni'n' biri boli'p tabi'ladi'. Ja'miyet turmi'si'ndag'i' qubi'li'slar, ta'rtip-qag'i'ydalardi'n' hasi'l insani'y ideallarg'a, haqi'yqat wo'lshemlerine qanshelli say yekenligin ani'qlawda barli'q zamanlarda da tiykarg'i' ruwxi'y wo'lshem boli'p xi'zmet yetedi. Ja'miyettin' shaxsqa, shaxsti'n' ja'miyetke ha'm bir shaxsti'n' yekinshi shaxsqa mu'na'sibetinde ko'rinis tabatug'i'n a'dalat principi a'ne usi'nday mu'na'sibetlerdi bahalawdi'n' wo'zgermeytug'i'n wo'lshemi de boli'p tabi'ladi'.

A'dalat joqari' ruwxi'y qa'diriyat boli'p, «baxi't», «azatli'q», «ten'lik», «dosli'q», «ti'ni'shli'q» tu'sinikleri si'yaqli' insanni'n' a'zeliy iygi umti'li'slari'ni'n' ti'msali' boli'p tabi'ladi'. A'dalat haqqi'nda alg'ashqi' ko'z-qaraslar ku'ta' ali's zamanlarg'a bari'p taqaladi'. A'yyemgi da'wir woyshi'llari' woni' universal ni'zam si'pati'nda tu'sindirgen. Mi'sali', Zardusht a'dalatti' «arta» tu'sinigi ja'rdeminde an'latar yeken, woni' a'lemdegi yeki polyusten biri dep yesaplaydi'. Grek filosofi' Platon a'dalat mashqalasi'n sistemali' ta'rizde u'yrenip shi'g'i'wg'a ha'reket yetken. Woni'n' socialli'q-siyasiy koncepciyasi'nda a'dalat «hu'kimranli'q» ha'm «jen'illik» tu'siniklerine jaqi'n kategoriya si'pati'nda tu'sindirilgen. Filosofti'n' pikirinshe, ha'r bir qatlam ishinde ten'lik boli'wi', qatlamlar wortasi'nda ten'lik hu'kimranli'q su'riwi a'dalattan boli'p tabi'ladi'. Aristotel' bul ideyalardi' rawajlandi'ri'p, «ten'lestiriw» ha'm «bo'listiriw a'dalati'» tu'siniklerin qollang'an. Farabiy a'dalatti' socialli'q ierarxiya ha'm ta'rtiptin' wori'n ali'wi' ushi'n fundament jarati'wshi' huqi'qi'y kategoriya dep ta'riyplegen.

XVIII a'sirge kelip a'dalat socialli'q ten'lik penen baylani'sli' halda ku'n ta'rtibine qoyi'la basladi'. Ha'zirgi zaman filosofiyali'q a'debiyatlarda a'dalat

ja’miyettegi barli’q socialli’q qari’m-qatnasi’qlardi’ an’lati’wshi’ kategoriya si’pati’nda ta’riyplenbekte.

A’dalat ja’miyette alti’ tiykarg’i’ funkciyani’ atqaradi’:

1. Ja’miyettegi socialli’q qari’m-qatnasi’qlardi’ maqsetke muwapi’q sho’lkemlestiredi;
2. Ha’r qi’yli’ socialli’q topar ha’m klasslar ma’plerinin’ qorg’ali’wi’n ta’miynleydi, wolar wortasi’nda ten’ salmaqli’li’qti’ saqlap turadi’;
3. Ja’miyettegi menshikli mu’na’sibetlerdi, wo’ndiris belsendiligin artti’radi’;
4. Puqaralardi’n’ huqi’q ha’m yerkinliklerin qorg’awshi’ qural si’pati’nda xi’zmet yetedi;
5. Bolmi’sta ken’ tami’r atqan, lekin socialli’q progresske tosi’q boli’p ati’rg’an qari’m-qatnasi’qlardi’ saplasti’ri’wg’a shaqi’radi’;
6. Adamlarda keleshekke isenim tuyg’i’si’n woyatadi’ ha’m ku’sheytedi.

A’dalat insanlar wortasi’ndag’i’ wo’z-ara qari’m-qatnasi’qlardi’n’ tiykarg’i’ wo’lshemi bolg’ani’ ushi’n udayi’ socialli’q a’hmiyetke iye boli’p kelgen. Wol ja’miyet (socium) turmi’si’nda man’i’zli’ a’hmiyetke iye bolg’an socialli’q qa’diriyatlardan boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan da «socialli’q a’dalat» tu’siniginen paydalani’ladi’.

Socialli’q a’dalat ja’miyette demokratiyani’n’ wori’n alg’anli’g’i’ni’n’, insanni’n’ socialli’q qorg’alg’anli’g’i’ni’n’, ha’mmenin’ ni’zam aldi’nda ten’liginin’, sonday-aq, puqaralardi’n’ jumi’s penen ta’miynlengenligi, medicinali’q xi’zmet, u’y-jay, bilimlendiriw, ma’deniy na’metlerge qatnasli’li’g’i’n an’lati’wshi’ socialli’q sistema boli’p tabi’ladi’. Socialli’q a’dalat real qa’diriyat boli’p, bu’gingi ku’nde wol puqarali’q ja’miyetinin’ aji’ralmas bir bo’legi yesaplanadi’. Demokratiyali’q ja’miyette ko’pshilik ushi’n wo’z qa’bilet ha’m potenciali’n ju’zege shi’g’ari’w sha’rayati’n jaratadi’. Bul bolsa socialli’q a’dalat principleri ushi’n u’lken imkaniyatlardi’ ju’zege shi’g’aradi’.

Sonday-aq insanni’n’ socialli’q qorg’alg’anli’g’i’ ha’m puqarali’q ja’miyetinin’ turaqli’ rawajlani’wi’n ta’miynleytug’i’n da a’dalat principi boli’p

tabi’ladi’. Ha’mmenin’ ni’zam aldi’nda ten’ligi de puqarali’q ja’miyet turmi’si’nda man’i’zli’ faktor si’pati’nda a’mel qi’ladi’. Zamanago’y puqarali’q ja’miyette insandi’ insan qi’latug’i’n socialli’q a’dalat tiykari’ –bilimlendiriw, medicinali’q xi’zmet, u’y-jay, miynet si’yaqli’ na’metlerden ha’mme ushi’n yerkin paydalani’w imkaniyati’ni’n’ wori’n ali’wi’ boli’p tabi’ladi’. Insan udayi’ ja’miyet turmi’si’nda a’hmiyetli wori’ng’a iye boli’wg’a umti’li’p jasaydi’, bul woni’n’ tiykarg’i’ za’ru’rliklerinin’ biri. Puqarani’n’ huqi’q ha’m minnetlerinin’ sa’ykesligi de puqarali’q ja’miyetindegi a’dalatli’ qari’m-qatnasi’qlardi’ ani’q jolg’a sali’wshi’ faktor boli’p tabi’ladi’. Bunnan tek g’ana ja’miyet yemes, ba’lkim shaxsti’n’ wo’zi de u’lken ma’p ko’redi. Ji’nayatqa jarasa jaza sistemasi’ bolmag’an sha’rayatta ha’r qanday ja’miyet rawajlani’w bari’si’nda qi’yi’nshi’li’qlarg’a dus keliwi ta’biyiy. Yeger ji’nayatti’ jazasi’z qaldi’rmaytug’i’n sistema socialli’q qari’m-qatnasi’qlardi’ huqi’qi’y jaqtan ta’rtipke sali’w ku’shine iye bolsa, miynet ha’m woni’ bahalawdi’n’ wortasi’ndag’i’ sa’ykeslik socialli’q qari’m-qatnasi’qlardi’ ta’rtipke saladi’. Bu’gingi zamanago’y ja’miyetti a’ne usi’nday sa’ykeslik qag’i’ydasi’nsi’z ko’z aldi’na keltiriw mu’shkil. Bul sa’ykeslik pu’tkil ekonomikali’q sistemani’n’ fundamentin quraydi’.

A’dalatti’n’ wo’zi birer bir qa’diriyatti’ an’latpaydi’, lekin qa’diriyatlar wortasi’ndag’i’ qatnasti’ belgileydi, wolardi’ bahalaw qa’siyetine iye. Sol sebepli a’dalat qubi’li’si’nda ja’miyetti ta’rtipke sali’wshi’li’q wo’zgesheligi de bar. A’dalatta yeki ruwxi’y aspekt - ha’m a’dep-ikramli’li’q, ha’m huqi’qi’y talaplar ja’mlesken. Woni’ belgili bir ma’niste a’dep-ikramli’li’q tarawi’ndag’i’ mug’dar wo’lshewshi dew de mu’mkin: wol talap penen xoshamentlewdi wo’lshep turatug’i’n ta’rezi boli’p tabi’ladi’. A’dalat bar jerde socialli’q zuli’m, biybastaqli’qqa jol joq.

Aristotel’ a’dalat haqqi’nda bi’lay deydi: «yeki qi’yli’ a’dalatli’li’q bar. Biri – ni’zamg’a muwapi’qli’q. Ni’zamni’n’ buyi’rg’ani’n islew a’dalatli’ is yesaplanadi’. Ni’zam adamlardan ma’rt, aqi’lli’ ha’m pazi’l boli’wdi’ talap yetedi. Soni’n’ ushi’n da a’dillik yen’ jetik pa’zi’ylet yesaplanadi’. Yeger a’dalatli’li’q ni’zamg’a muwapi’q jasaw yeken, ni’zam bolsa ha’mmeden a’diliw-insap penen

jasawdi’ talap yeter yeken, ni’zam tiykari’nda is tutatug’i’n adam – yen’ pazi’l adam boli’p tabi’ladi’».

1991-ji’l 31-avgusttan baslap g’a’rezsiz rawajlani’w joli’nan qatan’ barati’rg’an ja’miyetimiz barg’an sayi’n demokratiyalasi’p, ma’mleket, ja’miyet ha’m shaxs mu’na’sibetlerinde a’dalat ha’m gumanizm ideyalari’na tiykarlanbaqta. Xalqi’mi’z wo’z jeri, menshigi, abi’roy-dan’qi’na, wo’z jurti’, wo’z qa’diriyatlari’na wo’zi iye boli’p, wo’z keleshegin wo’z qoli’ menen quri’p ati’rg’ani’, bul jolda qolg’a kirgizilgen shekler jurti’mi’zda a’dalat principleri barli’q tarawdarda a’meliy tasti’yi’qlani’wi’n tawi’p ati’rg’ani’ni’n’ ayqi’n an’lati’li’wi’ boli’p tabi’ladi’. Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ atap ko’rsetkenindey, «Biz tek g’ana demokratiyali’q ma’mleket yemes, ba’lki a’dalatpa’rwar demokratiyali’q ma’mleket quri’wg’a umti’li’p ati’rmi’z. A’dalatqa umti’li’w xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’n’yasi’na ta’n yen’ a’hmiyetli wo’zgeshelik boli’p tabi’ladi’. A’dalatpa’rwarli’q ideyasi’ pu’tkil ekonomikali’q ha’m socialli’q qari’m-qatnasi’qlar sistemasi’na sinip ketiwi, socialli’q ko’meklesiw mexanizminde wo’z sa’wleleniwin tabi’wi’ lazi’m».

Saqi’pqi’ran A’mir Temur babami’zdi’n’ bir wo’mir «Ku’sh - a’dalatta» degen hikmetine a’mel qi’li’p jasag’ani’ xalqi’mi’zdi’n’ bul boyi’nsha jetkilikli bilim ha’m ta’jiriybe, da’stu’r ha’m qa’diriyatlarg’a iye yekenligin ko’rsetedi. A’ne usi’nday bay miyrasqa su’yengen ha’mde jurti’mi’zda huqi’qi’y-demokratiyali’q ma’mleket, yerkin puqarali’q ja’miyet quri’w xalqi’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p tabi’ladi’. Bul maqsetti a’melge asi’ri’wda: a) demokratiyali’q uli’wmainsani’y principlerge a’mel qi’li’nadi’; b)insan huqi’qlari’ joqari’ qa’diriyat yesaplanadi’; v)demokratiyali’q huqi’q ha’m yerkinlikler Konstituciya ha’m ni’zamlar menen qorg’aladi’; g) ha’mmenin’ ni’zam aldi’nda ten’ligi ta’miyinlenedi. Bu’gingi ku’nde a’dalat ha’mmenin’ ni’zam aldi’nda ten’ligi ha’m ni’zamni’n’ ha’mmege ten’dey tiyisli yekenligin an’latadi’. Yag’ni’y, «A’dalat – ni’zam u’stinliginde» degen princip tiykari’nda jurti’mi’zda socialli’q qari’m-qatnasi’qlardi’ huqi’qi’y negizde rawajlandi’ri’w ma’mleketimizde Islam Karimov

ta'repinen a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an, a'dalatli' jamiyet quri'wg'a bag'darlang'an barli'q wo'zgeris ha'm reformalardi'n' ma'nis-mazmuni'n quraydi'[18].

A'dalat, a'dillik, hali'sli'q tiykari'nda ma'selege ni'zam u'stinligi ko'z-qarasi'nan hali's jantasi'w, haqi'yqatti' bas wo'lshem dep biliw, usi' jolda biyminnet xi'zmet yetiw a'dalat principin an'latadi'. A'dalatli'li'q principe a'mel qi'li'p, ma'mleketimizde insan, woni'n' huqi'q ha'm ma'plerin yen' joqari' qa'diriyat si'pati'nda ju'zege shi'g'ari'w bari'si'nda ken' ko'lemli reformalar a'melge asi'ri'lmaqta. Ta'biyiy tu'rde bul wo'zgerisler jurti'mi'zda socialli'q a'dalat ha'm demokratiya principlerin teren' wornati'w menen ti'g'i'z baylani'sli'. A'dalat principi jeke insan is-ha'reketinen baslap ma'mlekettegi socialli'q-siyasiy institutlarg'a shekem bolg'an ku'ta' ken' ko'lemdegi qari'm-qatnasi'qlar sistemasi'na bir qi'yli' jantasi'wdi' talap yetetug'i'n siyrek qubi'li's boli'p tabi'ladi'. Wol geyde qarama-qarsi' ha'm qayshi'li'qli' jag'daylarg'a sebep boladi', lekin aqi'r-aqi'betinde haqi'yqatti' ju'zege shi'g'aradi'. A'dalat principi real socialli'q mexanizmge iye. Birinshi gezekte turaqli'li'q ha'm socialli'q tati'wli'qti' ta'miynlewdin' yen' a'hmiyetli faktori'. A'dalat principi ja'miyettin' wo'zine ta'n «nerv talshi'g'i'» boli'p, adamlardi'n' socialli'q keypiyati'n ayqi'n an'latadi'. A'yne payi'tta wol ja'miyettegi iygi niyetli ku'shlerdi bir maqset joli'nda birlestiretug'i'n ta'sirshen' ha'm na'tiyjeli qa'diriyat boli'p tabi'ladi'. Bu'gingi ku'nde ja'miyetimiz wo'zinin' socialli'q a'dalat koncepciyasi'na iye boli'p, bunda xalqi'mi'zg'a a'zelden ta'n bolg'an a'dalatqa isenim ha'm hu'rmet tuyg'i'si' man'i'zli' a'hmiyetke iye bolmaqta. Ekonomikada a'dalat principinin' tiykarg'i' qag'i'ydasi' – xi'zmet ha'm u'les uyg'i'nli'g'i', ma'pler uyg'i'nli'g'i'n ta'miyinlew ma'selesi boli'p, bunda demokratiyali'q principler ten' salmaqli'li'qti' uslap turi'wshi' qural rolin atqaradi'.

A'dalat principinin' racional a'hmiyetin artti'ri'w ushi'n ani'q wo'lshemler, normalar talap yetiledi. Sin'irgen miyneti (xi'zmeti) ha'm alatug'i'n u'lesi birligi demokratiyali'q wo'lshemlerge de say keledi. Bul ekonomikada – is haqi';

---

[18] Qaran'i'z: Ma'naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug'ati. – T.: G'.G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2009, 15-17 betler

siyasatta – basqari’wda qatnasi’w ha’m minnet; huqi’qta – yerkinlik ha’m za’ru’rlik, huqi’q ha’m pari’z, ji’nayat ha’m jaza; socialli’q tarawda – insanni’n’ ja’miyet turmi’si’ndag’i’ worni’ ha’m abi’royi’, socialli’q statusi’ni’n’ real miynet na’tiyjeleri, qa’bilet ha’m potenciali’na qanshelli say yekeninde ko’rinis tabadi’. A’dalatti’n’ basqa principleri de demokratiyali’q mazmung’a iye. Wolar ja’miyet-tin barli’q ag’zalari’ ushi’n uli’wmali’q ha’m bir qi’yli’ yengiziliwi mu’mkin. To’mende a’dalat principin uli’wmali’q ta’rizde klassifikaciyalap wo’temiz:

1. talap ha’m usi’ni’s qag’i’ydasi’;
2. ten’ imkaniyatlar qag’i’ydasi’;
3. za’ru’rlik qag’i’ydasi’;
4. socialli’q kepillik qag’i’ydasi’;
5. xi’zmet ko’rsetiw qag’i’ydasi’;
6. uyg’i’nli’q qag’i’ydasi’;
7. ekvivalentlik qag’i’ydasi’;
8. xoshametlew qag’i’ydasi’;
9. ka’siplik kompetentlik qag’i’ydasi’;
10. socialli’q paydali’li’q qag’i’ydasi’.

Bul qag’i’ydalar bazar ekonomikasi’na tiykarlang’an barli’q demokratiyali’q ja’miyetlerde ken’ wori’n alg’an. Bul qag’i’ydalar qanshelli turmi’sqa ken’ yengizilse, puqarali’q ja’miyeti fundamenti sonshelli bekkem boladi’. A’yne payi’tta qa’nigeler bul qag’i’ydalardi’ toli’qti’ri’wshi’ basqa principler haqqi’nda da pikir ju’rgizedi. Amerikali’q sociologlar R.X’yusman ha’m D.Xetfild «a’dalat faktori’» tu’sinigin tiykarlap, woni’ a’melge asi’ri’wda qol keletug’i’n qag’i’ydalardi’ keltiredi. Bular to’mendegiler:

1) Insan wo’zgeler menen mu’na’sibetin wo’zinin’ ja’miyet isine qosqan u’lesi menen soni’n’ yesesine alatug’i’n u’lesin sali’sti’ri’w arqali’ bahalaydi’;
2) Qosqan u’les penen alatug’i’n u’lestin’ wo’z-ara sa’ykes kelmewi narazi’li’qqa sebep boladi’;

3) Insan wo’zine tiyisip ati’rg’an u’lesten qanaatlanbasa, wo’zinshe a’dalatti’ tiklewge ha’reket yetedi.

A’dalat sali’sti’rmali’ tu’sinik boli’p, ha’mme ushi’n bir qi’yli’ wori’n almasa da, demokratiyali’q ja’miyette woni’ a’melge asi’ri’wdi’n’ qatan’ qag’i’ydalari’, wo’lshemleri ta’miynlenedi. Ma’mleketimizde rawajlani’w evolyuciyali’q ha’m basqi’shpa-basqi’sh ta’rizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’anli’g’i’ jurtlaslari’mi’zdi’n’ ma’plerin wo’z-ara uyg’i’nlasti’ri’wg’a, puqarali’q ja’miyeti tiykarlari’n bekkemlewge xi’zmet yetpekte. Bunday sha’rayatta a’dalatli’li’q principinin’ wo’zi ja’miyet turmi’si’ ushi’n man’i’zli’ ruwxi’y-huqi’qi’y wo’lshemge aylanadi’. Prezident Islam Karimovti’n’ «Adamlar ha’mme na’rseni keshiriwi mu’mkin, biraq a’dalatsi’zli’qti’ keshirmeydi» degen pikirleri tiykari’nda jurti’mi’zda ha’r bir insanni’n’ huqi’q ha’m yerkinliklerin ta’miynlewge ayri’qsha a’hmiyet berilmekte.

Prezidentimiz wo’z shi’g’armalari’nda tariyxi’mi’zdi’n’ har qi’yli’ betlerin ko’zden keshirgende, xalqi’mi’z ruwxi’yli’g’i’ menen baylani’sli’ bolg’an sonday mag’li’wmatlarg’a dus kelemiz, wolar hadalli’q, haramnan jiyirkeniw, da’mego’ylikten na’pretleniw, kishipeyillik, a’dalatpa’rwarli’q si’yaqli’ tuyg’i’lar milletimizge ta’n adamgershilikli pa’ziyletler yekeninen da’lillik beriwi, ana tilimizdegi «birewdin’ haqi’», «qi’yametlik qari’z», «man’lay teri» degen so’zler buni’n’ ayqi’n an’lati’li’wi’ yekenligin atap wo’tken yedi. Zamanago’y ja’miyette basqa iygilikli maqsetler kibi a’dalatpa’rwarli’q wortali’g’i’ni’n’ ta’miynleniwi ushi’n da izshil reformalar qurali’nda yerisiw mu’mkin yekenligin turmi’sti’n’ wo’zi tasti’yi’qlamaqta. Xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’y qa’liplesken qa’diriyatlari’na ko’re, a’dalatpa’rwarli’q ja’miyet turmi’si’nda materialli’q pa’rawanli’q ha’m ruwxi’y bayli’qti’n’ wo’z-ara uyg’i’n boli’wi’n talap yetedi. A’lbette, puqarali’q ja’miyeti turmi’si’mi’zda ushi’rasi’p turatug’i’n geypara a’dalatsi’zli’q ko’rinisleri menen kelise almaydi’. Bunday kemshiliklerdi saplasti’ri’wda ma’mleket organlari’, ma’mleketlik yemes, kommerciyali’q yemes sho’lkemler, siyasiy partiyalar, puqaralardi’n’ wo’zin- wo’zi basqari’w organlari’ni’n’ a’dalatpa’rwarli’q ha’m ni’zam u’stinligi wortali’g’i’n yengiziw boyi’nsha

birgelikte is ali’p bari’wi’ man’i’zli’ a’hmiyetke iye. Prezidentimiz ta’repinen ilgeri su’rilgen ha’m izshil a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an «Reformalar reformalar ushi’n yemes, ba’lki» insan ushi’n, woni’n’ ma’pleri ushi’n» degen principial qag’i’yda a’dalatpa’rwarli’q principinin’ barli’q tarawdag’i’ iskerligimizdin’ bas wo’lshemine aylani’di’ri’li’wi’n talap yetedi.

### 3.2. O’zbekistan – demokratiya ha’m socialli’q a’dalat ja’miyeti

O’zbekistan – keleshi ulli’ ma’mleket. Bul - g’a’rezsiz, demokratiyali’q, huqi’qi’y ma’mleket. Bul – insanparwarli’q qag’i’ydalari’na tiykarlang’an, milleti, dini, socialli’q jag’dayi’, siyasiy isenimlerinin’ qanday yekenligine qaramastan puqaralardi’n’ huqi’q ha’m yerkinliklerin ta’miyinlep beretug’i’n ma’mleket.

Xali’q ma’mleketlik ha’kimiyat deregi. Woni’n’ yerk-qa’lewi ma’mleket siyasati’n belgilep beredi. Bul siyasat yelimizde insan ha’m ja’miyettin’ pa’rawanli’g’i’n, O’zbekistanni’n’ barli’q puqaralari’ni’n’ mu’na’sip turmi’si’n ta’miynlewge qarati’lg’an.

Jan’alani’p ati’rg’an ja’miyetimizdin’ siyasiy ha’m ma’mleketlik du’zilisi insang’a woni’n’ siyasiy, ekonomikali’q ha’m socialli’q turmi’s ta’rizin yerkin tan’lap ali’wi’n kepillep bermekte.

Siyasiy tarawda bul to’mendegilerdi bildiredi:

- xali’qti’n’ turmi’s ta’jiriybesine, respublika xalqi’ni’n’ milliy ha’m ma’deniy da’sturlerine, barli’q socialli’q toparlari’ ha’m qatlamlari’ni’n’ ma’plerine say keletug’i’n haqi’yqi’y demokratiya principlerin wornati’w. Xali’q ha’m tikkeley, ha’m wo’z wa’killeri arqali’ ma’mleket ha’kimiyati’n a’melge asi’ri’wda toli’q imkaniyatqa iye boli’wi’ lazi’m;
- ni’zam shi’g’ari’wshi’, atqari’wshi’ ha’m sud ha’kimiyatlari’ wa’killiklerin aji’rati’w tiykari’nda milliy ma’mleketshilikti quri’w. Ja’miyettin’ siyasiy sistemasi’n, ma’mleketlik organlardi’n’ strukturasi’n tu’pkilikli jaqsi’law, respublika ha’kimiyati’ menen jergilikli ha’kimiyatti’n’ wa’killikleri ha’m wazi’ypalari’n ani’q belgilep qoyi’w, a’dalatli’ ha’m insanpa’rwar ni’zamshi’li’qti’ ju’zege keltiriw lazi’m boladi’.

Ku’shli atqari’wshi’ ha’kimiyat bolmasa, ha’tteki yen’ demokratiyali’q jol menen qabi’l yetilgen qararlar da wori’nlanbawi’ mu’mkin.Bul bolsa ni’zamli’ qararlardi’n’ ju’zege shi’g’ari’li’wi’n, puqaralardi’n’ huqi’q ha’m yerkinliklerinin’ qorg’ali’wi’n, siyasiy ha’m ekonomikali’q reformalar turmi’sqa yengiziliwin ta’miyinleytug’i’n prezidentlik ha’kimiyati’n bekkemlew ha’m rawajlandi’ri’wdi’ talap yetedi;

- barli’q puqaralardi’n’ ni’zam aldi’nda huqi’qi’y ten’ligin ha’m ni’zamni’n’ u’stinligin, ja’miyet ma’plerinin’ qorg’ali’wi’n ha’m xali’qti’n’ qa’wipsizligin kepilleytug’i’n huqi’qi’y ma’mleketti quri’w. Ni’zamli’li’q ha’m huqi’q-ta’rtip saltanat qurmasa, shaxsti’n’ huqi’qlari’ ha’m yerkinlikleri, qatti’ ta’rtip, ishki uyi’mlasi’wshi’li’q ha’m juwapkershilik u’stin bolmasa, ni’zamlar ha’m da’stu’rler hu’rmet yetilmese, huqi’qi’y ma’mleketti ko’z aldi’na keltirip bolmaydi’;

- O’zbekistanda tuwi’lg’an, woni’n’ jerinde jasap ha’m miynet yetip ati’rg’an ha’r bir adam, milliy tiyisliligi ha’m isenimine qaramastan, Respublikami’zdi’n’ ten’ huqi’qli’ puqarasi’ boli’wg’a mu’na’sip, degen insanpa’rwarli’k ha’m watanpa’rwarli’q principin ju’zege shi’g’ari’w. Ata-babalari’ yaki wo’zleri wo’tmishdegi tragediyali’ waqi’yalar sebepli shet yelge ketip qali’wg’a ma’jbu’r bolg’an wo’zbekler de biymalel Respublikami’z puqarasi’ boli’wi’ kerek. O’zbekistan aymag’i’ wo’zbeklerdin’ milliy ma’mleketshiligi bolg’an birden-bir aymaq yekenligin itibarg’a ali’p, Respublika wo’zbekler qay jerde jasamasi’n, wolardi’n’ ha’mmesi ushi’n ma’deniy ha’m ma’nawiy woray boli’p qali’wi’ lazi’m;

- azshi’li’qtan ibarat milletlerdin’ ma’pleri ha’m huqi’qlari’n qorg’aw, wolardi’n’ ma’deniyati’, tili, milliy u’rp-a’detleri ha’m da’stu’rlerinin’ saqlani’wi’ ha’m rawajlani’wi’n kepillikli ta’miyinlew, ma’mleket strukturalari’ni’n’ iskerliginde ha’m ja’miyet turmi’si’nda belsendi qatnasi’w;

- bir ideologiyani’n’, bir du’n’yag’a ko’z-qarasti’n’ jekehu’kimranli’g’i’nan qatan’ waz keshiw, siyasiy sho’lkemler, ideologiyalar ha’m pikirler ra’n’-ba’ren’ligin ta’n ali’w. Birde bir ideologiya absolyut haqi’yqatli’qqa dawagerlik qi’li’wi’ mu’mkin yemes. Ma’nawiylik ha’m insanpa’rwarli’q, respublika aymag’i’nda jasap ati’rg’an barli’q xali’qlardi’n’ da’stu’rleri ham u’rp-a’detlerin, dini, tili ha’m ma’deniyati’n hu’rmet yetiw qag’i’ydalari’na u’stinlik beriliwi;

- haqi’yqi’y demokratiyani’n’ za’ru’riy ha’m ni’zamli’ qurami’ si’pati’nda ko’ppartiyali’qti’ a’melde qa’liplestiriw. A’yne payi’tta ha’kimiyatti’ zorawanli’q penen wo’zgertiwdi maqset yetip qoyg’an, respublikani’n’ ma’mleketlik g’a’rezsizligi, aymaqli’q bir pu’tinligi ha’m qa’wipsizligine qarsi’ shi’g’atug’i’n,

milliy ha’m diniy alaawi’zli’qti’ ha’wij aldi’ratug’i’n, konstituciyali’q du’zimge, xali’qti’n’ demokratiyali’q yerkinlikleri ha’m ma’nawiy negizlerine qa’wip salatug’i’n partiyalar ha’m ja’miyetlik ha’reketler ni’zamnan ti’sqari’ boli’wi’ kerek.

Ekonomikali’q tarawda:

- milliy bayli’qti’n’ ko’beyiwin, respublikani’n’ g’a’rezsizligin, adamlardi’n’ mu’na’sip turmi’s ha’m jumi’s sha’rayatlari’n ta’miyinleytug’i’n qu’diretli, turaqli’ ha’m joshqi’n rawajlani’p bari’wshi’ ekonomikani’ payda yetiw;

- socialli’q aspektten bag’darlang’an bazar ekonomikasi’n basqi’shpa-basqi’sh qa’liplestiriw, baslamashi’li’q ha’m isbilermenlikti pu’tkil sharalar menen rawajlandi’ri’w, isbilermenlikke yerkinlik beriw, ta’jiriybeler ha’m ekonomikali’q jan’ali’qlardi’ xoshametlew, ekonomikali’q faktorlar qurali’n iske sali’p, tayarg’a ayyarli’qti’ pu’tkilley saplasti’ri’w;

- menshik iyeleri huqi’qlari’ni’n’ ma’mleketlik jol menen qorg’ali’wi’n ta’miyinlew ha’m barli’q menshik formalari’ni’n’ huqi’qi’y ten’ligin wornati’w. Usi’ tiykari’nda insanni’n’ menshikten jatlasti’ri’lg’anli’g’i’n saplasti’ri’w;

- ekonomikani’ ku’ta’ woraylasti’rmaw ha’mde jekehu’kimranli’qti’ saplasti’ri’w, ka’rxanalar ha’m sho’lkemlerdin’ g’a’rezsizligin ken’eytiw. Ma’mlekettin’ xojali’q iskerligine tikkeley aralasi’wi’ni’nan waz keshiw. Buyri’qpazli’q penen wo’z hu’kimin wo’tkizip, basi’m jasaw, barli’q na’rselerdi to’relershe belgilep, sheklep qoyi’w kibi wo’zin aqlamag’an yeski usi’llardi’ qatan’ saplasti’ri’w. Ekonomikali’q qurallar u’stin statusti’ iyeleydi;

- miynet yetiw, dem ali’w, ha’r ji’lg’i’ haqi’ to’lenetug’i’n dem ali’sqa shi’g’i’w, jumi’ssi’z boli’p qalg’an jag’dayda socialli’q qorg’awg’a bolg’an konstituciyali’q huqi’qti’ a’melge asi’ri’w ushi’n za’rur sha’rt-sha’rayatlar jarati’w. Insanni’n’ turmi’si’n ta’miyinlew ushi’n za’ru’r bolg’an is haqi’, pensiyalar ha’m napaqalardi’n’ kepillengen yen’ kem mug’dari’n yengiziw;

- ta’biyiy resurslardan ayawsi’z paydalani’wg’a, qorshag’an wortali’qqa zi’yan jetkiziliwine ha’m respublikadag’i’ ekologiyali’q jag’daydi’n’ jamanlasi’wi’na jol qoymaw. Basqa ma’mleketlerdin’ qatnasi’wi’nda Araldi’

qutqari'w, Aral boyi'ndag'i' ekologiyali'q jag'daydi' salamatlasti'ri'w boyi'nsha na'tiyjeli shara-ilajlardi' a'melge asi'ri'w, usi' aymaqti'n' ekonomikasi' ha'm socialli'q tarawi'ndag'i' tragediyali' aqi'betlerdi saplasti'ri'w.

Socialli'q ha'm ma'nawiy tarawda:

- insanpa'rwarli'q ideyalari'na sadi'qli'q. Bul ideyalardi'n' joqari' maqseti insan, woni'n wo'miri ha'm shaxsi'y qol qati'lmasli'g'i', yerkinligi, ataq-dan'qi' ha'm qa'dir-qi'mbati', jasaw worni'n tan'law huqi'qi'. O'zbekistanni'n' ku'ndelikli turmi'si'nda insan huqi'qlari'ni'n' Uli'wmaja'han Deklaraciyasi'nda bekkemlengen normalari'n izshillik penen, awi'tqi'may wornati'w;

- ma'nawiyat ha'm a'dep-ikramli'li'qti' qayta tiklew. Xali'qti'n' ma'nawiy miyrasi'na i'qti'yatli'q penen mu'na'sibette boli'w. Siyrek tariyxi'y yesteliklerdi saqlaw ha'm rekonstrukciyalaw, wo'zbek xalqi' jaratqan ha'm milliy bayli'q bolg'an iskusstvo shi'g'armalari'n izlep tabi'w ha'm O'zbekistang'a qaytari'w;

- a'yyemgi ha'm zamanago'y bayli'qlardi', a'debiyat ha'm iskusstvoni' biliw ha'mde kobeytiw. Xali'qti'n' milliy ma'deniyati' ha'm wo'zine ta'nligin an'lati'wshi' qural bolg'an wo'zbek tilin rawajlandi'ri'w, bul tildin' ma'mleketlik statusi'n izshil ha'm toli'q ju'zege shi'g'ari'w, Respublika aymag'i'nda jasawshi' xali'qlardi'n' milliy ma'deniyatlari' ha'm tillerine wo'z-ara hu'rmet penen qatnasta boli'w;

- yerkin pikirlilik, hu'jdan ha'm din yerkinligi qag'i'ydalari'n wornati'w. Bir du'n'yag'a ko'z-qarasti'n' jeke hu'kimranli'g'i' jan'alang'an ja'miyetke jat boli'p tabi'ladi'. Ha'r bir insan wo'z isenimi ha'm dinine a'mel qi'li'p, wo'zinin' diniy ma'resimlerin atqari'w huqi'qi'na iye. Bu'gingi ku'nde din barli'q illetlerden, jalg'an ha'm yekiju'zlilikten pa'kleniwge, joqari' ma'nawiy negizler ha'm ma'nawiy pazi'yletlerdi qayta tiklewge komeklespekte. Islam – ata-babalari'mi'zdi'n' dini, musi'lmanlardi'n' sanasi', turmi'si'ni'n' ma'nis-mazmuni', wo'mirinin' wo'zi. Ma'mleket ha'r bir musi'lman ushi'n muqaddes bolg'an Mekkege haji'li'qqa sapari'na za'ru'r ja'rdem beredi;

- socialli'q a'dalat qag'i'ydalari'n ju'zege shi'g'ari'w, xali'qti'n' yen' nashar qatlamlari' – kekseler, mayi'plar, jetim-jesirler, ko'p balali' shan'araqlar,

woqi’wshi’ jaslardi’n’ ma’mleket ta’repinen socialli’q qorg’awg’a bolg’an kepillikli huqi’qlari’n ta’miyinlew. Yen’ rawajlang’an ma’mleketlerde insandi’ socialli’q qorg’aw sistemasi’ ken’ qollani’ladi’, bug’an wog’ada man’i’zli’ a’hmiyet beriledi, bizin’ sha’rayati’mi’zda bolsa, bul – puqaralar tati’wli’g’i’n saqlap qali’wdi’n’ kepili boli’p tabi’ladi’;

- ha’mme ushi’n maqul sapali’ medicinali’q xi’zmetti ta’miyinlew, anali’q ha’m balali’qti’ qorg’aw, na’resteler wo’limin kemeytiw, adamlar wo’mirin uzayti’w boyi’nsha na’tiyjeli shara-ilajlardi’ a’melge asi’ri’w.

Xali’qqa joqari’ qa’nigeli medicinali’q ja’rdem ali’w formalari’n yerkin tan’law imkaniyatlari’n jarati’w;

- uli’wma bilim ali’w, ka’sipti ha’m tiyisli arnawli’ tayarli’qtan wo’tiwdi yerkin tan’lawda ha’mmege birdey huqi’q beriw. Jan’a demokratiyali’q bilimlendiriw koncepciyasi’n islep shi’g’i’w ha’m a’melge asi’ri’w lazi’m boladi’. Bunda wo’zbek xalqi’ni’n’ ha’m respublika aymag’i’nda jasawshi’ basqa xali’qlardi’n’ milliy, tariyxi’y ha’m ma’deniy da’stu’rleri, ma’nawiy ta’jiriybesi ta’lim xa’m ta’rbiya sistemami’zg’a organikali’q ra’wishte kirgiziliwi za’ru’r;

- do’retiwshiliktin’ barli’q tu’rlerin rawajlandi’ri’w, adamlardi’n’ talanti’ ha’m qa’biletin ju’zege shi’g’ari’wi’ ushi’n sha’rt-sha’rayatlardi’ jarati’w, ma’nawiy menshikti qorg’aw. Adamlar soni’ ani’q ha’m ra’wshan an’lap jetiwi kerek, ma’nawiy potencialdi’ jedel rawajlandi’rmay turi’p, respublikani’n’ haqi’yqi’y g’a’rezsizligin ha’m gu’lleniwin ta’miyinlep bolmaydi’.

Puqaralar ti’ni’shli’g’i’ ha’m milletlerara tati’wli’qti’ ta’miyinlew, ni’zamshi’li’q ha’m huqi’q-ta’rtipti wornati’w mine usi’nday siyasiy, ma’mleketlik ha’m konstituciyali’q du’zimge yerisiw gilti boli’p tabi’ladi’.

Shan’araq - ja’miyettin’ negizi. Bizin’ ma’mleketimizdi de u’lken bir shan’araq dep tu’siniw mu’mkin ha’m kerek. Bunda wo’z-ara hu’rmet ha’m qatti’ tartip bolmasa, shan’araqti’n’ barli’q ag’zalari’ wo’z pari’zlari’n wori’nlamasa, bir-birine iygilik ha’m mehir-aqi’bet ko’rsetpese, wonda jaqsi’ ha’m mu’na’sip ta’rizde jasaw mu’mkin yemes. Shan’araq turmi’s ha’m hu’jdan ni’zamlari’ tiykari’nda quri’ladi’, wo’zinin’ ko’p a’sirlik bekkem ha’m ma’nawiy

tayani’shlari’na iye boladi’, shan’araqta demokratiyali’q negizlerge tiykar sali’nadi’, adamlardi’n’ talap-za’ru’rlikleri ha’m qa’diriyatlari’ qa’liplestiriledi. Wo’zbeklerdin’ basi’m ko’pshiligi wo’zinin’ shaxsi’y pa’rawanli’g’i’ haqqi’nda yemes, ba’lkim shan’arag’i’ni’n’, ag’ayin-tuwi’sqanlari’, jaqi’n-juwi’qlari’ni’n’, qon’si’lari’ni’n’ aman-yesenligi haqqi’nda g’amxorli’qti’ birinshi wori’ng’a qoyadi’. Bul yen’ joqari’ da’rejedegi ma’nawiyat, insan qa’lbinin’ ga’whari’.

G’a’rezsiz wo’zbek ma’mleketi – xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’y tabi’si’. Wo’z ma’mleketi menen maqtani’w ha’m puqaralardi’n’ watanpa’rwarli’g’i’ du’n’yadag’i’ ko’p g’ana ma’mleketlerdin’ aldi’n’g’i’ shi’n’larg’a yerisiwine ja’rdem bergen. Ma’mleketimizdin’ topi’rag’i’nda jasap turg’an ha’m wo’zin watanpa’rwar dep yesaplag’an ha’r bir adam woni’n’ bir pu’tinligi ha’m birligin asi’rap-abaylawi’ sha’rt.

Ha’r bir insanni’n’, a’sirese yendi g’ana wo’mirge qadem qoyi’p kiyati’rg’an jaslardi’n’ sanasi’na sonday pikirdli sin’diriw kerek, wolar wortag’a qoyi’lg’an maqsetlerge yerisiw wo’zlerine baylani’sli’ yekenligin, yag’ni’y bull na’rse wolardi’n’ izshilligi, g’ayrati’, pidayi’li’g’i’ ha’m miynetsu’yiwshiligine baylani’sli’ yekenligin an’lap jetiwleri kerek. A’ne usi’ na’rse ma’mleketimiz ha’m xalqi’mi’zdi’n’ gu’lleniwinin’ tiykarg’i’ sha’rtleri boli’p tabi’ladi’.

Xalqi’ ju’z ji’llar dawami’nda azatli’qti’ arzi’w yetken O’zbekistan haqi’yqi’y g’a’rezsizlikti qolg’a kirgizip, gu’llep-jasnawi’ ha’m pa’rawanli’qqa yerisiwi, rawajlang’an demokratiyali’q ma’mleketler qatari’nda xali’qarali’q ha’mja’miyette mu’na’sip wori’ndi’ iyelewi – biz go’zlep ati’rg’an ulli’ maqset. G’a’rezsiz O’zbekistanni’n’ Konstituciyasi’ buni’n’ huqi’qi’y kepili boli’p xi’zmet yetedi.

G’a’rezsizlik ma’mleketimiz ushi’n rawajlani’wdi’n’ jan’a gorizontlari’n ashti’. «Jan’a u’y qurmay turi’p yeskisin buzba» principine ha’m reformalarg’a tiykarlang’an halda barli’q reformalar hesh qanday jog’alti’wlarsi’z a’melge asi’ri’li’wi’ ha’m jan’a ja’miyet quri’wg’a yerisiwge qarati’li’wi’ lazi’m yedi.

Buri’ng’a awqam ma’mleketlerinen tek O’zbekistan g’ana 1996-ji’ldan baslap u’zliksiz ekonomikali’q pa’tlerdi ta’miyinledi. Yeger 1996-2003 ji’llarda wortasha ekonomikali’q pa’t 4,3 procentti qurag’an bolsa, 2004-ji’ldan baslap wol 7,5-9

procentke artti’. Ha’tteki ekonomikali’q krizisten ko’pshilik ma’mleketler zi’yan shegip ati’rg’an bir payi’tta bizin’ ma’mleketimizde 2008-2012 ji’llarda jalpi’ ishki wo’nim 8,4 procentti quradi’.

2012-ji’lda 1990-ji’lg’a sali’sti’rg’anda jalpi’ ishki wo’nim ko’lemi 4,1 yese artti’ ha’m jan basi’na bolsa 2,8 yese artti’. Bu’gingi kunde O’zbekistan wo’z ekonomikali’q turaqli’li’g’i’n saqlap qalg’an tog’i’z ma’mleket qatari’na kiredi[19].

PrezidentIslam Karimov g’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nan baslap-aq azi’q-awqat g’arezsizligine yerisiwge ayri’qsha itibar qaratti’. Na’tiyjede ma’mleketimizde azi’q-awqat ha’m biyday yerkinligine yerisildi. Wo’tken ji’llar dawami’nda wo’ndiris ko’lemi 7 yesege ko’beygen bolsa, zu’ra’a’tlilik 3 yesege artti’.

Rawajlang’an ma’mleketlerdin’ ta’jiriybelerinen kelip shi’g’i’p. ma’mleketimizdegi wo’nermentshilik da’stu’rleri ha’m basqa da qa’diriyatlari’ni’n’ wori’n alg’anli’g’i’, kishi biznestin’ rawajlani’wi’ ha’m menshiklestiriw procesin a’melge asi’ri’wg’a sebep boldi’.

Bu’gingi ku’nde ma’mleketlik yemes sektorlar mug’dari’ ma’mleketimiz ekonomikasi’nda 83 procentke artti’. Jalpi’ ishki wo’nim strukturasi’nda bolsa kishi biznes ha’m jeke menshik ka’rxanalar 54 procentti quradi’. Derlik 98 procent awi’l xojali’g’i’ wo’nimleri fermerlik ha’m jeke menshik ka’rxanalar yesabi’nan wo’ndirilmekte.

Yen’ tiykarg’i’si’ – kishi biznes ha’m jeke menshik ka’rxanalar baslamashi’ insanlar iskerliginde yerkin a’melge asi’ri’li’wshi’ a’hmiyetli faktorlardi’n’ birine aynali’p, wolardi’n’ bilim ha’m ko’nlikpelerine tayang’an halda, wo’z miynetleri na’tiyjelerinen paydalani’p, ja’miyettin’ uli’wma awhali’ni’n’ jaqsi’lani’wi’na tu’rtki boldi’. Bu’gingi ku’nde jan basi’na isbilermenlik iskerliginen kelip ati’rg’an da’ramat 50 procentti quraydi’[20].

«Wo’zbek modelinin’» tiykarg’i’ aktual principlerinin’ biri ku’shli socialli’q siyasat yesaplanadi’. Bazar reformalari’n a’melge asi’ri’wda usi’ princip ha’tteki yen’ qi’yi’n wo’tiw da’wirinde de wo’z a’hmiyetin jog’altpadi’. G’a’rezsizligi-

[19] Qaran’i’z: http://www.minzdrav.uz/uz/news/detail.php?ID=32994
[20] Qaran’i’z: http://www.minzdrav.uz/uz/news/detail.php?ID=32994

mizdin' da'slepki ji'llari'nda ma'mlekette quramali' demografiyali'q halat ju'zege kelgen yedi. 1991-ji'lg'a kelip ma'mlekette xali'q sani' 20,7 million adamnan arti'q boli'p, 1990-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 386,0 mi'n' adamg'a wo'sken.

Jan'a jumi's wori'nlari'n sho'lkemlestiriw bolsa uli'wma toqtap qalg'an yedi. Bul bolsa 70 ji'l dawami'nda ji'ynali'p kelgen socialli'q mashqalani' ja'ne de ku'sheytip jiberdi. Adamlardi'n' turmi's sharayatlari' jamanlasi'p, jumi'ssi'zlar ko'beyip, socialli'q miynet wo'nimdarli'g'i' ha'm xali'qti'n' da'ramatlari'ni'n' kemeyiwine, aqi'r aqi'betinde xali'qti'n' pa'rawanli'g'i'ni'n' pa'seyiwine ali'p keldi. A'sirese xali'qti'n' 60 procenti jasap ati'rg'an awi'lli'q jerlerde awi'r awhal ju'zege keldi.

«Respublikadag'i' socialli'q jag'daydi'n', adamlardi'n' socialli'q ta'miyinleniwi ha'm wolardi' socialli'q qorg'awdi'n' pu'tkilley qanaatlanarsi'zli'g'i'» wori'n aldi'. «A'sirese, awi'l xalqi'ni'n' kanalizaciya ha'm vodoprovod penen ta'miyinleniwi tek 5 procentti, ishimlik suw menen ta'miyinleniwi sa'lkem 50 procentti, ta'biyiy gaz benen ta'miyinleniwi 17 procentti quraytug'i'n yedi. Xali'qti' u'y-jay, den sawli'qti' saqlaw, ma'deniyat, turmi's xi'zmeti ob'ektleri, mektepler, balalar baqshalari' ha'm basqalar menen ta'miyinlew islerinde ilgerilew sezilmedi»[21].

Ma'mleketimiz basshi'si' baslamasi' menen 2,5 million shan'araq ushi'n aji'rati'lg'an 700 mi'n' gektar wo'nimdar jerler shan'araqlar ushi'n quri'li's jumi'slari'n ali'p bari'wg'a ha'm diyxanshi'li'q penen shug'i'llani'wg'a imkaniyat jaratti'. Bul bolsa bazar ekonomikasi'na wo'tiwde socialli'q turaqli'li'qti' ta'miyinlep, awi'l xalqi'ni'n' turmi's da'rejesin artti'ri'wg'a sebep boldi'.

Mine usi'nda «Reformalar – reforma ushi'n yemes, birinshi na'wbette insan ushi'n» degen princip ilgeri su'rildi. Wo'ytkeni ma'mleketimizde wo'tkizilip ati'rg'an tiykarg'i' reformalardi'n' principleri a'yne insan huqi'qlari' ha'm ma'plerine qarati'lg'an yedi. Ma'mleket usi' siyasatti' a'melge asi'ri'w ushi'n u'lken g'a'rejet jumsamaqta. buni' ma'mleket byudjeti ta'repinen aji'rati'li'p

[21] O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning «O'zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida» kitobini o'rganish bo'yicha o'quv-uslubiy qo'llanma. – T.: 2012, 24-25 betler

ati’rg’an g’a’rejet mug’dari’nda da koriw mu’mkin. Yeger 1990-ji’lda tek 31 procent g’a’rejetler socialli’q tarawg’a qarati’lg’an bolsa, 2012-ji’lg’a kelip 60 procentti quradi’. 34 procenti bilimlendiriw tarawi’na, 15 procenti bolsa den sawli’qti’ saqlaw sistemasi’na qarati’lg’an.

Bilimlendiriw tarawi’ndag’i’ bag’darlama, den sawli’qti’ saqlaw, balalar sporti’n rawajlandi’ri’w, iskusstvo mektepleri, socialli’q infrastruktura, xali’qti’n’ turmi’s sha’rayati’n jaqsi’law ha’m awi’lli’q jerlerde u’lgili joybarlar tiykari’nda turg’i’n u’ylerdin’ quri’li’wi’ xali’qarali’q ja’miyetshilik itibari’n wo’zine tartpaqta. Socialli’q-ekonomikali’q reformalardi’ turaqli’ wo’tkiziw na’tiyjesinde xali’qti’n’ jalpi’ da’ramati’ 12,2 yese artti’. Xali’qti’n’ wortasha jasi’ 67 jastan 73,2 ge artti’.

2014-ji’lda bilimlendiriw tarawi’na aji’rati’lg’an g’a’rejetler jalpi’ ishki wo’nimnin 7,5 procentin, den sawli’qti’ saqlawg’a aji’rati’lg’an g’a’rejetler 3,1 procentin quradi’. Socialli’q napaqalar to’lew, kem ta’miyinlengen shan’araqlarg’a materialli’q ja’rdem beriw, sonday-aq kompensaciya to’lemlerine sari’planatug’i’n g’a’rejetler jalpi’ ishki wo’nimnin’ 1,4 procent mug’dari’n quradi’. JIO’nin’ 1 procentin awi’lli’q jerlerdegi yelatli’ punktlerdi ishimlik suw menen ta’miyinlewge ha’m jan’adan sho’lkemlestirilip ati’rg’an turaq jay massivlerinde socialli’q infrastruktura ob’ektlerin ha’m ishki jollardi’ quri’wg’a bag’darlandi’ri’ldi’. Atap aytqanda awi’lli’q jerlerde u’lgili joybarlar tiykari’nda u’y-jaylar quri’w bag’darlamasi’na ko’re 11000 turaq jay quri’li’si’ ushi’n JIO’ 0,5 procenti mug’lari’nda g’a’rejet aji’rati’ldi’[22]. Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti rawajlandi’ri’w, u’yde woti’ri’p islew (kasanachilik) ha’m shan’araqli’q isbilermenliktin’ ha’r qi’yli’ formalari’n ken’eytiw, sonday-aq, ka’sip-wo’ner kolledjleri ha’m akademiyali’q licey pitkeriwshilerin jumi’sqa wornalasti’ri’w yesabi’nan jumi’s wori’nlari’n sho’lkemlestiriw ha’m xali’qti’n’ ba’ntligin ta’miyinlew bag’darlamasi’ iske asi’ri’lmaqta.

Respublikami’zda ani’q socialli’q bag’darda ha’r bir ji’lg’a at beriliwi ha’m usi’ mu’na’sibet penen ken’ ko’lemli shara-ilajlar qamti’p ali’ng’an Ma’mleketlik

[22] qaran’i’z: http://www.darakchi.uz/article/173

bag’darlamani’n’ qabi’l yetiliwi ku’shli socialli’q siyasatti’ a’melge asi’ri’wdi’n’ biri ko’rinisi boli’p tabi’ladi’. Jaqi’nda tiyisli qarar menen 2015-ji’l «Qariyalardi’ qa’dirlew ji’li’» Ma’mleketlik bag’darlamasi’ tasti’yi’qlandi’. Wonda kekse a’wlad wa’killerinin’ turmi’s da’rejesi ha’m sapasi’n jaqsi’law, wolardi’ materialli’q ha’m ma’nawiy qollap-quwatlaw ko’lemin ken’eytiw, jasi’ u’lken insanlar, a’sirese 1941-1945 ji’llardag’i’ uri’s ha’mde miynet fronti’ veteranlari’na socialli’q, pensiya ta’miynati’ ha’m medicinali’q xi’zmet ko’rsetiwdi jetilistiriw, shan’araq ha’mde ja’miyette jaslardi’ wo’zbek xalqi’ni’n’ ko’p a’sirlik qa’diriyat ha’m da’stu’rleri ruwxi’nda ta’rbiyalawda qariyalardi’n’ worni’n bekkemlew ko’zde tuti’lg’an. Bag’darlamada kekse a’wlad wa’killerin qollap-quwatlaw da’rejesin jan’a basqi’shqa ko’teriw bari’si’nda ani’q shara-ilajlar belgilep berildi[23].

1993-ji’li’ qabi’llang’an «Puqaralardi’n’ ma’mleketlik pensiya ta’miynati’ haqqi’nda» ni’zami’ bolsa O’zbekistan Respublikasi’ puqaralari’ni’n’ qartayg’anda socialli’q ta’miyinleniw boyi’nsha konstituciyali’q huqi’qlari’n ju’zege shi’g’ari’w ta’rtibin belgileydi. Wonda O’zbekistan Respublikasi’ puqaralari’ni’n’ ma’mleket ta’repinen pensiya menen ta’miyinleniw huqi’qi’ bekkemlengen. Usi’ wori’nda atap wo’tiw kerek, bir g’ana 2014-ji’li’ pensiya mug’dari’ da’rejesi 23,2 procent wosti. Ha’zirgi waqi’tta kemnen kem ma’mleketler qatari’nda ma’mleketimizde pensiyag’a aji’rati’latug’i’n g’a’rejettin mug’dari’ wortasha ayli’qti’n’ 41 procentinen zi’yati’n quramaqta.

[23] Qaran’i’z: http://senat.uz/uz/news/2015/04-03-1.html

## III bap boyi’nsha juwmaq

Ma’mleketimizde puqarali’q ja’miyetti quri’w joli’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar socialli’q a’dalat, demokratiya, turaqli’ rawajlani’w ha’m pa’rawanli’q principlerin ta’miyinlewde man’i’zli’ a’hmiyetke iye. Ku’shli socialli’q siyasat O’zbekistanni’n’ wo’z g’a’rezsizlik ha’m rawajlani’w joli’ni’n’ jetekshi principlerinin’ biri yesaplanadi’. Sol sebepli yelimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar tek reformalar ushi’n yemes, insan ushi’n, woni’n’ parawan turi’mi’si’ ushi’n xi’zmet yetpekte.

Ku’shli puqarali’q ja’miyetti quri’w tek g’ana demokratiyali’q reformalardi’ teren’lastiriwdi, huqi’qi’y ma’deniyatti’ joqari’lati’wdi’ yemes, al soni’n’ menen birge xali’qti’ jumi’s penen ta’miyinlewdi, a’sirese, puqaralardi’n’ kem ta’miyinlengen qatlami’n socialli’q qorg’awdi’ ku’sheytiwdi de talap yetedi. Wo’ytkeni, rawajlani’wdi’n’ bu’gingi talabi’ xali’qti’n’ demografiyali’q qurami’n yesapqa alg’an halda kushli socialli’q siyasat ju’rgiziw boli’p tabi’ladi’. Ma’mleketimizde izshillik penen a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an wo’ndiristi modernizaciyalaw, infrastrukturani’ rawajlandi’ri’wdi’n’ negizinde de xali’qti’ jumi’s penen ta’miyinlew, woni’n materialli’q pa’rawanli’g’i’n joqari’lati’w wazi’ypasi’ jatadi’.

## Juwmaq

Ja’miyettin’ socialli’q-ekonomikali’q, siyasiy, ma’nawiy tarawlari’ndag’i’ wo’zgerisler shaxsti’n’ du’n’yag’a ko’z-qarasi’na, ma’nawiyati’na, a’dep-ikramli’li’g’i’na ob’ektiv ta’sir jasaydi’. Bul o’z gezeginde shaxsti’n’ o’zinin’ o’miri, iskerligi menen emes, al oni’n’ basqa adamlar menen qari’m-qatnasi’qlari’nda, baylani’slari’na qati’nasli’ bolg’an jan’a qarama-qarsi’li’qlardi’ keltirip shi’g’aradi’. Bul jan’a qatnasi’qlardi’ ta’rtipke sali’wdi’n’, konfliktlerdi sheshiwdin’ real za’ru’rligi shaxsti’n’ a’dep-ikramli’li’q, ma’nawiy rawajlani’wi’na tu’rtki boladi’. Ma’nawiyat ha’m a’dep-ikramli’li’qti’n’ ma’nis-mazmuni’ni’n’ wo’zi de jan’adan payda bolg’an ja’miyetlik qatnasi’qlardi’, baylani’slardi’ ta’rtipke sali’wdi’n’ tariyxi’y za’ru’rligi menen sha’rtlenedi. Solay eken, g’a’rezsizlikten keyin yelimizde ma’nawiyat ha’m ma’ripat islerine ayri’qsha itibar qarati’li’wi’ bunday qarama-qarsi’li’qlardi’, konfliktlerdi, mashqalalardi’ sheshe alatug’i’n joqari’ ma’nawiyatli’, a’dep-ikramli’ shaxslardi’ ko’plep ta’rbiyalap shi’g’i’w za’ru’rligi menen belgilenedi.

Buri’ng’a awqamni’n’ totalitar rejimi adamlardi’n’ kewiline, jani’na, ruwxi’na i’di’rati’wshi’ ta’sir jasadi’; siyasiy jala, yekiju’zlilik ha’m wo’tirik, wo’z qa’dir-qi’mbati’n jog’alti’w ha’m bo’rttirilip ko’rsetilgen patriotizm, wo’zgelerdin’ pikiri menen woylaw, pikirlerde ha’m is-ha’reketlerde tayar trafaretler, jag’i’mpazli’q penen qulli’q yetiw, ko’semnin’ shaxs kul’ti ha’m turaqli’ qorqi’ni’sh usi’ ta’sir aqi’betinde payda bolg’an illetler. Yeger demokratiya ushi’n woy-pikirdin’ bati’lli’g’i’ ha’m real islerdin’ na’tiyjeliligi kerek bolsa, wonda despotizm ushi’n joqari’dan to’menge shekem ha’mmenin’ ju’yesinen wo’tetug’i’n qorqi’ni’sh ha’m ko’semnin’ yerkine toli’q boysi’ni’wshi’li’q kerek. Wol waqi’tta ha’mmenin’ aqi’li’nda qorqi’ni’sh hu’kimranli’q yetti, barli’q ju’zlerde – isenimsizlik ha’m gu’mansi’raw, wo’z-ara isenim jog’aldi’, ko’pshilikte ar-nami’s ha’m wo’z qa’dir-qi’mbati’ sezimleri ushi’p ketti, adamlar bir-birine isenbey qoydi’, birewler yekinshilerdin’ is-ha’reketleri ha’m woylari’n an’li’di’, wolar ushi’n iz quwi’wshi’, gu’wa ha’m sud’ya boldi’. Mine usi’layi’nsha wo’zgenin’ yerkine ha’m xali’qti’n’ ruwxi’ ushi’n jat bolg’an ni’zamlar ha’m ma’mleketlik

ma’kemelerge boysi’ni’w a’deti qa’liplesti. SHaxs kul’ti da’wirinde ju’z bergen wo’zgerislerdi su’wretlew ushi’n G. Gegeldin’ so’zlerin paydalani’w wori’nli’: «Wo’z iskerliginin’ na’tiyjesi si’pati’ndag’i’ ma’mleket obrazi’ puqarani’n’ ju’reginen jog’aldi’… puqaralardi’n’ az g’ana sani’na ma’mleketlik mashinani’ basqari’w tapsi’ri’ldi’ ha’m bul puqaralar tek g’ana jeke shesteryonkalar si’pati’nda xi’zmet yetip, wo’zinin’ basqalar menen dizbeklesiwinde g’ana ma’niske iye boldi’»[24].

Adamlardi’n’ moralli’q si’ni’wi’, woylawdi’n’ totalitarli’q stereotipleri a’stenlik penen saplasti’ri’ladi’, al geyparalarda bolsa wolar wo’z iyesi menen birge wol du’n’yag’a birge ketedi. Demokratiya na’wsheleri yendi ko’gerip kiyati’rg’an jan’a sha’rayatlarda adamlar birde pikirdin’, isenimnin’ ha’m minez-quli’qti’n’ tuwri’li’g’i’na, ma’rtligine, mustaqi’lli’g’i’na ha’m qari’m-qatnasi’qta isenimge iye bola almaydi’.

Lekin kewildin’, ruwxti’n’ jan’alani’wi’ ju’z bermegeninshe demokratiyali’q huqi’qi’y ja’miyetti quri’w minnetli tu’rde u’lken qi’yi’nshi’li’qlar, ha’r qi’yli’ recidivler ha’reketi menen dus keledi. Ha’m bug’an tu’siniw menen qatnas jasaw kerek: du’n’yag’a ko’z-qarasti’n’, isenimlerdin’ si’ni’wi’ – na’zik ha’m qi’yi’n is.

Huqi’qi’y ma’mleket, puqarali’q ja’miyet quri’wda a’dalat, socialli’q a’dalat principlerinin’ a’melge asi’ri’li’wi’ man’i’zli’ a’hmiyetke iye. Socialli’q a’dalat ja’miyettin’ materialli’q ha’m ma’nawiy jetikligi da’rejesinen kelip shi’g’atug’i’n, ha’r qi’yli’ socialli’q birlesikler ha’m individlerdin’ turmi’sli’q awhallari’ndag’i’ ten’lik ha’m ten’sizlik wo’lshemin an’latatug’i’n kategoriya boli’p tabi’ladi’. A’dalat, adamlardi’ ha’m wolardi’n’ is-hareketlerin sali’sti’ra woti’ri’p, adamlardi’n’ biri-birinen nelerde ten’ boli’wi’, al nelerde bir birinen pari’qlani’wi’ mumkinligi ha’m lazi’mli’g’i’n ani’qlap beredi. Ulli’ rus filosofi’ I.A.Il’innin’ so’zleri menen aytatugi’n bolsaq, «a’dalat ten’sizlik iskusstvosi’. Woni’n’ tiykari’nda adam individualli’g’i’na ha’m turmi’sli’q pari’qlarg’a di’qqat jatadi’».

Izertlewlerimiz na’tiyjesinde to’mendegilerdi usi’ni’s yetemiz:

---

[24] Гегель Г.В.Ф. Работы разных лет. – М.: 1970. Т. 1. 188-bet.

1. Bolashaq qa’nigelerdin’ siyasiy-huqi’qi’y, ma’nawiy-moralli’q bilim da’rejesin, socialli’q belsendiligin artti’ri’w maqsetinde joqari’ woqi’w wori’nlari’ ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’q isleri, ziyrek talabalar menen islesiw bo’limleri qasi’nda turaqli’ ha’reket yetiwshi diskussiya klublari’n sho’lkemlestiriw.

2. «Milliy ideya, ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha’m huqi’q ta’limi» ta’lim bag’dari’ talabalari’ni’n’ woqi’w a’meliyatlari’ bag’larlamalari’na puqaralardi’n’ wo’zin-wo’zi basqari’w organlari’ arqali’ a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an socialli’q siyasat bag’darlari’n teren’ u’yreniw ha’m wolarda talabalardi’n’ belsendi qatnasi’wi’n sho’lkemlestiriw wazi’ypalari’n kirgiziw ha’m a’melge asi’ri’w.

Juwmaqlay woti’ri’p soni’ ayti’w kerek, siyasatti’n’ ruwxi’yli’q penen baylani’si’ joqari’ ruwxi’yli’q tiykari’na quri’lg’an siyasatti’n’ ja’miyet rawaji’na ha’m turaqli’li’g’i’na ali’p keliwinde korinedi. Tek beligi bir ku’shler ha’m toparlar hu’kimranli’g’i’n ta’miyinlewge, xali’q massasi’ ma’plerine qayshi’ ham usi’ tiykardag’i’ ma’plerdi qorg’awshi’ du’zimdi saqlap qali’wg’a qarati’lg’an siyasat - a’dalatsi’z, ruwxi’yli’qtan ju’da bolg’an basqari’w usi’li’ ha’m qurali’ boli’p tabi’ladi’. Bul siyasatti’n’ ja’miyet ha’m ma’mleket ko’lemindegi hu’kimranli’g’i’ insan huqi’qlari’ni’n’ ayaq asti’ yetiliwine, materialli’q ha’m ruwxi’y bayli’qlardi’n’ talan-taraj qi’li’ni’wi’na, zorli’q, nadanli’q, teginxorli’q, wo’z lawazi’mi’nan g’a’rezli niyetlerde paydalani’w, paraxorli’q kibi ruwxi’y jarli’lasi’w formalari’ni’n’ ju’zege keliwine sebep boladi’.

Joqari’ ruwxi’y qa’diriyatlarg’a quri’lg’an siyasat bolsa, yen’ da’slep, insan zati’n uli’g’law, woni’n’ materialli’q ha’m ruwxi’y ma’plerin qorg’aw, ma’mlekette ti’ni’shli’q, turaqli’li’qti’ ta’miyinlewge qarati’lg’an boli’p tabi’ladi’. Ilim, ag’arti’wshi’li’q, ma’deniyat, texnika, texnologiyani’ rawajlandi’ri’w, puqaralardi’n’ zamanago’y bilimlerdi iyelewine ken’ jol ashi’w, wolar haqqi’nda g’amxorli’q qi’li’wg’aqarati’lg’an siyasat joqari’ ruwxi’y qa’diriyatlarg’a tiykarlang’an basqari’w yesaplanadi’. Bunday siyasatti’n’ ruwxi’yli’q penen baylani’sli’ ta’repi sonda, wol wori’n alg’an mashqalalardi’ sheshiwde ha’r qanday ni’zamsi’z is-ha’reketlerdin’ aldi’n ali’wg’a, yen’ quramali’, tarti’sli’

mashqalalardi’ da so’ylesiwler, ta’replerdin’ konsensusi’ arqali’ sheshiwge ja’rdem beredi.

Ha’r qanday siyasatti’n’ ma’nis-mazmuni’nda ja’miyet, xali’q ha’m insanni’n’ ma’deniy, ma’nawiy iskerligi, umti’li’si’ sa’wlelense g’ana, wol xali’q ta’repinen qollap-quwatlanadi’. Qaysi’ ma’mlekette ruwxi’yli’q joqari’ da’rejege ko’terilip, wol haqqi’nda g’amxorli’q ma’mleket siyasati’ da’rejesine koterilgen bolsa, sol ma’mlekette ti’ni’shli’q, turaqli’li’q ju’zege keledi, ilim-bilim, ma’deniyat, ag’arti’wshi’li’q rawajlanadi’, xali’qti’n’ pa’rawanli’g’i’ artadi’.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi

### I. O'zbekistan Respublikasi' ni'zamlari'


1. O'zbekiston Respublikasi Konstituciyasi. – T.: «O'zbekiston», 2012.
2. O'zbekiston Respublikasining «O'zbekiston Respublikasida yoshlarga oid davlat siyosatining asoslari t'og'risida»gi qonuni. – T.: 1991 yil, 20 noyabr', 429-XII-son


### II. O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti pa'rmanlari' ha'm qararlari', Ministrler Kabinetinin' qararlari'


1. O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «Respublika «Ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q» ja'miyetlik worayi'n sho'lkemlestiriw haqqi'nda»g'i' 1994-ji'l 23-aprel'degi PF-842-sanli' Pa'rmani'.
2. O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «Ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'w-shi'li'q» ja'miyetlik worayi' iskerligin ja'nede jetilistiriw ha'm na'tiyjeliligin asi'ri'w haqqi'nda»g'i' 1996-ji'l 9-sentyabr'degi PF-1559-sanli' Pa'rmani'.
3. O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «Respublika «Ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q» Ken'esin qollap-quwatlaw haqqi'nda»g'i' 1999-ji'l 3-sentyabr'degi PF-2385-sanli' Pa'rmani'.
4. O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «Milliy ideyani' u'git-na'siyatlaw ha'm ruwxi'yli'q-ag'arti'wshi'li'q jumi'slardi'n' na'tiyjeliligin artti'ri'w tuwrali'» 2006-ji'l 25-avgusttegi PQ-451-sanli' Qarari'.
5. O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «O'zbekistan Respublikasi'nda jaslarg'a baylani'sli' ma'mleketlik siyasati'n a'melge asi'ri'wg'a qarati'lg'an qosi'msha shara-ilajlar haqqi'nda»g'i' PQ-2124-sanli' Qarari'
6. O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' «Respublika «Ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q» ja'miyetlik worayi'n sho'lkemlestiriw haqqi'nda»g'i' 1994-ji'l 8-iyun'dag'i' 288-sanli' qarari'.
7. O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' «Ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q reformalari'n ja'nede teren'lestiriw ha'm woni'n' na'tiyjeliligin asi'ri'w is-ila'jlari' haqqi'nda»g'i' 1998-ji'l 24-iyul'dag'i' 311-sanli' qarari'.

**III. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimov shi’g’armalari’**

1. Karimov I.A. O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. – T.: «O’zbekiston», 2011
2. Karimov I.A. Yuksak ma’naviyau – yengilmas kuch. – T.: «Ma’naviyat», 2008.
3. Karimov I.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot – pirovard maqsadimiz. - T.: «O’zbekiston» 2000.
4. Karimov I.A. O’z kelajagimizni o’z qo’limiz bilan qurmoqdamiz. - T.: «O’zbekiston» 1999.

**IV. Tiykarg’i’ a’debiyatlar**

1. Aliqulov X. Gumanistik meros va shaxs ma’naviy kamoloti. –T.: «Falsafa va huquq», 2006
2. Bazarbaev J. Milliy ideya – bizin’ ideyami’z. - No’kis, «Bilim», 2003
3. Bazarbaev J. Ruwxi’yati’mi’z marjanlari’ yamasa u’lgili yel u’lkenin, ko’regenli yel wo’tkenin qa’sterleydi. - No’kis, «Bilim», 2008
4. Bazarbaev J. Milliy ideya – jol ko’rsetiwshi juldi’z. - No’kis: «Qaraqalpaqstan», 2011
5. Begmatov A., Rustamova R. Milliy g’oya targ’iboti va madaniy-ma’rifiy tadbirlar. – Toshkent, «Ma’naviyat», 2007.
6. Bekmurodov A.SH. Ma’naviy-ma’rifiy faoliyat: ustuvor masalalar va innovaciyalar. -T.: TDIU, 2005.
7. Begmatov A. Ma’naviyat falsafasi. –T.: «Sharq», 2000;
8. Давыдович В.Е. Социальная справедливость: идеал и принцип деятельности. – М.: 1989.
9. Imomnazarov M. Milliy ma’naviyatimiz asoslari. –T.: «O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti», 2006.
10. Ильин И.А. Наши задачи. Париж-М.: 1992.
11. Крижанич Ю. Политика. – М.: 1997.
12. Mahmudov T. Mustaqillik va ma’naviyat. –T.: «Sharq», 2001

13. Ma’naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug’ati. – T.: G’.G’ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2009
14. Milliy istiqlol g’oyasi: O’zbekiston Respublikasi Oliy ta’lim bakalavr bosqichi uchun darslik. – T.: «Akademiya» nashriyoti, 2005.
15. Монтескье Ш. Избранные произведения. – М.: 1955
16. Ruwxi’li’q tiykarlati’. - No’kis: 2009
17. Спиркин А.Г. Философия. http://www.gumer.info/bogoslov_Buks/Philos/Spirk/66.php
18. Shayxova X. Ma’naviyat va sog’lom avlod kamoloti. – T.: «Akademiya», 2006
19. Шопенгауэр А. Мир как воля и представление. Афоризмы и максимы. Новые афоризмы. – М.: 1998.
20. Quronov M. Milliy tarbiya. – Toshkent, «Ma’naviyat». 2007.
21. Erkaev A. Tafakkur erkinligi. – Toshkent, «Ma’naviyat». 2007.
22. Энциклопедия мысли. – Симферополь, 1999
23. O’zbekiston Respublikasi’ Prezidenti Islom Karimovning «O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida» kitobini o’rganish bo’yicha o’quv-uslubiy qo’llanma. – T.: 2012

## V. Qosi’msha a’debiyatlar

1. Ametov A. A’dalat – ruwxi’y qa’diriyat. A’jiniyaz ati’ndag’i’ NMPI «2014-ji’l – Salamat bala ji’li’na bag’i’shlang’an jas ilimpazlardi’n’ ilimiy maqalalari’toplami’». - No’kis, 2014. 57-bet
2. Ametov A. Insaniyat tariyxi’nda siyasatti’n’ a’dep-ikramli’li’q normalari’ menen baylani’si’. «Qaraqalpaqstanni’n’ yen’ jan’a tariyxi’ni’n’ a’hmiyetli mashqalalari’» atamasi’ndag’i’ konferenciya materiallari’. - No’kis, QMU. 2014. 82-84 betler
3. Ametov A. Ku’shli socialli’q siyasat – ja’miyet tayani’shi’. A’jiniyaz ati’ndag’i’ NMPI «2015-ji’l – kekselerdi qa’dirlew ji’li’na bag’i’shlang’an jas ilimpazlardi’n’ ilimiy maqalalari’toplami’». - No’kis, 2015. 110-bet
4. Jaksimov I. Respublikami’zda ma’nawiy-ma’ripiy woraydi’n’ payda boli’w za’ru’rligi ha’m qa’liplesiw basqi’shlari’. //Akademik Jumanazar

Bazarbaevti’n’ 80 ji’lli’gi’na bag’i’shlang’an «Ruwxi’y qa’diriyatlar – milliyliktin’ wo’zegi» atamasi’ndag’i’ respublikali’q ilimiy-teoriyali’q konferenciya materiallari’. – No’kis, NMPI, 2013, 51-53 betler

5. Ильин И.А. О справедливости.// Народное образование. – 1993. - №1
6. Komilov N. Tafakkur karvonlari. –T.: «Ma’naviyat», 1998;
7. Mahkamov U. Axloq-odob saboqlari. –T.: «Fan», 1994;
8. Nazarov Q. Qadriyatlar falsafasi (aksiologiya). – T.: 2004
9. Usnatdinov Sh. Ma’nawiyat sabaqlari’. - No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2010
10. Kahhorova M. Ma’naviy ideal. – T.: «Ma’naviyat», 2008

## VI. Internet saytlari’

1. www.ziyonet.uz
2. http://www.lex.uz
3. http://dilib.uz
4. http://senat.uz/uz/news/2015/04-03-1.html
5. http://www.darakchi.uz/article/173
6. http://www.minzdrav.uz/uz/news/detail.php?ID=32994

## Qosi'mshalar

Dissertaciya temasi' menen baylani'sli' ma'selelerdi woqi'ti'w boyi'nsha «Ruwxi'yli'q tiykarlari'» paninen AL ha'm KO'K ushi'n sabaq islenbeleri

### SABAQ REJESI №1

**Woqi' predmetinin' ati' «Ruwxi'yli'q tiykarlari'»**
**Tema:** Demokratiyali'q ja'miyettin' qa`liplesiwinde ruwxi'yli'qti'n` worni'
**Sabaq tu'ri :** teoriyali'q **Sabaq ko'rinisi:** lekciya
**Sabaqqa aji'rati'lg'an waqi't mug'dari':** 80 **minut**
**Sabaq maqsetleri:**

**a) ta'limlik:** Yerkin puqara, azat shaxsti' qa'liplestiriwden maqset ha`m wazi'ypalardi'n` ma`nis-mazmuni'n, ma'mleketimizde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' na'tiyjeliligi xali'q ruwxi'yli'g'i'ni'n' tikleniwi menen tikkeley baylani'sli'li'g`i' haqqi'nda bilimler, ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw;

**b) ta'rbiyali'q:** Woqi'wshi'larda milliy ar-nami's, milliy maqtani'sh, ana tiline muhabbat, juwapkershilik kibi joqari' ruwxi'y pazi'yletlerdi ta`rbiyalaw;

**v) rawajlandi'ri'wshi':** Woqi'wshi'lardi'n` analizlew, sali'sti'ri'w, juwmaq shi'g`ari'w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletlerin wo`siriw

**Sabaqtan ku'tilip ati'rg'an na'tiyjeler – temani' wo'zlestirgennen son' woqi'wshi'lar to'mendegi bilim ha'm ko'nlikpelerge iye boladi':**

1. Yerkin puqara, azat shaxsti' qa'liplestiriwden maqset ha`m wazi'ypalardi'n` ma`nis-mazmuni'n, ma'mleketimizde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' na'tiyjeliligi xali'q ruwxi'yli'g'i'ni'n' tikleniwi menen tikkeley baylani'sli'li'g`i' haqqi'nda bilimler, ko`nlikpeleri qa`liplesedi;
2. Milliy ar-nami's, milliy maqtani'sh, ana tiline muhabbat, juwapkershilik kibi joqari' ruwxi'y pazi'yletlerge umti'li'si' qa`liplesedi, rawajlanadi';
3. Analizlew, sali'sti'ri'w, juwmaq shi'g`ari'w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletleri artadi'.

**Ta'lim metodlari', texnikasi':** awi'zeki metodlar (bayan yetiw, sa`wbet); aqi'li'y hu`jim

**Bahalaw kriteriyasi':** Woqi'wshi'lardi'n` bilim, ko`nlikpe, yeplilikleri da`rejesi 5 balli'q sistemada, to`mendegi wo`lshemler tiykari'nda bahalanadi'

| | |
|---|---|
| Ayri'qsha | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi toli'q wo`zlestirse; yerkin pikirley alsa; temani'n` a`hmiyetin tu`sinip, woni' mi'sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wo`z waqti'nda, toli'q, sapali', do`retiwshilik penen wori'nlasa |
| Jaqsi' | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirse; temani'n` a`hmiyetin tu`sinip, woni' mi'sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wo`z waqti'nda, sapali' wori'nlasa |
| qanaatla-narli' | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi haqqi'nda ko`z-qarasqa iye bolsa; temani'n` a`hmiyetin tu`sinse. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wo`z waqti'nda, biraq ayi'ri'm kemshilikler menen wori'nlasa |
| Qanaatla-narsi'z | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirmese; temani'n` a`hmiyetin tu`sinbese. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wori'nlamasa |

**Axborot derekleri ha'm texnikali'q qurallar:**

O`zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. – T.: 2010

Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. - T.: «Sharq», 1998

Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch. – T.: «Ma`naviyat», 2008

Ma`naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug`ati. –T.: «G`.G`ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi», 2009

**I. Aktuallasti'ri'w**

**a) tayani'sh tu'sinik ha'm is–ha'reket usi'llari':** demokratiya, milliy ha`m ma`mleketlik til, ruwxi'y qa`diriyatlar, shaxs ha`m ja`miyet, shaxs ha`m ma`mleket, «Aqi'li'y hu`jim».

**b) Wo'z betinshe jumi's:** «Venn diagrammasi'» usi'li'nda huqi'qi'y ma`mleket ha`m puqarali'q ja`miyet wortasi'ndag`i' baylani'slardi' sali'sti'rmali' analizlew



**II. Jan'a tu'sinik ha'm is-ha'reket usi'llari'n qa'liplestiriw**

**a) qa'liplestiriletug'n tu'sinikler ha'm ha'reket usi'llari':** Yerkin puqara, azat shaxs, prezidentlik basqari'w, ma`mleketlik til, milliy qa`diriyatlardi'n` tikleniwi, wo`zlikti an`law, du`n`yali'q ma`mleket ha`m din, du`n`yali'q ha`m diniy qa`diriyatlar, shaxs ha`m ma`mleket, socialli'q a`dalat, puqaralar ten`ligi, ma`mleket ha`m ma`mleketlik yemes sho`lkemler; slayd

**b) Tiykarg'i' ha'm yekinshi da'rejeli mashqalalar:** Tiykarg`i' mashqalalar – Demokratiyali'q ja`miyetti qa`liplestiriwde ruwxi'yli'qti'n` worni'; Yerkin puqara ha`m azat shaxs ruwxi'yli'g`i'n qa`liplestiriw; Yekinshi da`rejeli mashqalalar – Milliy ham diniy qa`diriyatlari'mi'zdi' qayta tiklew; Ma`mleketlik yemes ja`miyetlik sho`lkemler iskerliginin` demokratiyali'q ja`miyetti qa`liplestiriwdegi a`hmiyeti

**III. Qollani'w yamasa bekkemlew basqi'shi'**

**a) Wo'z betinshe jumi's tu'ri: Sorawlarg`a juwap beriw**

1. Demokratiyani' degen ne?
2. Wo`zin`izdin` demokratiyali'q ja`miyettegi worni'n`i'zdi' ta`riyplep berin`
3. Ne ushi'n demokratiya zamanago`y rawajlani'wdi'n` yen` abzal joli'?

**b) Pa'nler arali'q baylani's:** Tariyx, Adam ham jamiyet, filosofiya, dintani'w

**U'yge tapsi'rma:** Temani' wo`z-lestiriw, «Men demokratiyani' qalay tu`sinemen» temasi'nda shi'g`arma jazi'w

## SABAQ REJESI №2

**Woqi' predmetinin' ati' «Ruwxi'yli'q tiykarlari'»**

**Tema:** Demokratiyali'q ja'miyettin' qa`liplesiwinde ruwxi'yli'qti'n` worni'

**Sabaq tu'ri :** a'meliy **Sabaq ko'rinisi:** seminar

**Sabaqqa aji'rati'lg'an waqi't mug'dari':** 80 **minut**

**Sabaq maqsetleri:**

**a) ta'limlik:** Yerkin puqara, azat shaxsti' qa'liplestiriwden maqset ha`m wazi'ypalardi'n` ma`nis-mazmuni'n, ma'mleketimizde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' na'tiyjeliligi xali'q ruwxi'yli'g'i'ni'n' tikleniwi menen tikkeley baylani'sli'li'g`i' haqqi'nda bilimler, ko`nlikpelerdi bekkemlew;

**b) ta'rbiyali'q:** Woqi'wshi'larda milliy ar-nami's, milliy maqtani'sh, ana tiline muhabbat, juwapkershilik kibi joqari' ruwxi'y pazi'yletlerdi ta`rbiyalaw;

**v) rawajlandi'ri'wshi':** Woqi'wshi'lardi'n` analizlew, sali'sti'ri'w, juwmaq shi'g`ari'w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletlerin wo`siriw

**Sabaqtan ku'tilip ati'rg'an na'tiyjeler – temani' wo'zlestirgennen son' woqi'wshi'lar to'mendegi bilim ha'm ko'nlikpelerge iye boladi':**

1. Yerkin puqara, azat shaxsti' qa'liplestiriwden maqset ha`m wazi'ypalardi'n` ma`nis-mazmuni'n, ma'mleketimizde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' na'tiyjeliligi xali'q ruwxi'yli'g'i'ni'n' tikleniwi menen tikkeley baylani'sli'li'g`i' haqqi'nda bilimler, ko`nlikpeleri bekkemlenedi;
2. Milliy ar-nami's, milliy maqtani'sh, ana tiline muhabbat, juwapkershilik kibi joqari' ruwxi'y pazi'yletlerge umti'li'si' qa`liplesedi, rawajlanadi';
3. Analizlew, sali'sti'ri'w, juwmaq shi'g`ari'w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletleri artadi'.

**Ta'lim metodlari', texnikasi':** awi'zeki metodlar (bayan yetiw, sa`wbet); venn diagrammasi', demonstraciya

**Bahalaw kriteriyasi':** Woqi'wshi'lardi'n` bilim, ko`nlikpe, yeplilikleri da`rejesi 5 balli'q sistemada, to`mendegi wo`lshemler tiykari'nda bahalanadi'

| | |
|---|---|
| Ayri'qsha | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi toli'q wo`zlestirse; yerkin pikirley alsa; temani'n` a`hmiyetin tu`sinip, woni' mi'sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wo`z waqti'nda, toli'q, sapali', do`retiwshilik penen wori'nlasa |
| Jaqsi' | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirse; temani'n` a`hmiyetin tu`sinip, woni' mi'sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wo`z waqti'nda, sapali' wori'nlasa |
| qanaatla-narli' | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi haqqi'nda ko`z-qarasqa iye bolsa; temani'n` a`hmiyetin tu`sinse. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wo`z waqti'nda, biraq ayi'ri'm kemshilikler menen wori'nlasa |
| Qanaatla-narsi'z | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirmese; temani'n` a`hmiyetin tu`sinbese. Tema boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slardi' wori'nlamasa |

**Axborot derekleri ha'm texnikali'q qurallar:**

O`zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. – T.: 2010

Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. - T.: «Sharq», 1998

Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch. – T.: «Ma`naviyat», 2008

Ma`naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug`ati. –T.: «G`.G`ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi», 2009

**I. Aktuallasti'ri'w**

**a) tayani'sh tu'sinik ha'm is–ha'reket usi'llari':** demokratiya, milliy ha`m ma`mleketlik til, ruwxi'y qa`diriyatlar, shaxs ha`m ja`miyet, shaxs ha`m ma`mleket, «Aqi'li'y hu`jim».

**b) Wo'z betinshe jumi's:** «Venn diagrammasi'» usi'li'nda du`n`yali'q ha`m diniy ma`mleketti sali'sti'ri'w



**II. Jan'a tu'sinik ha'm is-ha'reket usi'llari'n qa'liplestiriw**

**a) qa'liplestiriletug'n tu'sinikler ha'm ha'reket usi'llari':** Yerkin puqara, azat shaxs, prezidentlik basqari'w, ma`mleketlik til, milliy qa`diriyatlardi'n` tikleniwi, wo`zlikti an`law, du`n`yali'q ma`mleket ha`m din, du`n`yali'q ha`m diniy qa`diriyatlar, shaxs ha`m ma`mleket, socialli'q a`dalat, puqaralar ten`ligi, ma`mleket ha`m ma`mleketlik yemes sho`lkemler; slayd

**b) Tiykarg'i' ha'm yekinshi da'rejeli mashqalalar:** Seminar jobasi' tiykari'nda woqi'w mashqalalari'n analizlew

1. Yerkin puqara ma`nawiyati'
2. Ana tili – millet ruwxi'.
3. Wozlikti an`law tariyxtan baslanadi'
4. Shaxs ha`m ma`mleket.
5. Ja`miyettin` demokratiyalasi'wi'nda ruwxi'yli'qti'n` worni'

**III. Qollani'w yamasa bekkemlew basqi'shi'**

**a) Wo'z betinshe jumi's tu'ri:** Tema boyi'nsha videoroliklerdi tamashalaw ha`m to`mendegi sorawlarg`a juwap beriw

1. Yelimizde dinge mu`na`sibet qanday?
2. Hu`jdan yerkinligi degen ne?

**b) Pa'nler arali'q baylani's:** Tariyx, Adam ham jamiyet, filosofiya, dintani'w

**U'yge tapsi'rma:** Temani' wo`zlestiriw, tema boyi'nsha soraw-juwapqa tayarlani'w

## SABAQ REJESI №3

**Woqi’ predmetinin’ ati’ «Ruwxi’yli’q tiykarlari’»**

**Tema:** Ja’miyet progresinde reformalar ha`m wolardi’n` wo`lshemleri

**Sabaq tu’ri :** teoriyali’q **Sabaq ko’rinisi:** lekciya

**Sabaqqa aji’rati’lg’an waqi’t mug’dari’:** 80 **minut**

**Sabaq maqsetleri:**

**a) ta’limlik:** Rawajlani’wdi’n` wo`zbek modeli, reformalar reforma ushi’n yemes, yen` da`slep insan ushi’n principi haqqi’nda ken` qamrawli’ bilimler, ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw;

**b) ta’rbiyali’q:** Woqi’wshi’larda baslamashi’li’q, socialli’q belsendilik, juwapkershilik, socialli’q a`dalatqa umti’li’wshi’li’q kibi joqari’ pazi’yletlerdi ta`rbiyalaw;

**v) rawajlandi’ri’wshi’:** Woqi’wshi’lardi’n` analizlew, sali’sti’ri’w, juwmaq shi’g`ari’w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletlerin wo`siriw

**Sabaqtan ku’tilip ati’rg’an na’tiyjeler – temani’ wo’zlestirgennen son’ woqi’wshi’lar to’mendegi bilim ha’m ko’nlikpelerge iye boladi’:**

1. Rawajlani’wdi’n` wo`zbek modeli, reformalar reforma ushi’n yemes, yen` da`slep insan ushi’n principi haqqi’nda ken` qamrawli’ bilimler, ko`nlikpeleri qa`liplesedi;

2. Baslamashi’li’q, socialli’q belsendilik, juwapkershilik, socialli’q a`dalatqa umti’li’wshi’li’q kibi joqari’ ruwxi’y pazi’yletlerge umti’li’si’ qa`liplesedi, rawajlanadi’;

3. Analizlew, sali’sti’ri’w, juwmaq shi’g`ari’w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletleri artadi’.

**Ta’lim metodlari’, texnikasi’:** awi’zeki metodlar (bayan yetiw, sa`wbet); aqi’li’y hu`jim

**Bahalaw kriteriyasi’:** Woqi’wshi’lardi’n` bilim, ko`nlikpe, yeplilikleri da`rejesi 5 balli’q sistemada, to`mendegi wo`lshemler tiykari’nda bahalanadi’

| | |
|---|---|
| Ayri’qsha | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi toli’q wo`zlestirse; yerkin pikirley alsa; temani’n` a`hmiyetin tu`sinip, woni’ mi’sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wo`z waqti’nda, toli’q, sapali’, do`retiwshilik penen wori’nlasa |
| Jaqsi’ | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirse; temani’n` a`hmiyetin tu`sinip, woni’ mi’sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wo`z waqti’nda, sapali’ wori’nlasa |
| qanaatla-narli’ | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi haqqi’nda ko`z-qarasqa iye bolsa; temani’n` a`hmiyetin tu`sinse. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wo`z waqti’nda, biraq ayi’ri’m kemshilikler menen wori’nlasa |
| Qanaatla-narsi’z | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirmese; temani’n` a`hmiyetin tu`sinbese. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wori’nlamasa |

**Axborot derekleri ha’m texnikali’q qurallar:**

Karimov I.A. O`zbekiston o`z yangilanish va taraqqiyot yo`li. – T.: 1992

Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch. – T.: «Ma`naviyat», 2008

Ma`naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug`ati. –T.: «G`.G`ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi», 2009

**I. Aktuallasti’ri’w**

**a) tayani’sh tu’sinik ha’m is–ha’reket usi’llari’:** reformalar, wo`tiw da`wiri, menshiklestiriw, huqi’qi’y ma`mleket, demokratiyali’q ja`miyet; Sa`wbet, «Aqi’li’y hu`jim».

**b) Wo’z betinshe jumi’s:** O`zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n` preambulasi’ menen tani’si’w ha`m wondag`i’ bayan yetilgen pikirlerdin` sabaq temasi’ ideyalari’ menen baylani’si’n ani’qlaw

**II. Jan’a tu’sinik ha’m is-ha’reket usi’llari’n qa’liplestiriw**

**a) qa’liplestiriletug’n tu’sinikler ha’m ha’reket usi’llari’:** ekonomikani’n` siyasattan u`stinligi, ma`mleket - bas reformator, ja`miyettin` barli’q tarawlari’nda ni’zamni’n` u`stinligi, ku`shli socialli’q siyasat, bazar qatnasi’qlari’na basqi’shpa-basqi’sh wo`tiw, insan faktori’, ruwxi’yli’q, ja`miyet rawaji’ ha`m qa`wipsizligi; slayd

**b) Tiykarg’i’ ha’m yekinshi da’rejeli mashqalalar:** Tiykarg`i’ mashqalalar - O`zbekistanni’n` ja`miyetti jan`alaw ha`m yelimizdi rawajlandi’ri’wdi’n` wo`zine say ha`m wo`zine ta`n joli’; Reformalardi’g`i’ insan ma`pinin` sa`wleleniwi; Yekinshi da`rejeli mashqalalar – Bazar qatnasi’qlari’ni’n` jaslar ma`nawiyati’na ta`siri; Ja`miyet rawaji’ ha`m qa`wipsizligin ta`miyinlew.

**III. Qollani’w yamasa bekkemlew basqi’shi’**

**a) Wo’z betinshe jumi’s tu’ri:** «Wo`zbek modeli» temasi’nda prezentatsiya tayarlaw

**b) Pa’nler arali’q baylani’s:** Tariyx, Adam ham jamiyet, filosofiya, dintani’w, milliy ideya

**U’yge tapsi’rma:** Temani’ wo`zlestiriw, «Qaraqalpaqstan bu`gingi ku`nde» temasi’nda gazeta materiallari’na sholi’w tayarlaw.